Дагъисталалъул адабият

16+

ISSN 0235-0130

# Гьудуллъи

ЛИТЕРАТУРИЯБГУН ХУДОЖЕСТВИЯБ ВА ЖАМГІИЯБГУН ПОЛИТИКИЯБ ЖУРНАЛ

**МухІамад ХІАМЗАЕВ:**

**«Дида ккола дунял колизей бугин»**



5/2021

сентябрь - октябрь







# ГЪУДУЛЛЪИ

**КIиго моцIида жаниб цо нухалъ бахъулеб литературиябгун художествияб ва жамгIиябгун политикияб журнал**

Литературно-художественный и общественно-политический журнал

**Издается один раз в два месяца**

**Учредитель:**
Министерство информации и печати
Республики Дагестан

**Журнал бахъизе байбихьана**
**1952 соналда**
**Расул ХIамзатовас**

Журнал основан в 1952 году
Расулом Гамзатовым

**5**

**2021**

**сентябрь - октябрь**

**Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских литературных журналов «Соколенок» и “Литературный Дагестан”**

**БетIерав редактор**
Мурад МухIамадович АхIмадов

**«Гъудуллъи» журналалъул**
**редактор** ХIамзат ГIизудинов

**Редакциялъулаб коллегия:**
МухIамад АхIмадов,
МухIамад ГIабдулхIалимов,
МухIамад МухIамадов,
КъурбанмухIамад МухIамадов,
ТубхIат Зургъалова,
ПатIимат ГIабдурахIманова,
Залму Батирова,
МухIамад ХIамзаев,
МахIмуд-Апанди МухIамадов,
ГIайшат Малачиева,
ГIайшат ГIалиева,
МухIамадрасул ГIумаров.

Электронный адрес редакции:
litdag@mail.ru

Номералда руго:


**РЕДАКТОРАСУЛ КАЛАМ**

РакI бацIцIад гьабунагIан, бацIцIалъула дуниял…................................................3

**РАЧIА ЧIАГО ГЬАРИЗЕ ЧIАХIИЛЪ ХУТIАРАЛ ХУРЗАЛ**

**МухIамад АхIмадов.** РагIиги дугIаги цолъарав шагIир….................................5

**МухIамад ХIамзаев**. Шамил имамасул ахираб сапар…....................................8

**КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН**

**МухIамад АхIмадов.** Щуго килищ *(Япониялъул къагIидаялъ – щумухъилал-танкаби)*..................................................................................................................29

**ЦIУМАЗУЛ АЗБУКА – АВАРАЗУЛ МАЦI**

**МухIамад МухIамадов.** МацIалъ цIунула халкъалъул рухIияб бечелъи…....37

**КЕЧI УГЬУЛЕБ БУГО МАГIАРУЛ МАЦIАЛЪ...**

**Манарша ГIисаева.** ТIоцебесеб ва ахирисеб къочи….......................................43

**ЧАН ГIАСРУ СВЕРАНИГИ, ССУНАРО ЛЪИКIАЛ ЛЪАЛКIАЛ**

**МухIамад МухIамадов.** Баху-Меседу Расуловалъул шигIрияб иццухъ….......55

**НАДИР-ШАГЬ ЩУЩАХЪ ВИХХИЗАВУРАЛДАСА**
**280 СОН ТIУБАЯЛДЕ**

**МухIамад Абакаров.** ГIандалазул кIкIалабахъ къажар бо щущазаби.............66



*Журналалъул хъвай - хъвагIай гьабун буго хъвай-хъвагIай гьабиялъул ва ДРялда СМИязул ва печаталъул хIакъалъулъ РФялъул закон цIуниялда хадуб халкквеялъул Регионалияб управлениялъ.*

Регистрационный номер: серия ПИ №ТУ05-00417 выдан Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан от 22.04. 2019 г.

**Типография:** **ООО «Издательство «Феникс - пресс»**
**Адрес типографии:** 367018, РД, г. Махачкала, пр-т Петра I, 61

**ДРУЖБА №5 2021 г.**
*сентябрь - октябрь*
*На аварском языке*

Выход в свет 8.11. 2021 г.
Тираж 662 экз
Печать офсетная. Бумага офсетная
Формат 70х108 1/16
Усл.печ. л. 8,4 Усл. изд. л. 8,7
Заказ № 1110 Цена свободная.

***Редакция и издатель:*** *Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан “Редакция республиканских литературных журналов “Соколенок” и “Литературный Дагестан”.*
***Адрес редакции и издателя:*** *367000, РД, г. Махачкала, ул. Даниялова, дом 55.*

## Редакторасул калам

### РАКІ БАЦІЦІАД ГЪАБУНАГІАН, БАЦІЦІАЛЪУЛА ДУНИЯЛ

**Ассаламу гІалайкум, хІурматиял магІарулал! Авар адабияталъул «Гъудуллъи» журналалъул исанасеб щуабилеб номер бачІин гьарзаяб хасалихълъигун бачІунеб буго нужехъе гьоболлъухъ. Аллагьас нилъер гьаб лъагІалил хурги цІун бачІаги, кинабго жоялда баракатги лъеги, чІалда мохмох биццалъаги, нигІматал гьарзалъаги, рухІияб рахъги бечелъаги!**

Гьаб номералда аслияб бакІ кьун буго магІарулазул машгьурав хъвадарухъан, Дагъистаналъул халкъияв шагІир, Республикаялъул Пачалихъияб премиялъул ва цоги гІемерал шапакъатазул лауреат МухІамад ХІамзаевасул цІиял асаразе. Исана МухІамад ХІамзаевас 55 сон тІубала. «Гъудуллъи» журналалъул редколлегиялъул рахъалдасан баркула МухІамадида гьеб кІиго «щуйил» щвей, халкъалъ къабул гьарурал асараздалъун гвангъараб гІумру тІамизе Аллагьас тавпикь кьей, гьарула щулияб сахлъи ва сахабщинаб. Шамил имамасул хІакъалъулъ Турциялда биччалеб цІияб киносериалалъул гІелмиял гІакълучагІазда гьоркьове вачун вуго МухІамад ХІамзаев. Гьесул «Шамил имам» абураб тІехь исана Анкараялда турк мацІалдаги къватІибе бачІана. Гьарула МухІамадие жеги гІемерал тІахьал риччазе къуватги, жанги, жигарги.

ХІамзаевасул ахиралда хъварал асаразул цІакъ магІна гьваридаб, кІудиял пикраби жанире рачараб, гьесул творчествоялда жаниб загьираб бакІ кколеб асарлъун дица рикІкІуна «Колизей» поэма. Рималде щведал, хъвараб поэмаян баян кьолеб буго авторас.

**Долдаса гІемерал къарнаби ана,**
**Къоло цоабилеб байбихьун буго.**
**Долго къиралзабаз пакъирал халкъал**
**Къойилго цоцазде гьусулел руго.**
**НекІсияб Ригалъул хутІарал къадал**
**Къарнабаз цІунараб цІар араб тарих,**
**ЦІалилa гьанже мун магІарулаца, –**
**МагІида хутІанин нижерги хунжрул.**

Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул цолъиялъул нухмалъулев, халкъияв шагІир МухІамад АхІмадовасул авар танкабиги руго гьаб номералда.

**РакІ бацІцІад гьабунагІан,**
**БацІцІалъула дуниял,**
**Дунял чороклъанагІан,**
**БацІцІине ккола къисмат…**
**Воре, ракІ бацІцІад цІуне,** – абун хъвалеб буго АхІмадовас.

Исана октябралда МухӀамад АхӀмадовас ва Палестинаялъул Хъвадарухъабазул гӀуцӀиялъул нухмалъулев Мурад аль-Суданица хъвана цадахъ рекъон хӀалтӀиялъул, таржамаби гъариялъул хӀакъалъулъ къотӀиги.

Надир-шагь щущахъ виххизавуралдаса 280 сонги тӀубала исана. Гъеб лъугьа-бахъиналда хурхун, «Гъудуллъи» журналалъул гъаб номералда бахъана МухӀамад Абакаровасул макъала.

14 октябралда Сергей Меликов Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъ вищана республикаялъул бетӀерлъун. Гьес гьа бана Дагъистаналъул халкъалъе ритӀухъаб хъулухъ гьабизе. Аваразул аби буго тӀил битӀарав ватагиян. Исанасел ХъахӀал къункърабазул къоязда гӀахьаллъи гьабуна Дагъистаналъул нухмалъулев Сергей Меликовасги. 2021 соналъул микьабилеб сентябралда гьес тӀугьдул лъуна Расул ХӀамзатовасул хабада, гьединго къабул гьаруна Россиялъул Хъвадарухъабазул гӀуцӀиялъул бетӀер Николай Иванов ва Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул идараялъул цевехъан, халкъияв шагӀир МухӀамад АхӀмадов.

Дагъистаналъул шигӀрияб театралда кӀодо гьабуна халкъияв хъвадарухъан Муса МухӀамадовас 95 тӀубай. «Гъудуллъи» журналалъул кӀиго номералда исана гьесул юбилеялде бахъана «ГӀурччинаб квербацӀцӀ» абураб асар. МагӀарулазул, Дагъистаналъул адабияталда жаниб кӀудияб лъалкӀ тана Муса МухӀамадовас.

15 октябралдаса 14 ноябралде щвезегӀан улкаялда унеб буго ТӀолгороссиялъул хъвай-хъвагӀай гьаби. Гьенир цӀехолел суалазда гьоркьор руго дуца рукӀа-рахъиналъулъ кинаб мацӀ хӀалтӀизабулеб ва мун щиб миллаталъул чи кколевилан абурал гьикъа-бакъиялги. Рокъобги къотӀнобги рахьдал мацӀ авар мацӀ кколин, миллатти авар бугин хъвани, нилъер халкъалъул букӀинесеб роцӀцӀараб бачӀине квербакъулеб хӀужа буго гьеб. Аллагьас тавпикь кьеги битӀараб битӀараблъун ва батӀулаб батӀулаблъун бихьизе, нилъер мацӀги, тарихги, миллиябщинабги, ясбер гӀадин, цӀунизе.



## РАГIИГИ ДУГIАГИ ЦОЛЪАРАВ ШАГIИР

«РекIелъги, кочIолъги, гIумруялъулъги Аллагьасул цIарги цIунун, магIарул адабияталде вачIана шагIир МухIамад ХIамзаев. Гьесул какикьжоялда сверухъ кидаго бацIцIалъи буго, рекIеда жаниб хIалимлъиги, хIеренлъиги, лъикIлъиги буго, кочIолъ кунчIиги, бакъги, Бакълъухъ росдал динияб борхалъиги буго» – гьедин хъван букIана дица МухIамад ХIамзаевасул «ЦIуне, Аллагь, Дагъистан» абураб тIехьалъе цебераг Iиялда.

Жакъа Дагъистаналъул халкъияв шагIир МухIамад ХIамзаев магIарул адабияталъулги поэзиялъулги борхалъуда вуго. ХIамзаевасул асаразул аслулъун буго инсул росулъе унеб сухъмахъги, халкъалъухъе, ВатIаналде, тарихалде рачунеб бахIарчилъиялъул ва бихьинчилъиялъул нухги. Дир щибниги щаклъи гьечIо гьесул жиндирго хасаб бакIги рекIел гьаракьги кидаго магIарулазе хутIизе букIиналда.

Ахирал соназда ХIамзаевас гIемерал сапарал гьаруна, гьесул гIумру Дагъистаналдаги батIи-батIиял пачалихъаздаги ана, амма гьелъ нилъер поэзиялъе кIудияб пайда кьуна – поэтасул асаразулъ баккана гIорхъаби рагьун унеб, улкаби гIагар гьарулеб, гIараб ракьалде бижараб рокьуца нилъерго ракьги, рокьиги, динги гIагар гьабулеб гIажаибаб асар, къилбаялъул цIваялъул нилъ цIунулеб, канлъиялъ беццал ракIал кантIизарулеб хIикматги. Нилъер дунялалдаго машгьурав шагIир Расул ХIамзатовас кIудияб къимат кьун букIана МухIамад ХIамзаевасеги гьесул гьунаралъеги. Расулица, разияб гьимигун, гьадин хъван букIана:

**Цо-цо ХIамзатовазул**
**ХIамзаевал лъугьуна,**
**Цо-цо ХIамзаевазул**
**ХIамзатовал лъугьуна, – ян.**

ХIамзаевасул поэзия буго лъикIлъиялде нух бахъулеб, БетIергьанасде гIадамал гIагар гьарулеб поэзия. Гьесул гьечIо ургъун рахъарал, яги ургъел гьечIого хъварал асарал, гьезул аслуги аслияб пикруги буго унтараб ВатIанги, ВатIаналъул гIадамалги, гIагарал магIарулалги сах гьари, рухIалъулги яхIалъулги ахIи лъурал жугьаби, жамагIатазда рагIуледухъ, магIарулал кантIуледухъ, канлъи бихьуледухъ цIалеб хIухьел гIадин, гIадатго угьизе кIвей.

Дие бокьун буго ХIамзаевасул асаразулъ магIарулазул къисмат бессун букIин бихьизабулел гьесул цо-кIиго кечI гьаниб рехсезе:

**РачIа чIаго гьаризе**
**ЧIахIилъ хутIарал хурзал,**
**БачIин гьениса кунеб**
**БачIине гурин заман.**

**РачIа, чIумалги росун,**
**ГIодор чIезе цо дагьалъ,**
**ГIамал кIодолъи тIолго**
**ТIагIун ине рекIелъа.**

**РачIа, некIсияб гъасда**
**КIусизе дагьаб мехалъ,**
**Дагьлъи лъазе къоязул,**
**Къокълъи лъазе гIумрудул…**

Яги:

**МагIарухъ гIуниги, гIатIиракьалда**
**Бокьанщинаб гьабун ругьунлъаразги,**
**Рогьоялъе гуреб гали тIамичIел**
**ТIадчагIазул гъасда сентIолецаги,**
**Къунщби хъахIлъанагIан, хъахIбалъи гуреб,**
**Хъулухъ ВатIаналъе гьабичIецаги,**
**Хъулухъалъе гIоло магIарул миллат**
**Минатахъ гьабизе гьунар гIуразги,**
**Гьал, палугьабазе дугIнул кинигин,**
**ГIодор расандулел гIолохъабазги,**
**Гьал, бащдаб къаркъала къватIибги рехун,**
**КъватIазда сверулел мусудуцаги,**
**Шамилил наслуян истакан борхун,**
**Сурабщинаб пиша гьабулецаги,**
**Чияр культураги, капураб жанги**
**Кавказалде ахIун, яхI рехаразги**
**Бицунге магIарул намус-яхIалъул.-**
**МахIцин хутIун гьечIин гьеб нужер бидулъ.**

МухIамад ХIамзаевас хъвана цIакъ тIадегIанаб гIумруялъул, гIадамазул нилъер миллаталъе хIажатал тIахьал: «МухIаммад авараг r», «Аварагасул r халифаби», «Ункъабго мазгьабалъул имамзаби», «Имам Шамил», «Бакълъухъа СагIадух1ажиясул МухIамад» ва цогидалги. Гьел лъугьана халкъалъеги, миллаталъеги, мацIалъеги, цIаралъеги гIадин, щивав магIарул чиясе хIажаталлъун. Харбидалъун хъварал рукIаниги, гьел асарал шигIрияб мацIалъ хъварал, назмуялъул ва зикруялъул гьаракь рагIулеллъун руго.

Заман анагIан бихьулеб, загьирлъулеб буго шагIирасул рухIияб дунял бацIцIадаб, роцIараб, бальгояб иллагьияб нуральги кунчIизабун, кочIолъ цо гIажаибаб къуват бугеблъун лъугьунеб букIин. Гьелъулъ буго шагIирлъиялъул магIнаги шагIирасул талихIги. ГIадатлъиялъулъ гIакъиллъиги лъун, гIаданлъиялъулъ гIумрудул магIнаги бихьун, хъварал руго шагIирасул гIемерисел асарал. Гьесул гIадатиял рагIабазул кIулаз кIудиял гъансал рагьулел руго мацIалъулги, цIаралъулги, тарихлъун лъугьараб нилъер миллаталъулги.

МухIамад ХIамзаевас нилъ хIайран гьарулел руго жиндирго хатIги, къагIидаги, гIамалги, гIищкъуги, шавкъги бугел шигIрабаз. ЦIиял, гьунар

цIубарал, цIар борхат гьабулел, халкъалдеги, мацIалдеги, тарихалдеги рокьул цIурал шигIриял асарал хъвалел руго ХIамзаевас. Гьелъие нугIлъи гьабула МухIамадица хъвараб «Шамил имамасул ахираб сапар» абураб поэмаялъ. РакIалде ккезе бегьулаан «Имам Шамил» абураб прозаялдалъун хъвараб, кIудияб ва камилаб, мех-мехалъ бадиб магIу ххулизабулел тIанчал ругеб тIехьалдаса хадуб щиб цоги абизе, рагьизе рес бугебилан. Амма ХIамзаев тIоцебесеб иргаялда шагIир вуго. Гьединлъидал, гьес тIасабищун буго рекIелъе бортулеб, хIухьеллъун лъугьунеб, рекIел кIутIигун багъулеб магIарул шигIрияб гIаламат – гIадатал рагIабаздалъун кIудияб магIна кьолеб магIарул поэма хъвай. Гьесие мисаллъун лъугьун буго «къоло щуго соналъул къуркьи лъалареб тарихги, къоло ункъо ругъун щун, рагъда лъадарараб черхги». ХIамзаевас нилъее рагьулеб буго имамасул такрарлъизе рес гьечIеб бахIарчияб гIумруялъе яхIги рухIги кьолеб кIодолъиги, кIудияв БетIергьанас тIаса вищун гьесие кьураб шайихлъиги, гIелмуги, гIадамазда гьоркьоб ритIухълъиялъе, эркенлъиялъе къуркьи гьечIолъиялъ щвараб борхалъиги.

МухIамад ХIамзаевасул шигIру хъвалеб къагIидаги, пикрабазул гъварилъиги, магIнаялъул гIадиллъиги кидаго бухьараб буго магIарул мацIалдаги магIарул ракIалдаги. Гьесул асараз цогидазе рагьула цо гьесул шигIруялъе хасиятаб рахъ – гIадатияб къагIидаялъ гIужилго рагIи абизе кIвей. Кинаб рахъалъ босаниги, щвалде щвараб, щибаб шигIру шигIрулъун бугеб, гIищкъу гIищкъулъун бугеб, рухI хIухьеллъун бугеб, хIухьел рухIлъун бугеб буго шагIирасул щибаб кечI. Гьеб ккола унго-унгояб гьунаралъул борхалъиги махщелалъул цIубайги.

***МухIамад АХIМАДОВ,***
***Дагъистаналъул хъвадарухъабазул***
***Союзалъул председатель,***
***Дагъистаналъул халкъияв шагIир.***



## ШАМИЛ ИМАМАСУЛ АХИРАБ САПАР

*Поэма (къокъ гьабураб)*

**МагІарул къисматалъул
Къиса цІаланщинахъе,
Къадруяв Шамил имам
Щола дида ракІалде.**

**Къоло щуго соналъул
Къуркьи лъалареб тарих,
Къоло ункъо ругъун щун,
Рагъда лъадарараб черх.**

**Кавказалъул мугІрузда
ГІадлу-диван гьабурав,
МагІарул гъалбацІилан
ЦІар кибго тІибитІарав.**

**Гьаб инсаниятальул
Тарихалда рагІичІо,
Тушбабаз, гьев киниги,
КІодо гьавурав чиго.**

**Гьесухъ гІадин ракьалда
ГІалам жиндихъ урхьарав
Цевехьан вахъанилан
Хъвараб бакІги бихьичІо.**

**ГІасраби свераниги,
Сунареб цІва кинигин,
ЦІар Шамилил хутІана
Халкъалъе насихІатлъун.**

**Жакъа дир хиял буго
Хабар дагьаб бицине,
Гьесул ахираб рагъул,
Хадусеб сапаралъул.**

## ГЪУНИБ МАГІАРДА ККАРАБ РАГЪ

**Имам тІарамагъада
ТІасагъунив рещтІана,
Щулалъи гІураб бугин,
ГІадамал лъикІал ругин.**

**АскІосел чагІи чарлъун,
Чара рекІел хваниги,
ХвезегІан вагъилилан
Гъираялда вуго гьав.**

**Имамас наибзаби
ЧанцІулго ракІарана,
КІиго моцІалъ къвал къаян,
КъвакІун амру гьабуна.**

**Амма наибзабаца
ГІарац тІасабищана,
Давлаялде хьул лъураз
Диналъул ургъел тана.**

**Цо-цоккун сардарасе
Росаби мутІигІлъана,
Гьесда дандчІвай гьабизе
Гьегьал чагІи ротана.**

**РикІкІен гьечІел бояца
Борхалъи сверун ккуна,
Апшероназул кьерал
Кьурабазулъ рещтІана.**

**КІагьадерил магІарда
Сардарас урду чІвана,
УгърашмахІал хІараби
ХІелун гьенир хьвадана.**

**Сверун рукІарал хъулби,
Нахърател ярагъалъул,
ТуманкІцин кьвагьичІого,
Кьуна гьез тушбабахъе.**

Имамас къараб чалма
ЧохтIоялде сверарав
Чанги наиб вукIана
КIагъадерил магIарда.

Шамилий кьураб рагIи
ГIурус гIарцухъ бичарав
Чанги хIалихьатида
ХIал къан рукIана мугIрул…

Хъачагъаз хъамал гьабун,
Байтулмал лъугIун буго,
Гулла-хер гIураб гьечIин,
ГIарз буго муридазул.

Кьуру-къед бакIарулел
Кьури гьечIел муридал,–
Сангарал къан, къадал ран,
Къалел руго гьез нухал.

НусгогIан чи хутIарал
Ахирал гъазизаби,
Гъунисезул гъалбацIал
Гъеж гурун хIадур руго.

Гъоркьан ахIулеб «гьурра»,
ТIасан бачунеб зикру,
ТIад Вугесде тIамураб
Имамасул таваккал.

Сардарас чанго нухалъ
Чапар витIун вач1ана:
Жидер урду чIваралъув
Имам вачIине кколин.

Хвалчен къватIиб цIан бугин,
ХвезегIан рагъилилан
Гъираялда абуна
Имамас гьеб рагIидал…

Гъажалда чин баразул
Чарлъулеб буго хабар,
Чалма хъахIаб къарасул
КъвакIун буго таваккал.

МегIер сверун лъураб накIкI,
Августалъул сордоялъ,
Бальгояб сухъмахънух ккун,
Ххарана апшеронал.

Чара хварав имамас
Чанго рагIи абуна,
ГIараб шигIруялдаса
Гьадинал мухъал рикIкIун:

«Дие къадру цIунизе
КъотIи гьабун рукIарал
Къолдабилъун ратана
Жакъа дир тушбабазе».

* * *

Рогьалил какал ралел
Муридзаби рукIаго,
Пири речIчIараб гIадаб
ГIасияб хъуй бахъана.

МегIерго гьаргьадана,
Гьезде гуллил цIад бана,
Ращалъи гьечIеб рагъда
Шагьидлъана бахIарзал.

Гулла-хер лъугIун хадур
Хвалчабаца рагъулел,
Гъазизабазул такбир
Такрарлъана кьурабалъ…

Ункъабго рахъалдасан
Сверун кквезе лъугьиндал,
Росулъе нахъе къана
Къадру тIокIал бахIарзал.

Цинги Шамил имамас
Ахирал муридалгун
Хирияб мажгиталда
Мажлис данде гьабуна.

Имамас, жив-живасда
Цевеги ч1ун, абуна:
Жакъа нилъ шагьидлъизе
Щун бугилан заманилан.

Амма аскIор рукIараз
Имамасда гьарана:
Нилъер къуват хутIичIин
Рекъел гьабун лъик1илан.

Цинги кIалъана Шамил:
Щибха дица гьабилеб,
ГIагаралгун чиярал
ЧагIаз дун рехун тедал…

## РЕКЪЕЛ ГЬАБИЗЕ ИН

**Пачаясул чукъбузул**
**Чапар Гъуниве щвана,**
**Шамилгун кIалъазегIан**
**Рагъ лъугIизе танилан.**

**«КIодолъи, рагъулъ гуреб,**
**Ракълилъ бихьизе гьабе,**
**Гьарула, имам» -илан**
**Абуна полковникас.**

**Сардаргун дандчIван хадув**
**Дурго хъизамалъухъе**
**Нахъвуссине бегьулин,**
**Гьавуна гьев божизе.**

**Чанги генералзабаз**
**Гуккарав имам Шамил**
**Щакдарулев вукIана,**
**Щибдай гьабун лъикIилан.**

**Жамалудин-устарас**
**Рисалатги бачIана,**
**Сардаргун рекъелалъе**
**КъотIи гьабун лъикIилан.**

**Хъизамазда гурхIиялъ**
**ХIукму къвакIарав имам**
**Ракълил къотIи гьабизе**
**Гьесизавуна гьенив.**

**Шамилица захIматго**
**ХIухьел биччан, абуна:**
**АскIосел чIаго тезе,**
**ЧIухIи къурбан гьабилин.**

**Гьединан ана Шамил**
**Сардарасда дандчIвазе,**
**Ракълил къотIиги гьабун,**
**Рокъове тIадвуссинин.**

**Махил гъутIбуца къараб**
**РацIцIалъуде щваравго,**
**Шамил дагьалъ лъалхъана,**
**Чуялдаса рещтIана.**

**Сардар гьесда кIалъана:**
**ВорчIами, имамилан,**
**Дир чодрохъе вачIине**
**Ч1ух1анаха мунилан;**

**«Мунги хъизан-лъималги**
**Дица тIаде росула,**
**Нужер къисмат пачаяс**
**Гьанже тIубазе буго».**

**«ЦоцIул борохь бихьарас**
**ЩIодорлъи гьабулелъул,**
**Дун нужер генералаз**
**Гуккун вукIана чанги». -**

**Гьедин кIалъана имам,**
**Сардарасда цеве чIун,**
**Цояб квер - хвалчада тIад,–**
**Чармил гьавурав инсан.**

**Сардар цевеса ингун,**
**Гьев сверухъ валагьана,**
**Аскаралъул гIемерлъи**
**МегIер-гIалах цIун бугеб.**

**Имамасда бичIчIана**
**Гьанжеги живго гукки,**
**Росулъе нахъвуссине**
**Рес жиндие течIеблъи…**

**РикIкIен гьечIел аскараз**
**Сверун ккурав багьадур,**
**Гьенисан вачун ана**
**Урду чIвараб магIарде,**

**Цинги хадусеб къоялъ,**
**Аскаралги кьерда чIун,**
**Кьурабалъа регIана**
**ГIодоблъиялде имам.**

## ГЬАСДА ЦЕБЕ ТIАМУНА …

Къоло щуго сонил рагъ,
Ругъназул цIун бугеб черх,
Къо-лъикI, некIсияб Гъуниб,
Гъулдулъ хутIараб тарих.

Къо-мех лъикI, магIаруллъи,
МугIрузда бетараб кIкIуй,
Гъогъол гохIде свераpал
Росабазул хутIелал.

Гъасда цебе бачIунеб
Буго магIарул тIалъи,
МугIрул тIогьиб бакI-бакIалъ
Биун лъугIичIеб гIазу.

Гъасда цеве вачIунев
Вуго чIухIарав сардар,
ЧIварал солдатазда тIад
Сororлаго гIодулев.

Цинги дов гиназасул
Даргъоб гъабураб сапар,
Чачаназул рохьазда
РукъичIел жаназаби.

Ругъназ цIураб черхалъул
ГьечIо гъасие ургъел,
Кавказалъул мугIрузда
Узден-халкъазул буго.

…Гъасда цебе букIана
КIкIуйдулъ босун АхIулгохI,
АхIулаго зикругун,
Зодоре арал рухIал;

ЯхI борхизе хIадурал
Ахирисел бахIарзал,
АхIи бан, мугIрул тIогьир
ТIаса ракарал цIаял;

Лъимал гIурулъе рехун,
Хвезе рагъарал улбул,
Харбие чи хутIичIел
Чанги тухум-кьибилал;

ЧIинчIудул рагIалалда
ЧIералъул мугьал рухьун,
ЧIварал россал хисарал
Мусудузул лебаллъи.

## ИМАМАС ДАГЪИСТАН ТЕЙ

Гъале тIаде щвана къо
Машгъурав багъадурас,
Къо-лъикI гъабун, Дагъистан
Думалъго рехун толеб.

Аза-азар чи вуго
Чирюрталъул ракьалда,
Ахирисеб сапаралъ
Имам регIизе вачIун.

Зодоре кверал рорхун,
ГIодор накабиги чIван,
Киназго имамасе
ДугIа буго гъабулеб.

Пайтоналъул гордухъан
Ахирисеб нухалда,
Хирияб ВатIаналъухъ
Хал гъабун вуго Шамил.

Имам рекIараб гъакил
Бурдул араб бакIалда,
Убач гъабун гIодулев
ГIемерав чи вукIана…

## РОССИЯЛДЕ ИН

ГьитIинабго халкъалъул
КIудияв вакил гIадин,
КIудияб Россиялде
Сапаралъ ана Шамил.

Нухда чанго къоги бан
Чугуевалде щведал,
Шамил имам вачана
Пачаясда дандчIвазе.

Къоло щуго лъагІелалъ
Аскаралгун вагъарав
Имамасда къвалги бан,
Къочана гІурус пача.

«Дун цІакъ вохарав вуго
Ахирги мун вачІиндал,
Шамил, гьудулзабилъун
РукІинин нилъ», – абуна.

Ярагъ тІаса бахъичІо,
Хъулухъалъе чи тана,
Чанги хІусудчиясул
ХІал хъублъулеб куцалда.

Рагъдаса бергьенлъигун
Вуссарав генералцин,
Имам гІадин гІашикъго,
ГІурус халкъалъ дандчІвачІо.

Шамил имамасда дур
Мурад щибан цІехедал,
Имамас, гІодов виччан,
Пачаясда абуна:

«Кавказалъул ихтияр
Кодоб бугел дур чукъби
Дир халкъалъул диналда
Гьоркьоре къазе тоге».

Ракьал цІунизе кІвечІин,
РакІалгІаги цІунилин
РакІалда буго гьасда,
Аллагьас хъван батани.

Цоги мурад букІана
КІудияв имамасул:
Бичас вахІю рещтІараб
ХІарамалде хІеж гьаби.

Гьелъий инкар гьабуна,
Заман жеги букІинин,
КІиязулго гьудуллъи
Гьалда лъугІизе гьечІин.

## КАЛУГАЯЛДА РЕЩТІИН

Цинги Калугаялда
Ккураб рокъов рещтІана,
Шамил имам вихьизе
Урхъун букІана гІалам.

Мина гІатІидаб кьуна,
ГІумру рахІатаб тана,
Амма гьесда нахъаса
Хъаравуллъи бахъичІо.

Калугаялъул регьел,
Ругьун гуреб тІабигІат,
ВатІаналъул унтиялъ
ТечІо гьасие рахІат.

Цересел ругънал ссудун,
Сардил макъу хваниги,
ХаллъичІо лъиданиги
Имамасул зигара.

Добго къартІги къуватги
БукІана гьесул чорхолъ,
Унтун, тату хвезегІан
Таманалго сонаца.

Дагъистаналъухъ урхъи
Унтиялде сверарав
АнцІила микьго чи гьес
Вукъана Калугалда.

Бакъул кунчІи чІвалареб
Калуга шагьаралда
ИчІго сон данде щвана
Шамилил хъизамалъул.

КІицІул Петербургалде
Пачаяс гьев ахІана,
Рагъул аскар бихьизе
Адабалда вачана.

Жавгьараца къачІарал
ЧІумал рокъосезе кьун,
Къиматалда вуссана
ЩІидасан Калугалде.

Ахирги Киевалде
Гочине изну кьуна,
Гьениб мехго балелде
Рохалил хабар щвана.

## ИСТАМБУЛАЛДЕ ЩВЕЙ

ХIежалъе изну щвейгун
Одессаялде ана,
Гьенисанги гамида
Истамбулалде щвана.

Жиндирго кIалгIаялъул
КIалтIе дандеги вачIун,
ДандчIван кIодо гьавуна
СултIанас Шамил имам.

Цинги гьес адабалда
Имамасда абуна:
«Дур хIажат тIубазе дир
ХIукумат хIадур буго».

«Гъазаваталъул соназ
Кумек гьабурабани,
Гьеб букIана нижее
Бищун кIудияб сайгъат.

Европагун Азия
Цолъулеб нухлул рикьи,
КьечIо кумекалъул квер
Дуца Кавказалъухъе». -

Гьедин кIалъана имам
КIудияв хункарасда,
Халлъана аскIосезда
СултIанасул гьурмал кьер.

«Дур ВатIаналъул тIокIлъи
Щиб букIараб?» – гьикъидал,
Машгьурав багьадурас
Гьадинаб жаваб кьуна:

«Дица Дагъистаналда
Тарал гIадал бахIарзал
Ратиларо ракьалда,
Дол мугIрузда гурони.

ТIубараб аскаралда
Данде цо-цо рагъулел
Гъазизаби рукIана,
РакIалдаса унарел».

Истамбулалъул халкъалъ
Адаб камил гьабуна,
«Дагъистан асланиян»
АскIоса чи камичIо.

Имамас мугьажирал,
Данде гьарун, абуна:
Гьанже нуж ВатIаналде
ТIадруссун лъикI букIинин…

## МИСРИЯЛДЕ ЩВЕЙ

Цинги Мисралде щведал,
ИсмагIил пашаясги,
Тахида гIодов чIаян,
ГIемер адаб гьабуна.

Ислам машгьур гьабурав
Мун гьоболлъухъ вачIиндал,
Жив чIухIарав вугилан,
ХIурматалда кIалъана…

Цинги Мисриялдаса
Жиддаялде хьвадулеб
Гамида ана имам,
БагIараб ралъад къотIун.

## МАККАЯЛДЕ ЩВЕЙ

ХIава эбел юкъараб
Жиддаялде щвелалде,
Щун ратана гьенире
Маккаялъул ашрапал.

Маккаялъул шарипас
Шамил рокъов вачана,
Къиматав гьоболилан
Гьундухъ рещтIинавуна.

Мажгитул-ХIарам цIурал
ХIажизабазда цеве
Х1урматалда вахине
Гьавуна минбаралде.

**Туркал, гьиндал, гIарабал–**
**ГIемерал хIажизаби**
**ХIасрат рукIана гьесул**
**Парталалда баизе.**

**ХIатта цо-цо гIадамаз**
**ГIодоб чIабаралдацин**
**Гьесул хIетIе чIаралъуб**
**Убачал гьарулаан.**

**ХIажул акбар борхидал,**
**Мурадалде гьев щвана,**
**Маккаялъул шарипас**
**Мадиналде регIана…**

## МАДИНАЯЛДЕ ЩВЕЙ

**Мадинаялъул агьлу**
**Гьесда данде бахъана,**
**Равзаялда гIагарда**
**Рокъов рещтIинавуна.**

**Расуласул наслудал**
**Бищун кIудияв шайих**
**АхIмад РифагIи щвана**
**Шамилида дандчIвазе.**

**Равзаялде щолаго,**
**Гонгинисан лъим гIадин,**
**Берзул магIу чвахана**
**МугIрул багьадурасул.**

**«Ассаламу гIалайка,**
**Аллагьасул авараг,**
**Свалатгун салам лъеяв**
**Расулуллагь», – абуна.**

**«Я БетIергьан Аллагь, – ан**
**Гьарана Шамилица, -**
**Дир рагъалги, ругъналги,**
**Дир ниятги, пишаги**
**Дуда аскIор ритIарал**
**РукIараллъун ратани,**
**Дида Дур ХIабибасул**
**Гьумер бихьизе гьабе».**

**РавхIанияб нуралъул**
**Жаваб рагIун хадуса,**
**ГIакълу босун, рухIги ун,**
**Имам гIодов вортана.**

**Мурадалде щваралъухъ**
**Шукру гIемер гьабуна,**
**ГIибадат гьуинлъиялъ**
**Мажгиталдаго чIана.**

**Цинги, къоял анагIан,**
**Къаркъала загIиплъана,**
**КъватIиве вахъинецин**
**КIолареб хIал лъугьана.**

**Черхалъул тату хвана,**
**Херал ругънал ссудана,**
**Сордо-къо лъаларого,**
**Тамахлъунги лъугьана.**

## НАКЪЛУЛЪИ

**Черхалъул хIал дагьлъидал,**
**ХIалада ахир лъайдал,**
**Имамас лъималахъе**
**Ахираб кагъат хъвана:**

**«Ракьалда дир гIумруги**
**РагIалде щолеб бугин,**
**ШугIайнатгун хъизамал**
**Нужеца рехун тоге».**

**Унти тIаде цIикIкIана,**
**Имам бусаде ккана,**
**АхIмаду РифагIияс**
**Гьесул агъаз гьабуна.**

**Къурбаналъул гIидалъул**
**Хирияб къоялъ къаси**
**Къанщана абадиялъ**
**Имам Шамилил берал.**

Къокъана Аллагьасул
РахIматалде мубарак,
Тана панаяб дунял
Диналъул бахIарчияс.

Мадинаялъул агьлу
ГIодун къватIиб бахъана,
ГIарабазул шайхзабаз
Шамил имам чурана.

«Я исламалъул султIан,
Мугьажираз лъолеб таж,
Нижер диналъул имам,
Муъминзабазул амир.

Дур хвел бусурбабазе
Балагь буго», – ян абун,
Мадинаялъул шарип
Щакъраххун къварилъана.

ТIолго гIарабиязул
ГIодун гьаркьал рахъана,
ГIемераз баркаталъе
Ккуна гьесул молол гIоркь.

БакъигIалда вукъизе
Къурайшиял рекъана,
ГIабасил къабруялда
Къаданив гIадин лъуна.

Имамасул жаназа
КIалъана гьеб хобалда,
Жиндие алжаналъул
Ахлъун мун букIайилан.

Имамасул зонода
Зарбуялда бикIкIана:
«Къоло щуго соналъул
Гъазават камиллъарав,

Къолоункъо ругъуналъ
Черхалда лъалкIал тарав,
Камилав гIалим, шагьид
Шайих Шамил имам» -ин.

Гьедин лъугIана къисмат
Къадруяв имамасул,
Къарнаби свераниги,
Свине гьечIо гьесул цIва…

Дагъистаналъул гъасда
ЦIа бугогIан мехалда,
Цониги магIарулав
ГIаламалда вукIаго,

ВатIан машгьур гьабурав
Шамилил цIар хутIила,
ЦIвабигицин бахилаб
Тарихги кIоченаро…

## ГУРХIА, АЛЛАГЬ, НИЖЕДА

Мунагьал гIемерлъиялъ
ГIаламалде тIамураб
ТIаса босе гьаб балагь,
Гьарула Дуда, Аллагь.

Пасалъиялъ къвал бараб
Къавмалдаса бахараб,
Борхизе къуват гьечIеб
Къварилъи бигьа гьабе.

Тохтурзаби гIажизаб
ГIажалалъул унтиялъ
ГIужие гьолел ругел
ГурхIа, Аллагь, нижеда.

Дарабаз росуларел
Вирусал раккун ругин,
Сабаб рекъезе гьабе,
Къудраталъул БетIергьан.

Дуца гIибадаталъе
ГIумруги кьун рижарал
КигIан гIасилъаниги,
ТIасалъугьун те, Аллагь.

ГIузраби цIикIкIунилан
ГIарзалъ ине бакI гьечIел,
ЗагIипал Дурго лагъзал
Зуризе тоге, Аллагь.

Дуниял хиралъиялъ
Хвалил пикру кIочарал,
Мун рехсезе сахлъи кьун,
Хвасар гьаре, я Аллагь.

ГIадамазул рекIелъа
ГурхIел лъугIун аниги,
ГурхIулев Мунголъидал,
ЛъикIлъизаре унтарал.

ГIаламалде чан унти
Тарихалда тIамураб,
ТIолго лъугIарал къавмал
Къуръаналъ рехсон руго.

МукIурлъун нилъ хIелизин
ХIалимав Аллагьасе,
Гьесул дин гIадаб дару
Дунялалда гьечIелъул.

Гьардон ниж чIалгIунарев,
НигIмат кьун тIагIунарев,
ТIадегIанав, ХIалкIолев
ГурхIа, Аллагь, нижеда.

## ЛЪИКI ТАЯБ МАГIАРУЛЛЪИ

Кавказалъул мугIрузул
Каранда бусен лъураб,
Бисазул борхалъуда
Росабаз рещтIен ккураб,

ГодекIабахъ яхI гъолеб,
ГанчIацаги хIал кьолеб,
Кьурулъан тIегь баккулеб,
Баркаман, магIаруллъи.

ТIабигIияб кьуру-къед
Къилбаялде буссараб,
Исламияб дин цIунун,
ЦIар ракьалда машгьураб,

Шагьал-пачазабазда
Нич баччизе гьабураб,
Бичас бижараб хIикмат-
ХIал чIахьад магIаруллъи.

НекIсиял ахIул сиял
Наслабаз рихханиги,
Намусалъул сси хвезе
Хадусел гIелаз течIеб,

Лъабавго имамасул,
Нус-нус наибзабазул
Узденлъиялъ тараб лъалкI-
ЛъикI таяб магIаруллъи.

КIалзул рагIи гъваридаб,
ГIурдада хер даруяб,
ГIалхуда тIабигIаталъ
ТIагIат даим гьабулеб,

Дагъистаналъул къисмат
КъотIи гьечIел рагъазулъ,
Къо ккаралъуб батулеб,
Байтул мал магIаруллъи.

Замана квешлъаниги,
ЛъикIазде мугъчIвай бугеб,
ЧIагояб ракI бугезул
РукIа-рахъин хIайранаб,

ХIалихьаталщиназда
Шокъроб ракьалъун къараб,
Къимат тIокIаб хазина -
Хвел гьечIеб магIаруллъи!

## ДУНЯЛ ХИСУН АРАБ КУЦ

Дунял хисун араб куц
Цо сон данде щвелалде,
Сон букIараб гьарзалъи,-
Гьанже гIолареб сахлъи.

Илбисалъе мутIигIал
Наслаби гIемерлъидал,
ГIаламалде бачIараб
ГIаммаб балагь бихьулищ?

Халикъас лъураб низам
Халкъалда кIочон тедал,
Хадув чи гIунтIулареб
Чанги гIузру баккана.

Бералда бихьулареб
Вирусги тIаде тIамун,
Инсанасул тIабигIат
ТIубан хисизабуна.

ГIадамазул гьоркьоблъи
ГIорхъи бахун жубайдал,
Бахунеб унти тIамун,
РатIалъизе гьаруна.

Кинабго бакъалда лъун
КъватIахъ сверун ругьунал,
Гьурмада чIорто бухьун,
ЧIезе гьарун тараб куц.

БетIергьанасул гIадлу
ГIадахъ босизе лъачIел
Дару гьечIеб унтуца
Дагьалъ ригьинаруна.

Дунял хисун араб куц
Хиял кин гьабулареб,
Гьанжениги кантIизе
Заман щвечIищ нилъее?

Мунагьал цIикIкIанагIан
ЦIобалъ рехун тарал нилъ,
Тавбу гьабун, руссинин
Аллагьасул диналде.

## БУКIАРАБ ЛЪИКIАБ ЗАМАН

БукIараб лъикIаб заман
Лъимерлъуда ругеб мех,
Роха-хинлъун рукIунеб,
Хиянатлъи лъалареб.

Нилъ киналго ращадаб
Ушкулалда разияб,
Щуйил дарсида ккани,
Дунял хIалай гIолареб.

МугIрул хIурул нухазда
ХIатIилг1ицIго хьвадулеб,
Ракъидал, чед гурони,
Чурпа хIажалъулареб.

Къаргъа-хIаял тIамулеб,
ТIасалъарахъ чвердолеб,
Чияр ахикье кIанцIун,
Кьер чIвараб пихъ толареб.

ЛъаргIиса гени кванан,
Гванцуса гIинтIи бетIун,
ГIалхул курак гьабизе
ГьикIолалъе хьвадулеб.

ЖахIда-хIусуд лъалареб,
ХIарамлъи бихьулареб,
ХIайранаб доб лъимерлъи, -
БукIараб лъикIаб заман.

Баккулаго бакъ чIвалеб
Бакълъадерил жаниблъи,-
ЛъикIаб мехни букIана
Лъималлъун ругеб заман.

## АЛЛАГЪ РАКIАЛДЕ ЩОЛА

Хабаде зияраталъ
Заназда аскIор щведал,
Щивасул пикру гьабун,
Аллагь ракIалде щола.

ГIолохъанго чи хведал,
Хириял ратIалъидал,
Хехаб унти рещтIиндал,
Щола Аллагь ракIалде.

Цевесев чиги вукъун
Къаданиб зани чIвайдал,
БичIчIула гIемеразда
ГIумрудул гьечIеб пайда.

НахъчIвазе къуват гьечIеб
Къварилъи тIаде щведал,
Щивасул рекIел угьи
Аллагьилан букIуна.

Бокьанщинаб щваниги,
Шукру гьабичIездаги,
Шокъробе рухI бахиндал,
Щола Аллагь ракIалде.

Дуниял багъаридал,
Гъар-гъар черхалда байдал,
Чара хварал рухIаца
АхIула Аллагьилан.

Нагагьаб балагь бачIун
ЧIезе бакI тIагIаразги,
ТIадегIанав Бичасде
ТIамун тола таваккал.

Зоб-ракьалъул хIикматал,
ХIисаб гьабун бичIчIула
КIодолъи Аллагьасул
ЗагIиплъи инсанасул.

ГIадамил лъимералъул
ГIажаиблъи бихьулищ,
ГIатIилъуда вукIаго,
БетIергьан кIочон толев!

* * *

Зикру ахIун гIуразул
БахIарзал рахъунаан,
Мультиказ куцараб гIел
Кибехундай буссина?

ТIохол къакъа кваразда
Къуркьиго лъалароан,
Къойил чипсал чIамуралълъ
ЧIаголъи кинаб бугеб?

НекIо рухI бичулаан
Аллагьасул диналъухъ,
Гьанже яхI щай хисулеб
Шагьаралъул чIартазухъ?

МугIрул гьава цIаразул
ЦIар ракьалда рагIана,
ЛъарагI регьел цIцIураца
ГьоцIо кинабдай тIела?

Иманалъул ракI цIураз
Дагъистан цIунараб куц,
Илбисалъ гуккаразда
Киндай бичIчIизабила?

## БИХЬУЛИЩ НИЛЪ ККАРАБ БАКI?

МагIарул гIадаталги
БагIараб жулалъ лъухьун,
ЖуликIал тIаде ккедал,
Бихьулищ нилъ ккараб бакI?

Умумузул чилъиги
Чияр культуралъухъ кьун,
Кепкиде яхI бичидал,
Бихьулищ нилъ ккараб бакI?

Нилъер имамзабазул
Узденлъиги кIочон тун,
Учузго хьвадарал нилъ
Бихьуларищ ккараб бакI?

Бахlарчияб тарихги
Талавур гьабизе тун,
ТахбакIиде хьул лъурал,
Лъаларищ нилъ ккараб бакI?

Хъат кьабун чу кьололел
Чабхъадулал тIагIиндал,
Чармил гьакил рахIаталъ
ЯхIищ нилъер бикъараб?

ГIалам хIайран гьабураб
БахIарчияб халкъалъул
ЯхIалда берищ ккараб,
Бихьулищ нилъ ккараб бакI?

Рахьдал мацIалъ цIалдезе
ЦIиял гIелал тейилан,
ГIарза хъвазе ккарал нилъ
Лъаларищ ккун ругеб бакI?

ГIорцIидал ЦIор кIочарал,
ЦIобалде чияр ккарал,
Чучизе бакI хутIанищ,
Хал гьабе нилъ ккараб бакI?

Баркаман эркенлъиян
Умумуз хIехьараб къо,
Бихьараб хьоде течIел,
Бихьулищ нилъ ккараб бакI?

## МАГIАРУЛ МАЦI

РикIкIадал сапаразда
РакI гъолареб мехалда,
Мех-мехалъ дун дидаго
КIалъала магIарулалъ.

РекIел ургъел чучула,
Чияр бакI кIочон тола,
Чанги лъелго сверарал
Сухъмахъал цере чIола.

Умумуз болмацIилан
ЦIунун ирсалъе тараб,
Дир инсул ВатIаналъул
БутIа буго рахьдал мацI.

Дир магIарул халкъалъул
Къисмат жиндилъ бессараб,
КIикъоялда анлъго хIарп,
Аллагьас кьураб нигIмат.

Дур рагIабалъ бахчараб
МагIарул чорхол гIамал,
Дур рагьукъал гьаркьаца
Дие рагьараб дунял.

ГIураб ракьалъул рокьи-
Ракьа бекулел хIарпал,
Нуж гьечIого, гьечIо дий
ЧIаголъиги гIумруги.

Эбелалда хахараб
Рахьалда цIар хурхараб,
Рахьдал мацIгIан хирияб
Хазина цойги гьечIо.

Жакъа мацI кIочон тани,
Метер цIар кIочон толин,
ЦIуне, цIуне, наслаби,
ЦIар берцинаб авар мацI!

## УЗДЕНАБ ГIАМАЛ

Бице, мун киб араб, узденаб гIамал,
Аза-азар соналъ ссилъун цIунараб,
ЦIар арал умумуз ирсалъе тараб,
Аслу чилъиялъул нилъехье щвараб.

Мун, кьавуца квараб ханжар киниги,
Кибдай рехун тараб гьал наслабаца.

Хасел чIолеб сардилъ росабалъ бараб
Гвавулъищ, ахIулъищ мун кIочон тараб?

Бице, мун киб араб, узденаб гIамал,
МагIарул чиясул чорхолъ рекъараб.
Рорхатал мугIрузда гIурал васаца
Кинаб меседалъухъ хисун кьураб мун?

Ахирисеб чедги хулжиниб бегьун,
Ханжар-рачел борчун чабхъаде арав,
Чанил бис гIадинав магIаруласул
ГIамал кIочене тей - кIарчанлъи гьечIищ?

Бице, мун киб араб узденаб гIамал,
ГIалам бугин гьанже гьелъухъ гIащикълъун!

## ГЬАБИЛАРИЩ САПАР ИСТАНБУЛАЛДЕ

*А.М.*

Рилълъинищ туркалълъе, нилъер магIарул
ГIасру къватIиб бараб наслу бихьизе.
Гьабиларищ сапар Истанбулалде,
Инсул ВатIаналъул бутIа цIехезе;

Апараглъиялъул унти чIамурал
Аваразул лъимал лъазе рукIине,
Гъурбаталъул гьорол гъаримлъи лъарал,
Гъасда гIодорги чIун, роххизаризе;

Гьаб нилъер халкъалъул кIочараб тарих
Харабазул бадиб доба цIализе.
Нилъелъа чияца лъугIизабураб
МагIарул узденлъи дозда цIехезе;

Нилъер тарихалъул тIу-тIурал тIанчал,
ТIолго кIвечIониги, данде рачине.
Миллаталъул унти чорхолъ бессарал
Васазухъ балагьун, нахъе руссине.

Марашалде щвела, Мушалде ина,
Нилъехъ гIащикълъарал гIадамал лъазе.
Гюнейкой сверила, Бусра бихьила,
Истамбул къватIазда къватIир рахьина.

**Фурат байбихьулел мугIрузде щведал,**
**МагIарухъ гIадинаб гIадатаб росулъ**
**Мугьажирзабазул чиякъал занал**
**Чанги зигардила нилъер зобалахъ.**

**Гьел данде рахьина, рахъун хабалъа**
**Хварал дол умумул рачIарал гIадин.**
**Гьел цин къварилъила, цинги рохила,**
**Цо-цо ккун каранде щивас нилъги къан.**

**Гьез бицина жидер кьалбал ругеб бакI,**
**Кьурабазул ВатIан – Дагъистан бугин.**
**Гьел гIодила: гIаркьел киб бижаниги,**
**Пихъ магIарул бугин гьелда барщараб.**

**Гьез нилъер ракIазде щвезе гьарила**
**Шамил имамасул сиярал, рагъал,**
**Сундуе гIоло гьев вагъаравали,**
**Гъар-гъар балеб куцалъ, бицун тела гьез.**

**Цо гьезул гIадатлъи, гIадан хиралъи,**
**МагIарул мацIалъухъ гьезул гIащикълъи…**
**ВатIаналъухъ гIодун гIурдалъе арал**
**Умумуз гьезие тараб васият…**

**Гьениб гIасру барав магIаруласул**
**МагIица хьухьила, нилъ рихьун, берал:**
**ГьитIинго рагIараб маргъу гIадинаб**
**ГIажаибаб ВатIан Дагъистанилан.**

**Нилъ гьезул щивасе гIагарал руго,**
**ГIагараб магIарул мацI бицунилан.**
**Нилъ гьел кинацаго вацалин тела,**
**Росу цIехечIого, цIар гьикъичIого.**

**Гьезда ричIчIиларо гIурус рагIаби,**
**ГIагараб мацIалда гъорлъе журарал.**
**Гьез нилъее кьела кьалул суалал,**
**КьогIаб гIумруялъул магIарухъ тараб.**

**Кин гьезда бицинеб гIагараб ВатIан,**
**ГIанграз тIом киниги, тIу-тIулеб бугин.**
**Кинаб мисал бачун бичIчIизабилеб**
**БичIчI гьечIого гIураб гIелалъул къисмат.**

Кин гьезда абилеб умумузул ирс
Наслабаз босичIин Дагъистаналда;
Имам вичаразул чарал наслаби,
Чакъалаби гIадин, тIаделъун ругин.

Туркалълъ гIурал гьезул хасияталъулъ
Хаслъи умумузул цIикIкIун бихьула.
Гьезулъ бугеб бухIи, гьезда бугеб хIал,
МагIаруллъиялъул гьабулеб къимат.

Нилъ цIехолел гьечIищ цIиял наслабаз,
ЦIа чорхолъ магIарул бугел гIолилаз.
ВатIаналъухъ урхъун хIакъдулел ругел,
ХIакъ букIина нилъей гьел гьедин тани…

## ТIАГЬИР ВА ЗУГЬРА

*ТIагьир, гьал гIадамал унел рагIулин…*
***ЦIАДАСА ХIамзат***

-Зугьра, гьал гIадамал унел рагIулин,
МагIарухъе нильги рахъун лъикI гурищ?
Балъгояб унтиги тIибитIун бугин,
ТIадруссун рилълъинищ инсул росулъе?

-ТIагьир, гьанже яхъун, дица магIарухъ
ГIумру кин гьабулеб, мун гьаглъун вугищ?
Шагьаралда гIадаб рахIат нилъее,
Алжаналда гуреб, щоларин вуцIцIа!

-Зугьра, шагьаралъул хIалхьиги рекIун,
ЙикIинищ мун дида малълъаричIого?
Рахьдал мацI лъаларел лъимал гIей гуреб,
ЛъарагI ракьалъ нилъей кьураб жого щиб?

-ТIагьир, мун гьедигIан щай гIедегIулев,
ЩвечIо гурищ нилъей налъутIа рукъзал.
Лъимал тIурачIого нилъ тIадруссани,
Гьал тIанчIазул ургъел лъица гьабилеб?

- Зугьра, нилъ нагагьлъун цереса ани,
Цониги чи гьазул нахъвуссинадай?
Росдадаса тIураб наслу дие щай,
Насаб цIехоларел васал кIваричIо.

**Гьаваги бацIцIадаб лъимги цIорораб**
**Лъалищ нилъер рохьил ссундул гIадаб бакI?**
**Гьаб гIатIиракьалъул регьелалдаса**
**Гьогьен бакьинарищ кьурул каранда?**

**Радал -бакъанида къватIивги вахъун,**
**Урхъун вуго щвезе росдал хобазде.**
**Къаси-къаси цIулал цIун печги бакун,**
**ЩIалила гIащикъал гIумрудул тIахьал.**

**Мокърукь чIалу гуреб, чIабар чияраб**
**ЧIалгIун буго дида секциялъул рукъ.**
**Лъимал расандани, рахIат тейилан**
**Мадугьал ваккулеб квартира дий щай?**

**- ТIагьир, дуда гьедин шагьар рихине,**
**Щивго мун толарев чи вугищ гьанив?**
**Мун гIадал хьвадизе мажгитги бугин**
**Мадугьалихъ балеб, лъикI ургъун вихье.**

**ГьитIинго хьвадараб къватI-къоноялъул**
**Лъабкъойилъе щведал чияс бицунищ?**
**Чанги гIащикъаб сон жаниб тIамураб**
**ГIедегIуге тезе тахшагьар рехун.**

**Итни-хамиз къояз хобазде щвезе,**
**Гьебги парз гурелъул, дугIа гьабун те.**
**ГIумру къватIиб арал нилъ гIадиназул**
**ГIамал кин рекъолеб рокъор чIаралгун?**

**Гьор-бокьалги рацIц1ун, боцIиги хьихьун,**
**ЦIидасан магIишат дир лъугьинадай?**
**РагIи-херги гьабун, хурзалги рекьун,**
**Бокьарас гьабеян абе гьеб пиша.**

**ЧIунтараб минаги чIарачIеб хурги**
**ЧIаголъулеб дару дида лъаларо.**
**Дарабазде ккараб чорхол хIалалъул**
**ХIисаб гьабичIого хIукму къотIулищ?**

**-Зугьра, гIела хабар, халат гьабуге,**
**Итниялъ къачIая къватIий яхъине.**
**Мун гIемер гьардеялъ гьабун букIараб**
**Гьижраялъул хIасил бихьанин дида.**

**Умумузул хурзал рохьдоеги тун,**
**Химикитаз цІураб буханка дий щай?**
**Тукадаса рахьдал шушбиги росун,**
**Щарил нахул тІагІам кІочон тун бугин.**

**Магь баччи кІочараб мугъзал гьодалъе**
**Гьир бакІлъизе гурин хІинкъун ятила.**
**Корониб чед лъезе лъаларел кверал**
**Квал-квазе бегьилищ ригь-мулкалда дур?**

**МахІу-квачІ гьурщизе яхІ гьечІелщинал**
**МахІачхъалаялда свереян абе.**
**Рас бахчизе гІураб гІакълу гьечІелгун**
**Накъитал гьаризе мун регІун гьечІин.**

**ГІарац кьун гурони, лъим щолареб ракь**
**Бакьан гуро, Зугьра, яхъая тІаде.**
**ТІасамагІарухъе тІадвуссинчІого,**
**ТІагьирица тІокІалъ хинкІ хІанчІуларин.**

**Роол багІариги лъарагІазе те,**
**Лъамаяб хабарги ханумаз бице,**
**Дуца хехлъи гьабун къайи бакІаре,**
**КъватІул харбал дида рихунго ругин.**

**Гьаб рищватчилъиги, чилъи билиги,**
**Чиясул, тІотІолгІан, гьечІеб къиматги,**
**КъватІахъ пасалъиги, намус тІагІинги**
**ТІокІалъги хІехьезе хІал дир гІоларин.**

**Нилъеца лъарамухъ бахаралдаса**
**Хисанщинаб низам, хал гьабе, Зугьра,**
**Хиси гьечІел мугІрул тІогьал рихьулищ,**
**Цо дозул борхалъи, дозул бахиллъи!**

**Унго, эркенлъиялъ гукканщинав чи,**
**Чияр гІадатазухъ гІаданлъиги кьун.**
**Доб хІуриятальул хІуралъ беццлъарал,**
**Бице, чан наслаби пасат гьарурал?**

**МагІарул тарихги тахбакІахъ бичун,**
**Чинал росулезул гьудул дун гуро.**
**Хъулухъ кьунщиназда кьерун кІалъалел**
**Кьерилал васазда бице дир салам.**

**Бечелъи щванагIан шагьарги беццун,
Шагьабазе наку дица бачинчIо.
Нилъер гIамалалда гIуру тIупулел
ГIоркьилал кидаго квер хьвагIун тана.**

**ДандетIамаз цIураб шагьаралдаса
Щивав инсан лъалеб росу бокьила.
АскIоса чиясде чи регIулареб
ГIатIиракьалдаса Кьурумухъго лъикI.**

**Апараглъиялда гIумруги ана,
ГIурдалъе руссине мехги щун буго,
Мехелде щвезегIан божи гьечIеб рукъ
КъачIалезда абе къо-мех лъикIилан.**

* * *

**Мультиказ хисарал кинидахъкучIдул
Кинай эбелалъул ургьир хутIарал?
ГIисинккун киниде бачунеб зикру
ГIисинал гIелазда щай кIочон тараб?**

**Гьанже гьаруразда гьайкар баларищ,
Бадисан раккулин бер ккарал гIадин,
Жакъасеб гIелалъе дугIа гьабичIищ,
ДугIнул гIадин ругин гIатIиракьалда?**

**МагIарухъ ругьунал расанди-хIаял,
Нуж хIалеб гIел гьечIо гьаб гIасруялда.
Чехьалъ гьаруразде чияр мацIалда
Чучулей рагIула магIарул эбел.**

**Лъилали мультиказ копой хисарал
КинидахъкучIдузухъ урхъуларищ нуж?**

## КОЛИЗЕЙ

*(Ремалде щведал хъвараб поэма)*

**1.**

**НекIсияб Ремалъул цебесеб тарих,
Цезаразул бадиб кенчIолеб шагьар,
Бащдаб дунялалда кверщел гьабурал
Кире арал гьанже дур легионал?**

**Аза-азар соназ ссилъун рукIарал
Дур кIалгIаби дида чIунтун ратана.**

ЧIвадназде сверарал къадал рихьидал,
Дур къиралзабазул къисмат бичIчIана.

Гьорол, цIадул балагь Аллагьлъун ккураз
ЦIвабзазухъ ралагьун гьаруна рагъал.
Гьезул аскараца тала гьарурал
Таманал халкъазул къотIана хабар.

Европа гIечIого Африкалдаса
Дуца баччанщинаб бечелъи гьаниб.
Анкьго гохIда бараб чIухIараб шагьар
Дур вахIшилъиялъул жеги бицуна…

2.

НекIсияб Рималъул колизеялда
Азарго сон барал согIал гIадатал.
ГIорцIарал къиралаз бакъараб гIалам
ГIассиял рагъазде руссинарулеб

Гьаниб мех-мехалда халкъги бакIарун
РукIана вахIшиял хIаял гьарулел.
ГурхIел-рахIмуялъул бутIа щвечIеца
ТIолаан гIадада гIодоре биял.

Гьаниб пакъирасул букIинчIо къимат,
Чорхол къуваталъул къецал гурони.
Рагъул гугьар бугел гладиатораз
Толароан чIаго чIарбиде ккарав.

Гьаниб гIадамазе чед бикьулаан,
Чиясул гьан кунеб жанаварги тун.
Ракъарал гъалбацIал тIадеги гьусун,
ТIу-тIун ван чIвалаан чIагояв инсан.

Гьаниб хьат чIвалаан, гIадамал чIвайдал,
Гьаниб хьуй букIана, чи чIаго тани.
Дин гьечIеб къавмалъул къосин гIеларищ,
Къурасе кидаго хIукму къотIулеб.

Гьале иргадулав гладиаторас
Горбода хечги лъун, лъукъарав пакъир

**Къиралaсул бадиб валагьун вуго:**
**«Бегьиларищ дагьалъ дун чIаго тезе».**

**Бидухъ гIащикълъараб Рималъул халкъалъ**
**Щавкъалда ритIула килщал эхере.**
**Шокърobe бахунеб ахираб хIухьел**
**ГурхIел гьарулаго гьоркьоб къотIула…**

**НекIсияб колизей, кире дол арал,**
**Копой гIадамазул би гIодоб тIурал.**
**ГIалам машгъуллъизе рагъалги гьарун,**
**Ругънал гIасрабаца сахлъичIо нужер.**

**3.**

**Долдаса гIемерал къарнаби ана,**
**Къоло цоабилеб байбихьун буго.**
**Долго къиралзабаз пакъирал халкъал**
**Къойилго цоцазде гьусулел руго.**

**БетIерлъун кканщиназ буртIинкилщалги,**
**БетIер эхе гьарун, гIодоре ритIун,**
**Унго, гIайиб гьечIев чIваравщинав чи,**
**ГIаламалъе даим кьураб гIакъуба.**

**Дида ккола дунял колизей бугин,**
**Кидаго жанисан зулму тIагIинчIеб.**
**ТIалъи бокьанщиназ кьалдеги гьусун,**
**Ракьалда кидаго питна бекьулеб.**

**Машрикъалъул ракьал, Шамалъул улка,**
**Колизеялда нуж релълъун ругеб куц.**
**Лъилали гIарцуца вацал-гIарабал**
**ГIадада рагъизе тIамун ругеб куц.**

**НекIсияб Рималъул колизеялда**
**Дида ккана дунго гладиаторин,**
**ГурхIелалъул асар рекIелъ тIагIарал**
**ГIадамазда данде дунго вахъарав.**

**НекIсияб Рималъул хутIарал къадал**
**Къарнабаз цIунараб цIар араб тарих,**
**ЩIалила гьанже мун магIарулаца, -**
**МагIида хутIанин нижерги хунжрул…**

## ГЬЕЛЧЕЛА, ХЪУДИЛА ХЪАХIИЛАБ РАЛЪАД

**Дун духъе вачIина, хъахIилаб ралъад,
ХъахIлъи балеб гIужалъ гIодове виччан,
ГIадамазул хIаяз хIайран гьавурав,
ХIикмалъизе щибго нахъе хутIичIев.**

**Дун духъе вачIина, чIухIараб Каспий,
ЧIахIилъе руссарал васазул бицун.
Гьаб дунялалдаса ракIалъул хьулал
РукIинчIел кинигин, тIолго руссарав.**

**Дун духъе вачIина, хъахIилаб ралъад,
ХъахIилал зобазде рогьел рехигун,
Регьелалъ бецIц1улеб дур гьаваги цIан,
ЦIидасан гIумрудул пикру гьабизе.**

**Дун духъе вачIина, хъудулеб дунял,
Дардал гIодоцанин гIадалаб рекIел.
ГIумруялъ кивего гIедегIаниги,
ГIужда дун щвараб бакI щибниги ккечIин.**

**Дун духъе вуссина, свак лъалареб лъим,
Сардил ахиралда гIодоб буссиндал,
ГIисинккун гьелчолел карачелаца
Чанги ракIалдещвей кIикIулеб гIужалъ.**

**Чангиял къанщанин, шагьар цIилъанин,
Шагьаби гIемераз гIалам гукканин,
ГIицIго мун хутIанин, хирияб ралъад,
Хиси-свак лъачIого, сали лъалъалеб.**

**Дун духъе вачIина:  мугIрул лъарал лъим,
ГIатIилъуде щведал, щай тIагIарабин.
Щвеларо дий жаваб, щубал хирияб
Гьелчела, хъудила хъахIилаб ралъад.**





**МухIамад АХIМАДОВ**

## ЩУГО КИЛИЩ

*(Япониялъул къагIидаялъ – щумухъилал танкаби)*

* * *

**ГIалахалда тIугьдузул**
**ТIегьараб берцинлъиялъ**
**Бицунеб буго дие**
**КочIой хIажатаб маргьу…**
**Гъунар буго берцинлъи.**

* * *

**Мунги херлъун йиго,**
**Дунги херлъана,**
**Харилъ тIегь гIадинаб**
**ГIумру бечIана…**
**ЧIвана заманаялъ**
**гьелъул берцинлъи.**

* * *

**ЧIужугIадан, дур сурат**
**РекIел чIухIилъун буго,**
**КIутIбузул гъаргъар балеб,**
**Гъаримлъигун цолъулеб…**
**Цо йиго мун, цо йиго.**

* * *

**Дие мун йокьулаан,**
**Дуе дун вокьулаан,**
**Гьанже гьелда божизе**
**Бижараб кечI хутIана…**
**ХутIарабщинаб хвана.**

* * *

**Дий ине бокьилаан**
**Ракьалдаса магIнагун,**
**ДугIалъун лъугьине те**
**Ахирисел рагIаби:**
**Ахир – байбихьи бугин.**

* * *

**Мун дидаса рикIкIад**
**Бугеб щай, талихI,**
**РахIат толеб гьечIин**
**Кидаго дуца, –**
**Дуца босун ана дир**
**кочIол хIалхьи.**

* * *

**Нухал, нухал, нухал**
**ХалалъанагIан**
**Халкъалдаса тIолел,**
**РатIалъулел щай?**
**ВатIан биларабго**
**букIунин гьедин.**

* * *

**Дица, магъущас гIадин,**
**РухIалде ахIи бана,**
**Балагь къабул гьабизе**
**БахIарчилъи кьейилан…**
**Кьуна гьелъ, къарумлъичIо.**

* * *

Заманагун, къасдалгун,
Къисматгун, тIадчагIигун
Рекъел балагьейилан
Буго дида абулеб:
Амма гьеб дида кIвечIо.

* * *

Рагъ хисун кьураб гIумру,
ГIумру хисун кьураб рагъ…
Ругъназул цIураб ракIгун
Рагъиде вахун вуго:
Буго дару – дир росу.

* * *

Щиб дуе бокьун бугеб
Ракьалда жеги лъазе –
Рокьиги дуда лъана,
Рокьукълъиги бихьана…
Хьул буго талихI кьелин.

* * *

ЖужахI – гьеб батIиязе
Бугин ккола нилъеда,
Алжаналда рукIинин
БукIуна ракI кидаго…
Лъидаго гьеб лъаларо.

* * *

ГIемер валагьана
Виларав дунго
Дунялалъул рокъов,
Халкъалда гьоркьов, –
Ватун бажаричIо,
кодове щвечIо.

* * *

МугIрул руго мугIрузе
МагIарал мацI бицунел,
Зобаз буго ракьалъе
Кьолеб аваразул кечI…
ГьечIо дир тIокIаб талихI.

* * *

ТIелхазукь тIегьан буго
ТIадагьаб магIил горо,
Гирун унеб цIва буго
ЦIорораб гIумрудулъа…
ГIадада кьечIо рокьи.

* * *

ГIолохъанал соназда
Рагъде ана мадугьал,
МагIарулай хутIана
Гьесда хадуй ялагьун…
Гьелъ нусабго сон бана.

* * *

Вуго херазул рокъов
Херав чи, лъимер гIадин,
Лъималазда кIочарав,
ГIодулев вуго пакъир…
Къисмат, къисматин абун.

* * *

МагIарулав вуго
ДугIа гьабулев
МугIрузухъ валагьун¸–
Аллагьасе рецц –
ДугIадулъ жегиги
авар мацI букIин.

* * *

Зобалазул замана –
Заман гьечIеб замана,
Зобалаз кьураб буго
КьурабгIан гIечIеб гIумру,
Заманалъун лъугьараб.

* * *

Рокьуда ятарай
Дир гурей, дирай,
Дурги дирги гIумру
ГIадада инчIо…
Лъималаз кинабго битIизабила.

* * *

БечIараб тIегь бакъвала,
Бакъвараб гIодой гъуна…
Гъуниб магIарда руго
РекIел лъалкIал, тIугьдуллъун,
ТIегьан, речIан, ракъварал.

* * *

**Рокъове вуссарабго**
**Рукъ батулареб заман,**
**Заназухъ лъалхъулареб,**
**Хабал кIочараб заман,**
**Мун мунагьлъун лъугьана.**

* * *

**Мун, заманаялда**
**ГIумру гьабулев,**
**Заманалъун гьечIищ**
**Гьаб гIумруялда? –**
**Суалазул суал буго гьадинаб.**

* * *

**Араб заманалъул**
**Диванчи гIадин,**
**Дунялалъухъ вуго**
**Валагьун инсан, –**
**Жинцаго жиндийго**
**диван гьабулев.**

* * *

**Дир тIехь рагьулеб мехалъ,**
**Рагьула дуца гIумру,**
**ЦохIо дир къисматалъул**
**Къисадул шигIру хъвараб, –**
**ГIумру – гьеб буго шигIру.**

* * *

**Халкъалъ кодов ккун вугев**
**ВукIуна борхалъуда,**
**Халкъалъ гIодов рехарав**
**ХутIула кIкIалал тIинда…**
**Дуда гьеб кIочон тоге.**

* * *

**– КочIолъ щиб ахIулев мун?**
**– ГIумру ва гьелде рокьи.**
**– КIочене щиб бокьун мун?**
**– ГIумру ва гьелде рокьи…**
**…Огь, гIажаибав инсан.**

* * *

**ЛъанагIан лъачIеблъун**
**Лъугьана гIумру,**
**ГIелму цIакъ батIияб**
**Батана гьелъул…**
**БетIергьанас буго**
**гьеб жеги цIунун.**

* * *

**ГIумруялъ гIемераб**
**ГIакълу кьурав мун,**
**Кьурул рагIалда щай**
**Кьурдулев вугев? –**
**Гьелъ гIадин рекIее**
**роржен кьоларо.**

* * *

**Абуралдаса рагIи**
**АбичIеб лъикIаб бугин**
**Буго магIарул аби,**
**БитIарабги буго гьеб…**
**Гьеб букIинесеб буго.**

* * *

**ГIарац гьечIев мискинчи,**
**Мусру щоларев пакъир,**
**Панкъ садакъадеги щун,**
**Унго, вохун вугев куц…**
**Гьев дун вугилан ккола.**

* * *

**ШагIир араб мехалда**
**Уна цадахъ дунялги,**
**Унаро кочIол мухъал,**
**Нахъе халкъалъ цIунарал…**
**ЦIун руго рагIул хулжал.**

* * *

**Чодаса вортун арав**
**Воре, вортахъе тоге,**
**ГIодов ккарав ватани,**
**Вахъинаве, кверги кьун…**
**Ирга щивасде щола.**

* * *

**Лъиданиги гьаруге,**
**Гьаре БетIергьанасда.**
**БутIа-бутIалъун гьабун,**
**Босе Аллагьас кьураб…**
**Кьола нилъее кколеб.**

* * *

**Щайзе гьаб ракьалде**
**РачIун рукIарал, –**
**Гьеб ракIалда гьечIо**
**ГIемерал руго…**
**РукIинчIел кинигин,**
**анир рукIарал.**

* * *

**РекIелъ бижараб рагIи**
**ГIадада бижуларо,**
**Божилъиялъ куркьбал гъун**
**Каранда боржанхъула…**
**Роржен дуе гьелъ кьола.**

* * *

**ГьекъанагIан къечолеб**
**Ралъдал лъим буго рокьи,**
**Рокьуца кьураб буго**
**Балагь шагIирзабазе…**
**ШигIрабазда яхI лъезе.**

* * *

**Дагъистан – дир маргъу,**
**Гьунар, кIодолъи.**
**Дагъистан – дир улка,**
**Каранзул канлъи,**
**Кинидахъ кечI буго**
**дир гIумруялъул.**

* * *

**Дуе кьуралъ кьураб**
**Рохел цIакъ даимаб,**
**Дуца кьуралъ кьураб**
**Рохел цIикIкIараб**
**БукIин лъай – даимаб**
**рохеллъун буго.**

* * *

**Дир гьудулги тушманги**
**Гьудулзаби лъугьана,**
**Дун дирго тушманасда**
**ТIаса лъугьунев вуго,**
**Гьудуласдаса гьечIо.**

* * *

**Ралъдал рагIалда буго**
**МагIарул иццул ахир,**
**Ахирзаманаялъул**
**Карачелалгун цолъун…**
**Авал буго дир рекIелъ.**

* * *

**ракI бацIцIад гьабунагIан**
**БацIцIалъула дуниял,**
**Дунял чороклъанагIан**
**БацIцIине ккола къисмат…**
**Воре, ракI бацIцIад цIуне.**

* * *

**Дида Аллагьасда**
**Гьаризе лъачIо**
**Гьаб дуниялалда**
**Бищун хIажатаб:**
**Гьаризе кколаан рекIее хIалхьи.**

* * *

**ГIарцуца гIумру чIвачIел,**
**ЧIумал цIалулел ругел**
**Рокьула дий гIадамал,**
**ГIадатиял, божулел…**
**Божи буго бечелъи.**

* * *

**Росдал маслихIатчилъун**
**Лъугьинаро кидаго**
**Щибаб къойил жиндирго**
**Рокъов вагъулев вугев.**
**Рагъде ругьунавщинав**
**рагъда вукIуна.**

* * *

**Руго гIемерал цIарал,**
**ГIадамаца цIунарал,**
**ЦIваби гIадин кунчIарал,**
**ЦIаял гIадин къалъарал, –**
**Руго цIарал, хвел гьечIел.**

* * *

**Цо жидеего гуреб**
**ГъастIа цIа бакуларел,**
**Лъана дида гIадамал,**
**ГIемерал рихьана гьел, –**
**Амма гьел гIадамалищ!**

* * *

Къал лъугIараб мех гьечIо,
Рагъ къотIараб къо гьечIо,
Къоло цоабилеб век
Квешлъиялъул цIун буго, –
ЦIуне Дуца, БетIергьан.

* * *

БукIине ккола лъикIлъи
ЛъикIаб рагIуда цадахъ,
Гьеб гьечIони, рагIаби
ГIададисел рукIуна,
РакIалдаса хех уна.

* * *

Зобалазда аскIоб
Ана дир гIумру
МугIрузул тIогьазда
МагIарул росулъ, –
Гьаб дир ватIаналъул
гьаракьлъун буго.

* * *

Нилъеда тIаса бер
Босулеб гьечIо
Бокьулеб ватIаналъ,
РитIухъаб халкъалъ, –
Халкъгун вукIа, шагIир!

* * *

Адабияталъул
Къалам бекана,
Маданият гьечIо,
Гьерсал хутIана…
ГьечIо гьел цIунулеб
цIияб балъголъи.

* * *

ШагIир гIенеккун вуго
ГIекколеб бугеб рекIехъ,
РакIарулел руго гьелъ
ШигIрабазе рагIаби…
МагIулъун кунчIун ругел.

* * *

Руго цере–хадур
ГIумруги хвелги,
ГIемер мех балареб
Дуниялалда,
ГIорхъолъа ине гьез
нилъ риччаларо.

* * *

ХъахIилал зобазда
НакIкIаз рахъарал
ХъахIалгун хъахIилал
Суратал руго…
Цониги суратни гьезде щоларо.

* * *

МугIрузул ракьанда,
Кьурул каранда
Кьуна бацIцIадаб лъим
МугIрул иццуца…
Гьелъул бацIцIалъиялъ
цIунун буго кечI.

* * *

Инсухъ щайзе гьанже
Урхъулев вугев,
Эбелалъухъ щайзе
Угьдулев вугев? –
Гьел аскIоса индал
дуниял хвана.

* * *

РекIелъан роржунел
Руго къункъраби,
ВатIан тун унелъул,
ТIадруссунелъул…
ТалихI гьечIеб талихI
кьун буго гьезий.

* * *

Ракьалдаса индал
КочIолъ хутIизе
ВатIаналъул гьаракь
РагIана дида:
МагIарул мацIалда
магIарул росулъ.

* * *

Свакараб ракь буго
Кьижун хасало,

**Их бачIараб мехалъ**
**БорчIизе хьулгун, –**
**Унго, гьелъул бугеб**
**бечедаб макьу.**

*** * ***

**ЦIвабазазул цIад буго**
**Гордухъе балеб,**
**Валагьун вуго дун**
**Гьеб хIикматалъухъ:**
**ХIикматлъун лъугьуна**
**мех–мехалъ лахIзат.**

*** * ***

**«Алжаналъул ах гIадаб**
**Хоб батизе бокьарас» (с.а.)**
**Рокьи Аллагьасе кьун,**
**Ракьалда гIумру гьабе, –**
**Гьедин кIалъала Устар.**

*** * ***

**ДугIаялъул магIна**
**Буго кидаго**
**Кумек тIалаб гьаби**
**Аллагьасдаса, –**
**Гьеб буго кидаго дир**
**кочIол рекIелъ.**

*** * ***

**Дур хинлъиялъ хинлъана,**
**Дур цIороялъ цIорона,**
**ЦIа гъастIа свине течIеб,**
**Росулъ бугеб инсул рукъ…**
**Рокъове вуссина дун.**

*** * ***

**МагIарухъа араб**
**МагIарул рагIи,**
**МагIарухъе кида**
**Нахъбуссинеб мун? –**
**Ссун буго гъансито,**
**тун буго росу.**

*** * ***

**Щибаб къо бакъудасан**
**Байбихьула ракьалда,**
**Бакъ тIерхьиндал чIегIераб**
**Сордо чIола мугIрузда…**
**ГIумруги хвелги гIадин.**

*** * ***

**МагIарулал рукIана**
**РакI гIатIидал гIадамал,**
**Гьобол-гьудул хириял,**
**Халкъалъул ургъел бугел…**
**Халкъ хвана, ургъел гьечIо.**

*** * ***

**Ургъун бахъараб буго**
**Улкаялъул кIодолъи,**
**КIодолъи щиб букIунеб,**
**Щибго хутIичIеб мехалъ! –**
**ГьечIо миллаталъул цIар.**

*** * ***

**МагIарухъе щаравго,**
**Шагьаралде цIалеб ракI,**
**ЦIан бахъун рехе, гьудул,**
**Аваразул гIурулъе, –**
**ГIуруца ине биччай.**

*** * ***

**Дие, рогьел гIадин,**
**Гьимула ватIан,**
**МаркIачIул цIва гIадин,**
**КунчIула ватIан.**
**ВатIан буго гIумру,**
**гIумру – дир ватIан.**

*** * ***

**Дир ракIги цадахъ босун**
**Боржун ана милъирщо,**
**КочIол куркьбалги хьвагIун,**
**РекIел цIумурлъун лъугьун…**
**Огь, милъирщо, лъимерлъи!**

*** * ***

**ХабатIа хер, гьулаклъун,**
**Гьелчезабулеб буго,**
**Ккола гьениб гьороца**
**Гьабулеб бугин дугIа…**
**Огь, гIумрудул гьитIинлъи.**

*** * ***

**Ракьалда ракун ругел**
**ЦIаял гIадин, рихьула**
**Рорхатго ругел цIваби,**
**Гьел зобалаз, чIумаллъун,**
**ЦIалулел руго нилъей.**

* * *

**ЦIалулеб буго гIумру,**
**ТIехьалъул тIанчал гIадин,**
**ГIемерисеб кIочараб,**
**Я гьоркьоб биччан тараб,**
**Херлъи – гьеб хадурагIи.**

* * *

**Цояб рахъалда – сухIмат,**
**Гьаб рахъалда – магIирукъ, –**
**МагIирукъ къварид буго,**
**Бертин хъудулеб буго,**
**Огь, гIадамазул гIумру.**

* * *

**Щурун абураб рагIи**
**РагIула дунялалда,**
**Дандерижилъун лъугьун.**
**Халкъалъ къабул гьабуни,**
**АхIи базе кколаро.**

* * *

**Гьал гIатIидал авлахъал,**
**ХъахIаб гIазул цIун ругел,**
**ГIемер сверизе ккана…**
**Амма рекIелъ букIана**
**КьилимагIарда гIазу.**

* * *

**Бусада сверулаго,**
**Сапар ракIалде щола**
**Унтун вугев чиясда,**
**Нухазде ругьунасда…**
**Гьес дуниял сверула.**

* * *

**Пиридул хвалчен буго**
**Кьабулеб кьурабазда,**
**Руго гьарчал гъун унел**
**Гъуниб кIкIалал тIиналде…**
**Пири – зобазул пикру.**

* * *

**Хасалил ралъдада тIад**
**Лъедолел цIорол кескал,**
**Хадур-цере рихьула,**
**РагIалде гIедегIулел, –**
**Гьел чайкабиийн ккола.**

* * *

**Хабалалъ хабаралъе**
**ХутIула цохIо зани,**
**Дун хIинкъигун валагьун**
**Вуго гьелъухъ кидаго, –**
**Унтун вуго дир гьудул.**

* * *

**НакIкIал роржунел руго**
**Зодихъ кочIол мухъаллъун,**
**Рахъ-рахъалде роpтула,**
**Цояз цоял ралагьун…**
**ГIадамал, кучIдул цIале.**

* * *

**РакI гIекколеб буго,**
**ГIенеккунги чIун,**
**ЧIунтарал росаби**
**Рихьараб мехалъ…**
**РакI кIалъазе**
**гIадан вихьулев гьечIо.**

* * *

**Эбел йигеб мехалъ**
**БукIана росу,**
**Дун гьечIонаниги,**
**ЧIагого бугеб, –**
**Эбел гьечIеб мехалъ**
**росуги гьечIо.**

* * *

**Дун пашманго вуго**
**КъотIносан унев,**
**Чияр мацIалъ руго**
**Лъимал гаргалел…**
**Дида бичIчIуларо**
**гIумрудул магIна.**

* * *

**Къваридал нухалги**
**ГIатIидаб ракIги**
**Кьун руго магIарухъ**
**МагIарулазе, –**
**Гьезие ритIухъал**
**рилулел руго.**

* * *

**РикIкIада рихьулел**
**ГIазулал мугIрул**
**ГIагарлъулел руго,**
**ГIумру анагIан…**
**ГIазул мегIер гIадин,**
**хъахIлъана бетIер.**

*** * ***

**РекIел рорженлъалеб**
**ГIумруялъул хIинчI,**
**ХIинкъун гуро, къвакIун**
**Боржунеб буго…**
**Божилъиялъ буго**
**гьелъий къуват кьун.**

*** * ***

**Я дуда лъалареб,**
**Я мун лъалареб,**
**Мунагьал гьурщулеб**
**Кьун буго заман…**
**Занал лъугьун руго**
**гьелъул суратлъун.**

*** * ***

**ХIал бихьизе тIад тарал**
**ХIалихьатал тIадчагIи**
**ТIадвугес кьурал руго,**
**Нилъеда нилъго лъазе, –**
**ГIадамалищ, лагъзалищ?**

*** * ***

**Гьанже дур матIуялъуб**
**БатIияб гьумер буго,**
**Гьимиги херлъун буго,**
**Хвелги гIагарлъун буго, –**
**ГIагарлъи хисун буго.**

*** * ***

**Бакъ баккула, тIерхьуна,**
**ТIадбуссуна, ссун уна,**
**Сунданиги кIоларо**
**КIулал рахан, бахчизе…**
**Бакъ кидаго бакъ буго.**

*** * ***

**Берал къанщанщинахъе**
**Щола нахъбуссун заман,**
**ЗахIматго ракI унтула,**
**Толаро гьелъ бий хIалхьи.**
**Гьелъий дару – рахьдал мацI.**

*** * ***

**РакI бохулеб канлъилъун**
**Лъугьун рихьула мугIрул,**
**ГIурччиналги хъахIалги**
**Цолъун рихьула накIкIал…**
**РикIкIаде унге, ватIан.**

*** * ***

**ГIамал квешал гIадамал**
**ГIемерлъиялъе гIилла:**
**Миллаталда мацIгун цIар**
**КIочараб заман букIин, –**
**БукIинесеб хун буго.**

*** * ***

**Хвел щола, хвелгьечIолъи**
**ЧIагоязе щоларо,**
**ХвечIого шагIирасул**
**Гьунарги бичIчIуларо…**
**Гьединаб буго къисмат.**

*** * ***

**Шагьаралъул ахикь**
**МугIрул зобал тун,**
**Бухьун бихьула цIум**
**Сурат бахъизе…**
**Суризабун буго**
**гьелъул кIодолъи.**

*** * ***

**ДандчIвалел, ратIалъулел,**
**ВатIан тун къватIир унел,**
**БатIиял улкабазда**
**ТалихI цIехолел ругел…**
**Руго сверухъ гIадамал.**

*** * ***

**Кьурул рагIалдаги**
**КIкIалал тIиндаги**
**Буго пачалихъалъ**
**Нилъее бакI кьун…**
**РакI унтулеб буго**
**гьелъухъ валагьун.**

*** * ***

**МагIарул мацIалда**
**КучIдул цIалулел**
**ГIадамал хутIани,**
**ХутIила шагIир…**
**Щиб букIине бугеб**
**метер – лъаларо.**

*МахIачхъала,*
*май–июнь–июль 2021 сон.*

## МАЦIАЛЪ ЦIУНУЛА ХАЛКЪАЛЪУЛ РУХIИЯБ БЕЧЕЛЪИ

Гьаб ахираб заманаялда, кидаго букIинчIеб гIадин, кIвар бугеблъун лъугьун буго Дагъистаналъул миллиял мацIал цIуниялъул масъала. Тарихалдасан баянлъулеб буго рахьдал мацIазде тIаса-масагояб бербалагьи гьабиялъ миллияб маданияталъул нур ссвине гьабизе квербакъулеб бугеблъи, гIолилазулъ миллияб хаслъи лъугIун унеб бугеблъи. Гьединлъидал чара гьечIого хIажатаблъун лъугьун буго гIун бачIунеб гIелалъул рекIелъе гIагараб рахьдал мацIалде рокьи бижизабизе.

Лъим гьечIелъуб ччугIа гIезабизе бажаруларелъул, лъималазул рекIелъги рахьдал мацIалде рокьи гьечIони, жидер миллаталдаса чIухIи гьезулъ бижуларо. Гьединлъидал миллияб мацIалде гьел ракI-ракIалъго ругьунлъизаризе ккола гьитIинго жидерго хъизаналдаги школалдаги. Рахьдал мацI буго инсанасе бищунго аслияб къиматаб хазина ва рекIелъе рохел лъугьунеб сайигъат. Гьелъ жанибе бачуна тIолабго халкъалъул гIумру ва тарих. Гьединлъидалин кинаб улкаялда вижарав вукIананиги, щивав инсанасулъ щулалъизабизе ккола жиндир эбелалъул каранзул рахьдада цадахъ жиндие насиблъараб ва жиндир гIумруялъго хIажатаблъун лъугьунеб мацI. ГIицIго миллияб мацIалъ цолъизабула халкъ, гьелъул жакъасеб къоги цересел умумузул гIумруги.

Рахьдал мацIалъул рагIиялъин лъимер жиндирго халкъалъул васлъун лъугьинавулев. Щивав чиясда лъазе ккола жиндирго рахьдал мацI, гьеб буго гIумруялъулги тIабигIаталъулги къанун.

НекIсияб заманалдаса нахъего гIакъилзабаз, хъвадарухъабаз, мугIалимзабаз абураб рагIи буго инсан унго-уголъун гьеб халкъалъул вакилъун лъугьиналъе рахьдал мацIалъ квербакъулилан.

ГIадада гуро абулеб «эбелалъул мацIилан». Эбелалъ рахьдал мацIалда кинидахъ ахIараб кочIол рагIаби лъимада кIочон толаро тIолабго гIумруялъ. Кинида вугеб заманалдаго ругьунлъула лъимер рахьдал мацIалъул гьаркьазде, гьездасан рагIаби гIуцIизе. ЛъимадулЪ лъикIаб гIамал-хасият лъугьиналъеги квербакъула эбелалъул кинидахъ кучIдуз, халкъиял маргьабаз. Гьезул щибаб рагIи букIуна гIумруялъего гIакълу кьолеблъун, гIадамазда гьоркьор хьвада-чIвадизе малъулеблъун.

МацI цо гIелалъ хадусеб гIелалъе ирсалъе кьола, гьединлъидал миллияб мацI цIуниялъул аслияб жавабчилъи тIаде ккола хъизаналде ва эбелалде. Хъизамалда жанир рокъор рахьдал мацIалда эбелги эменги кIалъалел рукIиналъул кIудияб кIвар буго. ГIакълу-лъай бижаралдаса лъимаца мисал босула эбел-инсудаса. Гьединлъидал жиндирго халкъалде, миллияб, рухIияб маданияталде лъимадул рекIелъ рокьи бижула жиндица бицунеб мацIалдалъун. Рахьдал мацIалдалъидалха эбелалъ кучIдул ахIулел, махсаро-хочIалъул рагIаби абулел, бегьулеб-бегьулареб батIа бахъизе малъулеб. Гьедин бижун бачIуна хъизаналда жаниб чIахIиязулги гIисиназулги гIаммаб, хасаб рухIияб хурхен.

ЛъимадулгIамал-хасият куцаялъулъ, нилъер умумуз абухъего, жидер рижи гIаданлъун лъугьинавиялъеги, гьай-гьай, квербакъула хъизаналда жаниб гьесул ботIрольги рекIелъги щулаго бессун бугеб рахьдал мацIалъ. Цоцазулгун хурхен-бухьеналъе аслияб алатлъун бугеб мацIалдалъун лъималазул лъай-хъвай лъугьуна жидер заманаялъул гIадамазул хьвада-чIвадаялъулгун, кумек гьабула сверухъ лъугьунеб бугелъул магIна бичIчIизе, гIумруялъулъ жиндирго нух батизе.

Гьелдаго цадахъ эбел-инсуда тIадаб буго лъимадул калам камиллъизабизе, бичIчIуледухъ жиндир мацI бицине куцазе. Якъинаб жо буго мацI цIуниялъул тIалаб тIаде кколел чагIи эбел-эмен ругеблъи. Гьездасан тIоцере щола лъималазе рахьдал мацIалъул дарсал, эбелалъул рахьдада цадахъ гьезие ирслъун лъугьунеб миллияб мацIалде рокьиги лъугьуна гьезул рекIелъе.

ГьитIинаб мехалдасаго лъимал гIагарлъизаризе ккола халкъияб кIалзул гьунаралъул асаразде, нилъер шагIирзабаз лъималазе хъварал кучIдузде, гьединго кочIохъабаз ахIулездеги. Гьеб рехсарабщиналъ рекIелъ бессула гьединазул асаразулъ лъун бугеб рахьдал мацIалъул пасихIлъи, гьайбатлъи ва гьуинлъийин абуниги мекъи ккеларо.

Гьанже бицинин рахьдал мацI лъаялъе, гIумруялъго лъималазе гIагараблъун лъугьиналъе квекIен гьабулел цо-цо рахъазул. Росабалъ кIудабазда аскIор ругел лъималазда лъикIго лъала рахьдал мацI. Амма гьел лъималазул яслиялде ритIаралдаса гьел бигьаго рачIунел руго гIурус мацIалъ кIалъаялде, цIиялде рекIел цIай букIиналъги батизе бегьула.

Амма суал бачIунеб буго рокъоб лъималазда ва лъималазул лъималазда рахьдал мацIалда кIалъаялъе сунца квалквал гьабулеб бугебилан.

Эбел-эменги кIудабиги руго лъималаз аслияб къагIидаялъ мисал босулел бищунго гIагарал ва хириял гIадамал. Рокъоб кинаб ахIвал-хIал бугониги, киданиги лъималаздехун рахьдал мацIалда кIалъазе намуслъизе бегьуларо эбел-эмен ва кIудаби. Гьел намуслулел рукIин загьирлъани, лъималаздаги бичIчIула гьезги рахьдал мацIалъул къимат гьабулеб гьечIеблъи. Лъималазда бичIчIизабизеги бихьизабизеги ккола гьезул рахьдал мацI цогидаздаса къадруябги, къиматабги, тIадегIанабги, хIатта берцинабги бугеблъи. Гьелдехун цодагьабниги къадру хвеялъул асар цIикIкIаразул рахъалдасан гьезда бихьулеб бугони, лъималазул гьелдехун бугеб рокьи бикьа-биххун уна, гьезие гьеб лъугьуна цо кинабалиго балъголъи гъорлъ бугеб, бицинчIониги гIолеб мацIлъун. Амма хъизаналда жанир киналго рахьдал мацIалда кIалъалел ругони, лъимадул рекIелъ гьелде рокьи цIикIкIуна, дидаги лъик1го лъалеб бугин «эбелалул мацIилан» рекIелъ чIухIигун, ихдалхIинчI разиго чIирчI-чIидулеб гIадин, хIасратго гаргадизе лъугьуна. Рокъосезги рецц-бакъалдалъун гьелъухъ реэдани, лъимал разилъула, хадур жидерго лъималаздаги рахьдал мацIалда гурони кIалъаларин абураб, жалго гьитIинал рукIаниги, кIудияб пикруги бижула.

Школалда нилъеца цIалдохъабазулъ рокьи бижизабизе ккола жидер миллияб мацIалдехун гуребги, цогидал халкъазул мацIаздеги. Цогидал мацIал лъазари нилъер заманалда беццизе ккараблъун лъугьун буго. Гьедин жиндирго рахьдал мацIалда цадахъ цогидалги мацIал лъалел ругони, цIалдохъанасе бигьалъула батIи-батIиял халкъазул гIумруялъулгун лъай-хъвай гьабизе гуребги, жиндирго гIагараб халкъалъул маданият гъваридго лъаялъеги. «Чан батIияб мацI дуда

лъалеб батаниги – гьебгощинаб нухалъ чи лъугьун вуго дур», – ан абун буго некIсиял гIакъилзабаз. ХIакъикъаталдаги жиндирго рахьдал мацI гъваридго, дурусго, мухIканго лъалеб букIун, цогидал мацIал лъазариялъ квербакъула инсанасул пагьму-гьунар цIикIкIиналъе, пикру камиллъиялъе, жинда лъалел рагIабазул къадар гIемерго цIикIкIиналъе.

Гьаб заманаялъул жамгIияталъе хIажат руго жидер миллияб мацIалдаго цадахъ гIурус, ингилис мацIал лъалел гIадамал. Амма дагъистанияз, цогидал халкъазул гIадамазго гIадин, кIванагIан лъикIго лъазабизе ккола тIоцебесеб иргаялда рахьдал мацI, цоцаздехун эркенго кIалъазе ккола рокъор гьеб мацIалда. Рахьдал мацI лъай буго аслияб шартI, инсан кинаб мацIалъул, кинаб халкъалъул чи вугевали лъаялъе. Гьелдаго цадахъ гIадамазул гIумруялъулъ чара гьечIого хIажалъула жидерго миллаталъул мданияталдехун рекIел цIайи, гьелдехун рокьи. Хасго гьеб гьечIого гIоларо лъугIун иналъул хIинкъи бугел гIисинал миллатазе.

КигIан бокьичIониги, гьаб ахираб заманаялда загьирлъулеб буго жиндирго рахьдал мацIалдаса бигьаго, хехго ва мухь кьун лъазабулеб бугеблъи лъималаз ингилис мацI. Гьеб буго кIвар буссинабизе ккараб масъала.

Дагъистаналда гьаб нилъер заманаялда миллиял мацIал лъазариялде кIолеб кIвар соналдаса соналде лъаледухъ загIиплъулеб буго. Масала, МахIачхъалаялъул школазул гIемерисел цIалдохъабаз абулеб буго жидеда рахьдал мацIалда бицунеб жо бичIчIуларила ва кIалъазеги, бицинеги захIмалъулила, гьединлъидал рокъобги гIурус мацIалъ гаргадулила. Гьелъие гIиллалъун лъугьун бугин ккола гьезда сверухъ ругезги рахьдал мацI бицунеб гьечIолъи, жидер гIагараб мацIалъул калам гьезул гIундузда къанагIат гурони ратIулеб гьечIолъи. Цоцазда гьоркьоб гIадамазул хурхен-бухьеналъул аслияб аллатлъун кколелъулха мацI. Гьеб суалалда хурхун цIех-рехалъ чIезабун буго лъимал цоцаздехун жидерго гIагараб, «эбелалъулаб» мацIалда кIалъалел гьечIолъи. ГIумруялъул ахIвал-хIалалъ хIалакинарун, жидерго хIалтIи-ишалде машгъуллъизарун ругел эбел-инсуцаги гьеб суал тIаса-масагояблъун, кIвар кьезе кколареблъун толеб буго. Гьелъ бижизабулеб буго гIисиназул рекIелъ лъугьунеб нилъеца рахьдал мацI гIодобегIанлъизабулеб букIиналъул гIемерго заралияб пикру.

Рахьдал мацI лъикIго лъалеб гьечIони, захIмалъула Дагъистаналъул гIемермиллатазулал школазул хIаракатчилъиялъулъ аслияблъун кколеб миллияб маданияталдехун лъималазул рекIелъе адабги хIурматги лъугьинабизе. Жиндир рахьдал мацIги лъаларев, миллияб маданияталъул бечелъиги бичIчIуларев чиясул ихтияр гьечIо жив пуланаб халкъалъул вас вугилан рикIкIине.

Рахьдал мацI цIуниялъулъ, миллияб маданияталъул ирсилаллъун лъимал куцаялъулъ, Дагъистаналда гIумру гьабулел халкъазул рухIияб бечелъиялъулгун лъай-хъвай бугеллъун лъугьинариялъулъ кIудияб кIвар буго гьезие жидерго хъизамалда кьолеб тарбиялъул. Амма цо-цо мехалда нилъ разилъулареб масъалалъун лъугьун буго гьеб хъизаналда рахьдал мацIалдехун бугеб гьоркьоблъи. ГьитIинаб мехалдасаго росабалъ гIурал лъимал гIенеккула кIодоца яги кIудадаца рицунел маргьабазухъ, харбазухъ, биценазухъ. Гьездасан лъала лъималазда гIагарал мугIрузул, кIкIалазул, гIоразул, гIодорлъабазул берцинлъиялъул хIакъалъулъ. Амма, кигIанго бокьичIониги, нилъер

заманаялъул ахIвал-хIалалда школалъ загIиплъизабуна кIодояз ва кIудадабаз жидерго гъанситухъ лъималазул лъималазе кьолеб тарбиялъул кIвар. Масала, жакъа шагьаралда гIумру гьабулел нилъер лъималазул кIодоязда жидедагоги лъаларо рахьдал мацI, жидер заманалда гьел цIалидал шагьаразул школазда. Гьедин гьезул лъималазе ирсалъе щвечIо умумузул рахьдал мацI. Жакъагицин дандчIвалел руго цIалдохъанасул эбел-эмен, щайин заманги гIадада хвезабун, лъималаз рахьдал мацI лъазабизе кколеб, цIалул идарабазде лъугьунаго гьеб хIажалъуларелъул, цIалун рахъун, хъулухъалъулъ эхеде рахиналъеги гьелъул щибго кумек букIунарелъул. Цо-цоязин абуни, школазул директорзабазда гьарулеб буго рахьдал мацIалъул дарсаздаса жидер лъимал эркен гьарейилан, гьеб лъазабизе гьел регIун гьечIин гIиллаги рехсолеб буго. Гьел ракIчIун цере рахъунел руго, жидер лъималазе гIун бугин гIурус мацI ва цогидалги ЕГЭ кьезе кколел дарсал лъазари. Бихьурарищ цо-цо эбел-инсул пикруялъул мукъсанлъи, загIиплъи, инжитлъи.

Жакъа къваригIун буго лъималазда рахьдал мацI лъазабиялъул тIалабчилъиги жавабчилъиги, цебего гIадин, эбел-инсуде, хъизамалде тIаде кколеблъиялъе тадбирал ургъизе. ТIоцебесеб иргаялда, гьай-гьай, гьел тадбирал цIигьарияльул хIаракатчилъи цIикIкIинабизе ккола гьеб иш жидеда тIаде кколел пачалихъиял идарабазги.

Гьел тадбираздалъун тIуразе кколеб кIигониги масъала лъугьинабулеб буго жакъасеб ахIвал-хIалалъ.

ТIоцебесеб – магIарулазда чан проценталда жакъа жидерго рахьдал мацI лъалеб бугеб? КIиабилебги – кинаб даражаялда гьезулъ каламалъулаб рацIцIалъи бугеб?

Жакъа бугеб ахIвал-хIалалдасан бихьулеб буго миллияб мацI лъалезул ва гьеб мацIалда кIалъалезул къадар цIикIкIунеб гьечIеблъи, гьелъул гIаксалда, соналдаса-соналде дагьлъулеб букIин. Гьанибго абизе ккола гIемерисел дагъистаниял гьаб заманаялда кIиго мацIалда кIалъалеллъун лъугьун ругилан. Гьелъул бицани, гIурус мацIалъ кIалъалезул къадар цIиккIунеб буго, рахьдал мацIалда кIалъалезул – дагьлъулеб буго.

Шагьаралда ва росдада гьоркьоб бугеб рукIа-рахъиналъул батIалъиялъ рачунел руго шагьаралъулазги росабалъ гIуразги рахьдал мацI жидер каламалъулъ хIалтIизабиялъулъги цIикIкIараб батIалъи лъугьунеб букIиналде. Амма дагьабниги рекIелъе рохел лъугьинабула росабалъ миллияб мацI цIуниялъул иш гIезегIанго щулалъун хутIун бихьидал.

Цогиги гьаб заманаялъе хасиятаблъун лъугьун буго батIи-батIиял миллатазул гIадамал жидерго хIалтIуда, жамгIиял бакIазда, транспорталда рекIараб мехалда гIурус мацIалда кIалъазе кколел рукIин. Жидерго рокъор гьезул цо-цоял рахьдал мацIалда кIалъалел рукIиналъги рекIелъе рохел лъугьинабулеб буго, мацI тIубанго тIагIиналъул хIинкъиги дагьлъулеб буго. Амма гьанжесеб гIелалъул васалги ясалги, гьединго лъималги жидерго рокъор гIурус мацI бицине ругьунлъун руго, гьезие гьеб гIадатияблъун, бигьаяблъун лъугьун букIиналъ рекIел рахIат хвезабичIого хутIулеб гьечIо.

Шагьаразулал школазда цIалулел лъималазда рахьдал мацI къадарго гурони лъалеб гьечIолъиялъе ункъо батIияб гIилла буго.

ТIоцебесеб – рокъоб гьеб бицунеб гьечIолъи.

КIиабилеб – жидер миллаталдехун рокьи, гьелдаса чIухIи рекIелъ гьечIолъи.

Лъабабилеб – миллияб мацI малъиялъул даража гIодобегIанаб букIин.

Ункъабилеб – рахьдал мацI малъиялъул методикаялъул лъикIал тIахьал гьечIолъи.

Гьел киналго гьанир рехсарал гIиллаби цоцазда хурхарал руго. Гьеб гьедин букIиналде рачунеб нухги цо буго. Рахьдал мацI малъи къваригIунеблъун рикIкIинчIого, гьелдехун тIаса-масагояб бербалагьи гьаби ва гьеб иш жидеда тIаде кколел гIадамазул жидедехунги цогидаздехунги тIалабчилъиги жавабчилъиги гьечIолъи.

Миллиял мацIал цIуниялде, цIалдохъабазда гьел малъиялде ва церетIезариялде тIадехун рехсараб бербалагьи букIиналъ дагъистаниязул мацIазда сверухъ лъугьунеб буго гIадамазул рекIел рахIат хвезабулеб ахIвал-хIал. ГIадада гуро жамгIиял бакIазда, транспорталда, шагьаразул къватIазда рахьдал мацIалда кIалъай къанагIанат гурони рагIулеб гьечIеб. Цоги гьелъул хIасил – шагьаразда гIумру гьабун ругел гIемерисел дагъистаниял, хасго гIолилал жидерго рокъорги рахьдал мацIалда кIалъалел гьечIо.

Россиялъул цогидал халкъазулго гIадин, дагъистаниязул гIумруялъулъги кIвар бугеблъун лъугьун буго гIурус мацI лъай. Дагъистаниязе ва Россиялъул Федерациялъул цогидал миллатазеги гIурус мацI буго гьеб цогояб ва цоцалъ гъункараб улка букIиналъе аслу-кьучIлъун. Гьелде тIадеги гIурус мацI лъугьун буго нилъер улкаялъул киналго халкъазул цоцаздехун хурхен-бухьеналъул мацIлъунги.

Гьаниб гьоркьоб биччазе бегьуларо гьадинаб пикру. Жиндирго рахьдал мацI лъазабиялдалъун лъимер кIудияб гIола жиндирго халкъалъул гIадатазул ва къануназул къиматги къадруги цIунун. Гьединазда гъваридго ва мухIканго лъала жиндирго умумузул гIумру, гьезул бахIарчияб тарих, гьез нахъа тараб мисал босизе мустахIикъаб ирс. Гьелъул цIикIкIараб кIвар буго, щайин абуни, рахьдал мацI лъачIони, гIагараб халкъалдехун ва гьелъул цебеселдехунги гьанжеселдехунги ва букIинеселдехунги гIолилазул пикру буссунаро.

Жакъа Дагъистаналъул халкъазул аслиял масъалабазул цояблъун ккола рахьдал мацIал цIуни ва церетIезари, щай гурелъул рахьдал мацI бугелъул халкъалъул рухIияб культураялъул хазиналъун. Миллияб мацIги цIунани, гьеб мацIалда кIалъалел гIадамалги ругони – кигIан гьитIинаб букIаниги, гьеб миллат тIубанго тIагIине гьечIо.

Нилъеда ракIчIун лъазе ккола тIолабго инсаниятalъе кIвар бугеблъун букIин дуниялалъул анлъазарго мацIалда гьоркьоса цониги мацI тIагIинчIого хутIи. ГьитIинаб миллаталъул букIа, кIудияб халкъалъул букIа – жидерго миллаталъе яги халкъалъе гьеб буго бищунго бечедаблъун, бищунго берцинаблъун, гьай-гьай, бищунго хирияблъунги. Щибаб мацI рикIкIуна гьеб мацIалда кIалъалезул рухIияб бечелъи гIасрабаз цIунулеб бищунго гучаб алатлъун. Амма ЮНЕСКОялъул баяназда рекъон, дуниялалда бугеб анлъазарго мацIалда гьоркьоса гIага-шагарго лъабазарго мацIалда кIалъалел гIадамазул ахирисевги дуниялалдаса ине вуго гIагараб заманаялда. Щибаб мацI цIуниялде ва цебетIезабиялде тIамулел галабаз квербакъи гьабулеб буго тIолабго дуниялалъул гIадамазул маданияталъул ва мацIазул гIадатазулгун лъай-хъвай лъугьиналъе гуребги, гьел цоцазда ричIчIиялъе ва гьез цоцазулгун ракълида гIумру гьабиялъеги. Гьединлъидал чара гьечIого хIажатаблъун лъугьун буго рахьдал мацIалде цIикIкIараб кIвар кьей. Щибаб мацI бечедаб буго жиндирго тарихалдалъун, маданияталдалъун ва хъвай-хъвагIаялдалъунги.

Халкъалъ унго-унголъун кIвар кьуни, хун бугин, тIагIун бугин рикIкIунеб букIараб мацI цIилъизабизе, цIидасан чIаголъизабизе кIолеб букIиналъе мисаллъун лъугьана жугьутIазул мацI иврит. ЖугьутIазул некIсияб мацI

иврит кIиазарго соналъ гIадамазда гьоркьоб хIалтIизабичIого хутIун букIана. Амма гIалимзабазул хIаракаталдалъун гьеб цIунун хутIун букIана диниял тадбиразе рухIаниязул идарабазда. КIудияб ВатIанияб рагъдаса хадуб Израил пачалихъалъул жугьутIал цолъизариялъе квербакъи гьабуна гьелъ. 1948 соналда байбихьана Израил пачалихъалъул киналго школазда лъималазда иврит мацI малъизе. Гьеб мацIалда кIалъазе байбихьана Израилалде гочарал киналго жугьутIаз.

Рахьдал мацI лъай – гьеб кколаро гьелъул тIолалго рагIабиги, грамматикаги лъалеб букIин ва гьеб мацIалда кIалъазе бажариги. ГьитIинаб лъимералъ жиндирго рахьдал мацI лъазабулеб бугеб мехалъ дуниялалдехун гьелъул гьоркьоблъи лъугьуна гьеб мацIалъул рагIабазулъан, батIа бахъизе лъала щибаб рагIиялъул битIарабги хъвалсарабги магIна. Нилъеда сверухъ бугелъул бицин гуребги, мацIалъул рагIабазул кумекалдалъун пикрабазулъ сурат бахъула гьитIинго нилъеда лъарал рагIабазул, батIи-батIиял пасихIал калимабазул кумекалдалъун. Масала, гIолохъанав гIурусас жиндиего йокьулей ясалда абиларо мун жиндир мокъокъ (куропатка) йигилан. Рахьдал мацIги лъачIого хутIун, цогидаб мацI лъазабулеб мехалъ, захIмалъаби дандчIвала чияр мацIалъул рагIабаздалъун сверухъ бугелъул сурат бахъиялъулъ, хIатта гьеб бажаричIого хутIизецин бегьула.

Ахиралдаги цоги нухалъ рехселин, мацI цIуниги ва гьеб цебетIезабиги пачалихъияб кIваралъул иш бугин тIолабго дуниялалъул даражаялда. Кинин абуни, щибаб мацI кIудияб халкъалъул букIа, гьитIинаб миллаталъул букIа – батIалъи гьечIого, гьелъул гIадамаз гIуцIараб гIемерго къиматаб хазина ккола. Рахьдал мацIалдаса инкар гьаби инсанасе ккола жиндир цебеселъул, гьанжеселъул, букIинеселъул цо бутIаялдаса жиндирго напс махIрум гьабилъун. Цогидаб мацIалде вачIин гьесие захIмалъула, цогидаб улкаялде гочиналдаса ва гьениб гIумру гьабизе лъугьиналдаса. Нилъеца рахьдал мацI цIунизе ккола, гьеб бугелъул цебехун арабги, гьединго хадусебги гIелалъул гIумруялдехун нилъ рухьараб рахсил цо гIекIлъун.

Цоги нухалъ такрар гьабуниги, нилъер мацI цIуничIони, цIунизе кIоларо гьеб халкъ тIубанго дуниялалдаса тIагIиналдаса. Гьеб масъала, гьай-гьай, бараб буго гьеб мацIалда кIалъалел гIадамазул гIагараб мацIалдехун бугеб бербалагьиялда. Жиндир мацIалдаса халкъалъ, миллаталъ инкар гьабулеб бугони, гьеб цIунизе кумек гьабуларо хIаракатчагIазул жигаралъ ва гьелда хурхараб къануналъ. Цоги рахъалъ босани, къватIисахун асаралдалъун, ахIвал-хIалалдалъун халкъалъухъа гьелъул мацI бахъизе бажарулареблъиги якъинаб буго, гьеб мацIалда кIалъалеб халкъалъ ракIчIун абулеб бугони, жидее жидер рахьдал мацI хIажат бугин, гьелдаса инкар гьабизе ракIалдаги гьечIин.

Рахьдал мацIги гъваридго лъалеб бугони, гьелъул адабияталъулаб аслу-кьучIалдаса кьурулелги гьечIони – гьеб ккола дуниялалъулго маданияталъул цо бутIалъун. Гьединлъидал рахьдал мацI цIуниялъе гIоло кьеркьей ккола нилъер халкъалда, миллаталда цебе бугеб бищунго тIадегIанаб борч, щай гурелъул гIагараб халкъ яги миллат тIубанго тIагIиналдаса гьелъ цIунулеб бугелъул.

Ахиралдаги абила жив магIарулавлъун вижун вукIиналдаса чIухIиги рохелги рекIелъ бугев цониги чиясул напсалъе къабуллъиларо рахьдал мацIалдаса инкар гьабизе.

***МухIамадов МухIамад ИБРАГЬИМОВИЧ,***
***филологиял гIелмабазул доктор, профессор***

Манарша ГІИСАЕВА



**ТІОЦЕБЕСЕБ ВА АХИРИСЕБ КЪОЧИ**

**Доб букІана рии, ракІалда буго,**
**РикІкІад хутІаниги, кІочон толареб.**
**Рогьел рохалида, хурир руччаби,**
**Харда кьагІи гІадин, гІисинал ясал.**
**Гьезда гьоркьой дунги, гьудул Париги,**
**ПарчахІалъул гІадин, гІамал кІудиял.**
**ГІурччинаб ракьалде бакъалъ щущарал,**
**ЧІорал рищулаго къо нухда лъолел.**
**Лъимерлъи талихІал, кьагІрал гІадал ниж,**
**ГІурччинал сагабахъ свериги бахъулел.**
**СундулгІаги пикру гьабизе лъачІел,**
**Лъарахъ хІанчІи гІадин чІиргъи–хъуялда.**
**ХъахІабгун чІегІераб батІалъи гьечІел,**
**Бабал дахІаяца дунял гвангъарал.**
**Гурга–хинкІил гуреб пикруго гьечІел,**
**Гьабулеб хІалтІиги, рагІал тІун, толел.**
**БукІунеб жойинцин кколеб букІинчІо**
**Ракъиги, къечейги, къваридаб рукъги.**
**РакІ цоцалъ бухьарал эбел–инсуца,**
**Гьеб къварилъи лъазе толеб букІинчІо.**
**Гьеб, гьез жидецаго гІемер хІехьана**
**ХІуригат бахъулел соназда жаниб.**
**ХІисаб тараб зулму чанги бихьана,**
**Балагь бачун Гитлер вачІарал соназ.**
**Гьеб балагь чІинтІизе зарал рукъана.**
**Гьаб талихІ рагьизе, гъуждул гурана.**
**Ракъул махІ бахъараб къо нахъа тана,**

Къололги кочIолги гьаракь рагIана.
Гьел нахъ балагьула, нахъехун тараб,
ГIасилъи тIад буссун бачIине гурин.
Балагьалъул кIичIги горбода жемун,
ЖужахIалде улка цIазе гурилан.
Бихьулеб букIинчIо ниж – гогьмабазда
Лъамалъи бакъвачIел улбузул берал,
Кидаго эркенго рукIарал гIадин,
ГIадатго батараб талихIги босун.
Гьединан рукIана дунги Париги.
Бихьулеб букIинчIо чияр къварилъи.
КъватIахъ лъимал азулъ цо пуланалда
ТIад релъулел къоял гIемер рукIана.
Релъулаан долъул гурдихъ балагьун,
Басрияб букIиналъ, сундул лъалареб.
ГIад–хочI гьаюлаан, кепалъе рехсон,
Кидаго кьватIарал кверал рихьидал.
РакI релъун букIана, харибакIалда,
Бакъвараб нисугун чед гьелъ кванайдал,
Кколаан нижеда щибго лъаларей,
Гьей гIадамазда гъорлъ хIайван йигилан
Биун хIалкIолареб пашманлъи хъварал,
Берахъ балагьичIо, ратIлихъ гурони.
РакIалдецин ккечIо нижер заманалъ,
Зулмуги ракъиги букIунеб жойин.
Гьединан букIана нижер беразе,
Долъул гIумруялъул магIна лъазегIан.
Доб букIана роол цо хинаб сордо,
Гьабихъа руссунел дунги Париги.
Цо нижги рукIарал кIарчамал ясал,
ГIакълу хIалтIуларел, ракIал гурони.
Рохизе, релъизе гIилла балагьун,
Багьана гьечIезе балагь гьабулел.
БачIана ботIролъе гIадалаб пикру,
ГIадамал ралъаргъун, нижго релъизе.
Росдал годекIанир харбида ругел
Херазда, гIуразда тIад релъанхъизе.
ТIасанккей лъаларо, гIанчIлъи лъаларо, –
Лъимерлъиялъ рачун, тIохде рахана.
Ракул къвалги цIуна, чIинхил хъат цIуна,
Хъачагъал киниги, ишан ккун чIана.
Цинги тушманасул тылалде гIадин,
ГIедегIун речIчIана лъугIизегIан рак.
ГIасияб ццидаца рахъ-рахъалде ун,

**ТIох сверун кквезеян рортана васал.
БукIинчIо къватIире тIокIалъ ине нух,
КIанцIун риччан тана чияр тIохалде.
Гьениса батана цо тIокъоде нух,
Нахъаса хIос тIамун жанир рахчана.
ХIинкъиялъ кьабулеб рекIел тIвапиялъ,
ТIутIун балеб гIадин, букIана керен.
Квераца къед квашун церехун унел,
БецIлъукь цо тамахаб жоялда рана.
Жаниб гьаракь кколеб хIал дир букIинчIо,
Бараб цо ахIиялъ авал борчIана.
БецIлъуда багъарун тIаде бахъунеб,
Сипат инсанасул цо щайтIан буго,
Гьадинги хIинкъиялъ холел ругел ниж
ТIадеги гъанцIизе кIалъалеб буго.
– Нуж гьанире кисан, щай нуж рачIарал,
Щиб батизе бокьун бокьой лъугьарал?
Буго лъалеб гьаракь нижер гIундузе,
Амма хIинкъун руго щайтIан батилин.
Бабаца малъухъе бухьана щайтIан:
АгIузубиллагьи щайтIани ражим.
– Дун нужее гьанже щайтIанги ккана,
Кинан нечоларел дун ялъаргъизе.
Дирги, нужер гIадин, эбел анищха.
Эркенго, нуж гIадин, йохун йикIине.
Асма, Асмайилан цоцазул квер ккун,
Риххарал хIинкъарал хаган рукIаго,
Къири-къвари буго рукъалъул рахъалъ,
НуцIида квалквалев цоги чиясул.
Асмаца, кверги ккун, цо рахъалъ цIцIана,
Хехго рахчейилан щурун абуна.
Нартил чирахъалъул цIадул мацI хъвараб,
ХъахIаб гьумер чIана нуцIадул кIалтIа.
Цояб хъатикь ккураб тIилги борхун ккун,
Гьей Асмаде аскIой гIунтIулей йиго:
– Мун щай чIичIидилей, сардил гIужалда,
Дун гьал гIадамазда суризайизе?
– Эбел, талихI кьеги, юхуге тIокIалъ,
Гьурмада цере ккун, кверала рорхун,
Нахъе къан кьерулей йиго Асмаги.
Дун гIодой речIчIана, гьедин ахIтIана.
– Гьанжеги ахIтIеха, бокьун бугелъул,
Дица гьайила мун гьанже ахIтIезе. –
ТIатIала бана тIил Асмал мугъалда,**

**Бесдалай ясалда гурхIел гьечIого,**
**Ниж цIорон рукIана, гIасилъи бихьун,**
**ГIунарал ганчIаллъун, чIаралъур хутIун.**
**– Радал хуриеги ине кколелъул,**
**Сас–махI тун кьижизе щай яхъунарей?**
**– Кьижила дун, эбел, юхуге тIокIалъ.**
**Радалго яхъина, гьабуге питна.**
**Гъванкан къана нуцIа, ана къватIие,**
**Асмал синкъиялъухъ сихIкъотIун нижги…**
**– Гьай кьижулеб бусен – гьорищха кколеб,**
**Сордо тIамулеб бакI – гьаб тIокъойищха?**
**Пари, гьаб макьуйиш, квешаб маргьуйищ?**
**Мунги дунги – нугIзал жакъа гьаб сардил.**
**Нилъее кеп швараб Асмал басралъи –**
**БукIун буго гурищ хъарталъул хIалтIи.**
**Кинан гьаб бахчилеб, кинан рагьилеб,**
**Кин хвасар гьайилей гьай бесдал ятим?**
**Рагьизе хIинкъана, нагагь рагьани,**
**Балъгояб расанди нижер тIатинин.**
**Нижераб бахчизе чияр рагьичIо,**
**Чияда гурхIизе хIинкъиялъ течIо.**
**Бабаца рухила, дадаца чIвала,**
**Гьанже гьеб букIана рагIизе хутIун.**
**Васазулгун ясаз расанди хIалищ,**
**МугIрузда гьединаб рагIун бегьилищ?**
**Гьеб сордоялъ гIуна ниж цIакъ кIудиял,**
**АнцIила лъабго сон тIубачIел ясал.**
**Гьеб бокьоб рехана гIурхъи бахараб,**
**ГIанчIаб гогьдаригун, чIухIи-пахрулъи.**
**Гьениб хIеренлъана каранда ракIги,**
**Гьедин хIалимлъана гIамал-хасият.**
**Хинаб гурга босун Асмахъе ана,**
**Бесдалал щал лъана, хIалай рахъана.**
**ХIатIида хьитIалъе хьурут жемулей**
**Асмал къисматалъул къиса рагьана.**
**КъабихIай гIабдалин нижеца тарай,**
**ТалихI къарай ятим йикIин хIакълъана.**
**ХIакъирлъун бихьулеб бакъ гIураб гьумер**
**Гьури-цIералъ чухIи нижей рагьана.**
**Ругъназ мухъал хъварал кватIарал кверал**
**Квешаб зулмуялъулъ рукIин бичIчIана.**
**Баба хварай ятим инсул бахIаралъ**
**Эркенлъи лъан течIо цохIо къоялъцин.**
**Риидал – хурие, хасало – бокьой,**

**Хинаб бусеналъе харил гьорги щун.**
**Щоб-гIоразда – эмен гIиялги хьихьун,**
**ГIидралъун ечIалей ясги рехун тун.**
**Хинаб гъанситоги, гьанал гьагIуги**
**Гьалъий камуларо дада вачIиндал.**
**Дада вачIунаро, гьев – гъутаналда,**
**ЦIияй бахIаралъе гIарац гьабулев.**
**ГIурал сонал рарав, гIиял вехьасе,**
**ИнчIей яс щун йиго, гьеб гуриш талихI.**
**Хьопол гIучI гIадинай ясалъе гIоло.**
**ТалихIалде мугъ кьун эмен кьижилищ.**
**«Бокьухъе гьимизе йиччан те лъади.**
**Гьалъ гьарила дие васалгин ясал».**
**ЦIидахъе къороллъун хутIилев гIадин,**
**ГIинзукь кIусун чIана, ясги рехун тун.**
**Рохел босун, кополъ къоялги тIамун,**
**ТIанчIил хIисаб гьабун, кIалъачIо эмен.**

*** * ***

**Гьедин унел къоял, гIун ячIуней яс.**
**Росдал мусудузулъ сипат ассилай.**
**СордогIан чIегIерал беразул хIорал,**
**ХIикматаб пашманлъи жаниб гъанкъарал.**
**Рукъи бан букъараб гурдеялъ кквечIеб**
**ЧIурканаб черхалъул узданаб гъалип.**
**Халкъалъе хирияй, рокъой рихарай,**
**Рохел гьечIониги, гьимизе лъалей.**
**Лъана гьелъул лъикIлъи росдал васазда,**
**Абизе-гьаризе раккана цоял.**
**Царалаб босарай бесдал эбелалъ**
**Гьелъул талихIада рахас бухьана.**
**Бокьани – чучизе, бокьани – къазе,**
**КъвакIун хъатикь ккуна рухьен наджасалъ.**
**«Нусго соналъ рокъой мун херлъаниги,**
**Кьеларо росасе, дун чIаго йикIун.**
**КIудияй гIезегIан дицаги хьихьун,**
**ГIурайго рукъ тезе хьулго лъоге дур,**
**Дица гьаруразул бертинги тIубан,**
**БоцIи–панзги гIуцIцIун рокъойго лъикI мун.**
**ТIубараб гIакълудал гIадан гурелъул,**
**ГIумру хIайваназулъ рекъон ккела дур.**
**Рокъой кумекалъе гIурай мун кьезе,**

**ГIантай ятила дун, гIодой йиччан чIа».**
**Чохьол эбелалъул хIеренлъи щвечIей,**
**Чара хун угьдизе тIамуна гIемер.**
**ГIумруги рихана, дунял чIалгIана,**
**ЧIегIерал пикрабаз кодой йосана.**
**Сапнаца черх чурун, ретIел хисана,**
**Халатаб гъал, хьухьун, чахтIиниб лъуна,**
**Лъукъараб рекIетIа бабал сурат лъун,**
**Сапар колодехун хехго босана.**
**Бакъуде квер хьвагIун, тIогьода къочун,**
**Къисмат бакIай Асма гьорое ана.**
**Гьениб чIалуялда рухьенги бухьун,**
**Бахьинаб горбода кIичI базабуна.**
**Босун унеб буго меседилаб рухI,**
**РикIкIаде ячуней йиго хиялаз.**
**Хварай эбелалъул берцинаб сипат**
**Бакъуда нахъасан баккун бачIана.**
**«ЯчIа, дарман!» – илан ахIулеб гIадин,**
**Асма хIайран гьаюн, кверал хьвагIула.**
**Кидаго урхъараб гьимиги гьурщун,**
**Маргьабалъ киниги, каранде къала.**
**Кияли лъалареб хIикмалъиялде**
**ХIинчI гIадин йоржине кумек гьабула.**
**Амма цо гьаракьалъ гьалда аскIоса**
**Нахъе ячун ана гьаюрай эбел.**
**Ана гьей ццим бахъун, кьурунги юссун,**
**Нусго батIияб кьер хъварал накIкIалъе,**
**Нахъцин ялагьичIо, тIерхьун ана гьей.**
**МатIуялъул тIинда лугъат киниги,**
**Цинги цо хIинкъараб гьаракь рагIула.**
**«Асма, Асма!» –  йилан, зобал рихъулеб**
**Бихьана маргьабалъ цIудуца гIадин,**
**ЦIан тIутIун балеб квар, габур бухьараб.**
**ГохIда гIавусдилеб бацIил гIадинаб,**
**ГIодиги букIана гIиналда лъалеб.**
**Лъилали лъаларел хIеренал квераз**
**ХIалимго лъухьулеб букIана гьумер.**
**«ГьедигIан гIадалай йикIинго лъачIо,**
**Дуца гьабураб щиб, хирияй Асма?**
**Мун хвезе рес гьечIо, рагьун те берал,**
**Босун унеб бугин цадахъ дирги рухI».**
**Борохьлъун горбода жемун букIараб**

**Хвалил рухьен тIуна, тIаде цо вас щун.**
**Щварун магIил цIуна чIегIерал берал.**
**Бакъухъ ялагьана, тавбуги гьабун.**

*  *  *

**МугIрузул каранда гIиял къавуда,**
**ГIадрадул рацуда гIигун Шамсудин.**
**Шавкъалда шурулеб гьорохъ гIенеккун,**
**ГIабкIил тIамахалъул бусада вегун.**
**РикIкIада рукIана рекIел пикраби,**
**Рокьуца ахIун ун, цо рагъида чIун,**
**Рогьалилъ гьениса яккизе кколей,**
**Асмал анищалда хурхун рукIана.**
**Валагьула цо–цо, дурнаби росун,**
**РекIел хIинчI рештIунеб мархьу бихьизе.**
**Щаяли лъаларо, жакъа кватIана**
**Каранда бакъ чIарай гьасул рекIелай.**
**Йихьана, яккана, доле ячIуней,**
**ЧIурканал лугбиги кьуркьурдилаго.**
**Кьурул гIус нахъ тана, щвана колохье,**
**Бокьоса гIурдаде риччана бачал.**
**Цодагьалъ лъалхъана, хадуй ялагьун,**
**Хехго кьурун юссун гьорое ана.**
**Гьений квал-квадулей Асма йихьизе**
**ЗахIматго букIинчIо Шамсудиние.**
**Цебеса рагьараб гьумер букIиналъ,**
**Бихьулеб букIана щибаб рагъари.**
**Рилълъанхъи берцинаб тIайпус кинигин,**
**Квал-квадулей йиго цо гIарщ-кваралда.**
**Кинидул мокъиде лъимер кинигин,**
**Кваргун хIободе гьей ххарулей йиго.**
**Цин гIодое йортун, нахъойги ххарун,**
**Хурхине гьабуна чIалтIа гьалъ рухьен.**
**РакI-ракIалъ велъула кIарчамлъун йихьун,**
**ХьвагIеро гьабулей гьай йигилан ккун.**
**Цинги цIорон ана нусабго лага, –**
**Габур буго ясалъ жаниб бегьулеб.**
**Божизе бокьичIо, лъикI валагьана,**
**Ана Асма йортун гьеб хIободаса.**
**ХIалакун кIетIана ургьиб гьинал ракI,**
**КIанцIун тIаде вахъун гьав векерана.**
**ТIутIун балеб буго хъархъаца гьумер.**
**Цин парсихъа кIанцIун, цин кьурулъе ккун,**

Къокъиднух балагьун, хех щвана тIаде.
ТIохил чIалуялда габурги бухьун,
ХьвагIелей, гьарщелей ятана Асма.
Сородулеб хъатикь кенчIолеб нусалъ
КъотIун гIодоб лъуна чIегIераб рухьен.
РухIалъ хIехьолареб гьаракьги борчIун,
«Асма, Асма!» – йилан тIад хурхана гьав.
ТIун унеб букIараб рухI тIад буссине,
ТIоцебесеб кумек гьабуна гьалъий.

* * *

Асма хвасарлъараб рииги ана.
Инсул мина жеги рехизе кIвечIо.
РухI хвасар гьабидал рекIей гIагарав
Шамсудин хутIана гьалъул анищалъ.
Гьесул эбелалда кьалги лъазабун,
Лъуна ахир нухда бесдал эбелалъ.
КьунгутIи бичIчIизе гIураб дагIба бан,
Бергьенлъи босана баба лъугьинчIелъ.
Лъазе гьабун тана жиндир вацасе
Абун йигин Асма гьоркьор лъунгеян.
«РекIелъ Асма йосун холев вацги тун,
Халилил Шамсудин щай гурин нижей».
Рокъой лъади йигев, лъималги ругев,
Бесдал эбелалъул херав вацасе,
Халкъул гIаламалъул нагIана босун,
Кьун ана росасе хъутан ракьалде.
Рокъоса тIуризе анищ букIаралъ,
РакIалъ гуро, кIалалъ разилъи кьуна.
Даим хIалхьиялъухъ урхъун йикIарай,
Эркенлъи щвелилан, щвана хъутаде.
Огь, гьениб дандчIвараб гIасияб зулму
ГIадамил лъимералъ хIехьолеб жойищ.
ХIалтIуда юхьана росилан кьурас,
Лъимада юхьана росасул лъадуд.
РагIараб жойищха, борхьил эбелалъ,
Борохь гуронани, хIанчIи гьарунин.
ХIалихьатав росги, бесдал эбелги,
Цо ургьир рукIарал кватIун бичIчIана.
Цо йигей лъадицин къваригIунарев,
Къохьол Назирие гъасда бугеб кеп.
ЦIияб мина базе рагьтIателги щун,

**КIудияй лъадиги – Асмал ханлъуда.**
**Халатал хьулазул рагIалги къотIун,**
**Къориний йортарай бестIал ятималъ**
**Баччана, магь гIадин, цо хIалтIи гуреб,**
**Цоги гьай росасул лъадул ццин-хабар.**
**Бадиб чIвалеб буго: «Мун щай ячIарай,**
**Диргин лъималазул хIалхьи бахъизе?!**
**Хьалбал роцIцIод кваяй, керен тураяй,**
**ТалихI дуда гьаниб батиларебха.**
**Турараб хIобое чIерхъенлъун ккарай,**
**Каранде чIалу тIун чIинтIун ина мун.**
**Мугъ гьетIаб дир хьвани берцин бихьарай,**
**Бихьиларо дуда гьаниб хинаб бакъ».**

*** * ***

**Хинлъиги рагIичIо, рохелги лъачIо,**
**Лъавукъаб хIамихъе хIалтIуца чIвана.**
**ЧIурхIана, бухIана гьурмал берцинлъи,**
**БахIарго херлъана ургьиб гьинал ракI.**
**РекIкIаб ригьиналъул кьогIаб ахиралъ,**
**Кьолболъан чIунтана чинаридул гъветI.**
**ТIокIалъ пайда гьечIеб черх загIиплъана,**
**Залимав росасги цIар тIамун тана.**
**ТIад юссун сверизе тIокIаб бакI гьечIо,**
**Амма юссинаро инсул сверуде.**
**«Сабаб камураб жо гIажал кколелъул,**
**Хунги дун гьечIелъул, ина цо рахъалъ».**
**Гьедин ана Асма цо шагьаралде,**
**Инсухъа чи гьечIеб авалги цIехон.**
**Араб гIумруялда тIад тIальелги лъун,**
**ТIаде щвараб кьойил къимат гьабизе.**
**Къад хIалтIизе ана, къаси цIалдана,**
**ЦIер къараб рекIеда рокьул их чIана,**
**Хинлъи чIвачIей гьалъий рохелги босун,**
**Миллат батIияв вас рагьдухъ лъалхъана.**
**Ана гьей росасе, гьаруна лъимал,**
**Лъана гьелда талихI, бабаги яхъун.**
**Якъарай гIорцIана, рукъ бечелъана.**
**Чидар бер урхъараб магIишат гIуна.**
**Амма цо пашманаб, къваридаб лахIзат,**
**Къоял нахъ танагIан, хутIана рекIелъ.**
**Бесдал эбелалъул малакьан араб,**

Лъимерлъи гIодула жакъа цIидасан.
ЩIа рекIун бухIула нусабго лага,
ЩIалал мацI бицунев Назир цеве чIун.
Цинги сородула кIалдиб бугеб мацI,
Назирил лъадул мацI хIунсулеб гIадин.

* * *

ГIолохъанлъи сварал соналги сукIун,
Сапар нахъа тана магIарул ясалъ.
МугIрул раханиги, гIадат рехичIей,
ЙикIана рикIкIада цо шагьаралда.
Щурулеб букIана кIутIбуца зикру,
КIудияб щукругун суждаялда чIун,
ЧIухIилъун вукIана данде чIварав рос,
Рохеллъун рукIана гьарурал лъимал.
Гьедин парахатаб цо  сардил гIужалъ
Свакарав нухлулас нуцIа тункана.
Цинги цо хIинкъарав цIогьор киниги,
Кавудахъ лъалхъана гIолохъанав вас.
Суалал лъедолел beралги руго,
Бицун бажарулеб рагIиги гьечIо.
Гьедин лъалхъун бана цо чанго минут,
Чед гьарун вачIарав гьардухъан гIадин.
РуцIцIун чIун кIалъалел руго киналго,
Нусго суал буго бераца кьолеб.
«Мун кисан вачIарав, дуй щиб хIажатаб?» –
СихIкъотIи бихxана рукъалъул чияс.
«Дун вуго Асмал вац нужехъе вачIун,
Аман-гьарай гьабун эбелалъ витIун.
Эбел херлъун йиго, гьей холей йиго».
Хехго гьей жиндихъе ахIулей йиго.
Асма сородана, сон кьураб гIазаб
Жакъа тIад буссунеб бугеб кинигин.
Каранде ячана гьей лъикIав росас,
Рицана рагIизе лъикIал рагIаби.
«Мун щайзе хIинкъулей, хIеренаб микки,
Дур хIули бортизе толареб дица.
ЦохIо хIетIе чIоге дуе рихараб
Инсул авалалде, ракI къварилъизе».
«Ина, дун, хирияв, гIайиб гьабуге,
Вац хадув вачIиндал, ине ккеларищ.

**Дир къисмат гъурарай, талихI мерхьарай**
**ГIадан цойги йиго, гьасда гIайиб те.**
**Жинда тIадаб налъи тIубалев вуго,**
**ТIагьал хIадис ккурав гIунги вихьула.**
**Эбелалъул гьари къабулги гьабун,**
**КъватIив вахъун вугин, гьас щиб гьабилеб?»**

*   *   *

**Черхалъ цере рачун, ракIалъ нахъецIан,**
**ЩIуцIраххун рукIана кIиябго хIетIе.**
**ХIадурун йикIинчIо, бокьун букIинчIо,**
**Бесдал эбелалъул авал бихьизе.**
**«Амма щиб гьабилеб, гьаб дунял сверун,**
**Дир адрес батарав вац кин нахъ чIвалев».**
**ЧIегIераб щайтIаналъ рекIелъ хьихьараб,**
**Хьи лъачIеб лъимерлъи цебе кIанцIелеб.**
**КIвана, щайтIаналда бадиб мал тункун,**
**ТалихI чIинтIаралде тIаде яккизе.**
**ТIулил гьечIоniги, хиралъана вац,**
**Гьесул адаб гьабун, къулана тIаде.**
**ТIад тIамун рукIарал бералги рагьун,**
**ЧIваркьан ялагьана Асмал бадие.**
**Гирун кIаркьабазда лъалхъана магIу,**
**МагIаллъун речIчIана гьел Асмал рекIелъ.**
**Мунагьазул гIазаб щущараб гьумер,**
**Гьари бан, буссана Асмал рахъалде:**
**Аллагьасе гIоло тIаса лъугьаян,**
**ТIу-тIун хIарпалги ран, щурун абуна.**
**Щаяли лъаларо Асма юссана**
**Вацасул бадие, гьениб – пашманлъи…**
**Гьезда жаний жийго гьанкъулей гIадин,**
**ХIалкъан кварилъана, агьан гIодана.**
**Огь гьасул хIеренлъи – хIикмалъун йиго!**
**Огь, гьалъул нич тIагIин – тамашалъи щиб?**
**ЩайтIаналъул гьудул, унго, дур ургьиб,**
**Бачч араб рижийищ гьаб бацIцIадаб ракI?!**
**БукIана дий гIазаб дуца цIоб теялъ,**
**ЩIар дирги къотIеян къойил гьарулеб.**
**Гьабуна дие ццим дур квешав вацас,**
**Гъурщихъ йосун щварай лагъалъул гIадин.**
**Щиб рагIизе бокьун жакъа ахIарай,**
**ЖужахI лъалеб ракIги дур ургьиб гьечIин.**
**ГьедигIан пакъирго щай балагьулей,**
**Пакъирлъи бихьулел берал дур гьечIин?! –**

**РагIун, кIалалъ гуреб, ракI-бералъ кьолеб,**
**Суалал рукIана Асмал щущалел.**
**Щакърахун йикIана, вацасда гурхIун,**
**Ццидахун йикIана, бахьикъос йихьун.**
**Кинан бугониги, тIадеги къулун,**
**Угьун биччан тана бухIараб хIухьел,**
**ХIедул къатIра гIадин тIинкIараб магIу**
**ТIекъай эбелалъул гьурмада чIана.**
**Гьеб магIил горoялъ чIинтIараб согIлъи,**
**Сун унеб чирахъул цIадул мацI гIадаб.**
**ГIунизе къачIарал къабихIал лугби**
**Асмал цо рагIуда далун хутIарал.**
**Хвалил кьогIаб бусен, сабру хвараб яхI,**
**РухI бахъи захIматаб сагIат къаданиб,**
**Къанщизе изну кье, тIасалъугьун те,**
**Мусру хIалал гьечIо хIакъ дурги бакIлъун.**
**РакI бухIун буго дир къосун ккеялда,**
**РухI бахъулеб гьечIо, мунги юцIцIун чIун.**
**Макьилъ дур эбелалъ кьола дий гIазаб.**
**Хабалъе нух гьечIо гьелъ дие толеб…»**
**Бесдал эбелалъул соролеб гьаракь,**
**Гьурилъун багъулеб гьалъул гIаданиб.**
**Азарго батIияб пикруги щущан,**
**ЩайтIанги имaнги, рекIелъ къец балел.**
**Босана кодобе жеги цIорочIеб,**
**ЦIул гIадин лъугьараб гьалъул цояб квер.**
**Цинги гьелъ, хIеренго  кIутIбуздаги хъван,**
**ХъахIаб къандалъудал рагIалда лъуна.**
**Дун тIасалъугьана, тIад вугев Аллагь,**
**Дуниял бижарав цо дуе гIоло.**
**ГIазаб бигьа гьабун йитIун ккезае,**
**Лъидаго гурхIулев, я, нижер РахIим».**
**ХIалимго, хIеренго, тIадеги къулун,**
**Къочана речIарал гьелъул кIутIбузда.**
**Гьеб Асмал букIана бесдал эбелгун,**
**ТIоцебесеб къочи ва ахирисеб.**

## БАХУ-МЕСЕДУ РАСУЛОВАЛЪУЛ ШИГIРИЯБ ИЦЦУХЪ

МагIарул мацIги адабиятги бокьулезда лъикI лъала Дагъистаналъул халкъияй шагIир Баху-Меседу Расулова. ЦохIо шагIир гурейги, гьей йиго хъвадарухъанги, журналистги, таржамачIужуги. Гьеб щибаб ишалъулъ гьелъ бихьизабулеб буго щвалде щвараб махщелги гьунарги. Гьелъие щварал гIемерал щапакъатазги бицуна машгьурай шагIир, цохIо Дагъистаналда гурейги, Россиялдаги лъикI лъалей йикIиналъул. Гьей йиго ТIолгороссиялъул ва Халкъазда гьоркьосел адабияталъул премиязул лауреат. Баху-Меседу Расуловалъ хъвана 54 тIехь. Гьелъул асарал русинарун руго гIурус ва цогидал мацIазде.

Баху-Меседу Расуловалъ лъугIизабуна Дагъистаналъул пачалихъияб университетги Москваялъул М. Горькиясул цIаралда бугеб Литературияб институтги. ХIалтIана газетазда, радиоялда ва цогидал хъулухъазда. Кий хIалтIаниги, Баху-Меседоца ракI бацIцIадго тIуразаруна тIадал ишал. Цадахъ хIалтIулезги кидаго лъикIаб къимат кьуна гьелъул хIаракатчилъиялъе. Гьелъул гIумруялъулъ аслияб бакI ккун буго шигIруялъ. ШагIиралда кIвана жиндирго хасаб нух батизе. Гьелъул асарал гьираялда къабул гьаруна магIарулаз. «Гьудуллъи» журналалда Баху-Меседу Расуловалъул асарал цIалидал, мунагьал чураяв Расул ХIамзатовас хъвана гьадин:

**«…Лъица гъоб абураб магIарул кочIол**
**Куркьбал хIулун ругин, гьел мекъи руго.**
**Дие рохел буго. ЦIалана, лъана**
**ЦIияй шагIир гIуна Дагъистаналда».**

Гьелъул адабияталъул гьунаралъе тIадегIанаб къимат кьуна гьединго мунагьал чураял ГIабасил МахIамадица, ГIумархIажи Шахтамановас, МухIамад ГIисаевас, МухIамад ПатахIовас, Шапи Казиевас ва цогидазги.

Жакъа дие бокьун буго Баху-Меседу Расуловалъул «ШигIрияб иццʼʼ абураб берцинаб цIар лъураб тIехьалъул бицине. ТIоцебесеб иргаялда гьеб бечедаб буго тIехьалде росарал шигIриял асаразулъ магIарул адабияб мацIалъул пасихIлъиялдалъун.

Мисалалъе босилин «Сиял» абураб къокъаб кечI:

**Кьурул гIус гIадинал некIсиял сиял,**
**Кьварарал гIелазул хвел гьечIел лъалкIал.**
**Лъийго къулуларел магIарулазул**
**КъвакIиялъ угьарал согIал расенал.**

**Умумузул тарих – рагьараб музей,**
**Зодой бутIрул цурал чIухIарал сиял,**
**ЧIахIиял рагъазул чIагоял ругънал,**
**Регъезе ккун руго, рахъа цIунизе.**

Мисалалъе бачине цоги шигIрияб асар балагьизе тIехь цIалулаго, «РекIел пири» абураб тамашаяб цIар лъураб, лъикIаланго кIудияб кочIоде тIаде ккана. Гьалдасаги кутакаб кибниги батиларин ккараб пасихIлъиялъ хIайран гьавидал, гьаниб хъвалеб буго гьеб кочIолъа кIиго куплет:

**Бакараб кан гуреб, канаб моцI гуреб,**
**Кинаб нуралъ къаси гьаб рукъ гвангъараб.**
**Гъасда цIадул гуреб цIорой хIинкъулеб**
**Хикматаб хинлъи щиб ханлъи гьабулеб.**

**Хасел бакьулъгийищ бекьун тIегь гIолеб,**
**ТIогьолаб хурго щиб дир къараб гордукь.**
**ТIегьараб тIогьол махI кин тIибитIулеб,**
**ТIабигIат кьижараб кьиндалил гIужалъ.**

Мисалалъе росун, гьаб кIиялъулго бицун таниги, гьединаб тIадегIанаб пасихIлъи жиделъан бецIцIулел шигIриял асарал гIезегIан руго Баху-Меседу Расуловалъул гьаб тIехьалда. Гьанир рехсезе бегьула гьезул цо-цоязул цIарал: «Загьруяб борохь – жахIда», «Кьвагьдолеб буго ракь», «Къоролалъул рии», «КIарун белъанхъулеб их» ва гь.ц.

Нилъеда лъала Баху-Меседу Расуловалъе магIарул мацI рахьдалаб гуреблъи. Лъала Баху-Меседуца жиндие гIагараб кIаралазул мацIалда кучIдул гьарулеллъиги. МагIарул мацIалда гьадигIан магIнаял, гъваридал кучIдул хъварай шагIиралъул жиндиего рахьдалаб кIаралазул мацIалъ хъварал кучIдул кигIандай пасихIал ругел! ГIайиб гурищ, нилъеда гьел ричIчIуларелъул, гьезул магIнаялъулги пасихIлъиялъулги гъварилъуде раккизе рес гьечIелъул. Амма нилъер кьибил цо бугелъул, цо буго магIарул миллатазул тарих, гIамал-хасият, рукIа-рахъин. БолмацIалъ кидаго цолъизаруна гIандисел, багвалал, чIамалал, кIаралал, балъхъал ва цогидал гIисинал миллатазул вакилзаби. Гьезда, жидерго рахьдал мацIго гIадин, кидаго лъалаан магIарул мацIги. МагIарул адабияталда кIудияб бутIа лъурал гIисинаб миллаталъул шагIирзаби гIемерал лъала нилъеда. Гьединаздаса ккола машгьурал магIарулазул шагIирзаби Гьинухъа Наби ГIисаев, КIаратIаса Машидат Гъайирбековаги Баху-Меседо Расуловаги, Хваршиялдаса Сабигат МухIамадова, Зилоса МухIамад Къурбанов ва цогидалги.

ТIехь бечедаб буго гьелде жанире шагIиралъ росарал пасихIго хъварал, магIна гъваридал къокъал кIучIдуздалъун, рубагIияздалъун, сонетаздалъун, гIажаибго берцинго хъварал суалал-жавабал жанир ругел кIучIдуздалъун, жидер пайда цIикIкIарал баснябаздалъун, биценаздалъун, маргьабаздалъун, балладабаздалъун. ТIехьалъул ахиралда кьун руго шагIиралъ магIарул

мацIалде руссинарурал батIи-батIиял шагIирзабазул асарал ва лъималазе хъварал кучIдул.

Гьаб ахираб заманалда хасго лъикIаб цебетIей магIарулазул адабияталъулъ лъугьинабулеб буго машгьуралги гIолохъаналги шагIиразул сонетаз.

Баху-Меседуцаги жиндирго тIехьалъул хасаб бутIаялда кьун буго ункъо сонет: «Рокьул нугI» «Мадугьаллъи», «ГIумрудул лахIзатал», «Щибаб хIухьел – сайгъат». Гьаниб тIаде жубазе ккола кучIдузда гъорлъ «бахчараб» «ГIадалаб мода» абураб сонетги. Гьоркьоса мухъ нахъе рехани, сонеталъул магIна бичIчIизе захIмалъулелъул, гьаниб мисалалъе тIубанго босулеб буго шагIиралъ 1989 соналъго хъвараб гьеб захIматаб жанралъул асаралъулъ гъваридаб магIнаги, бечедаб пасихIлъиги лъезе авторалъул махщел-гьунар жиндилъ загьирлъулеб гьеб сонет:

**Огь, гIадалаб мода – гIасияб къуват,**
**Къарзалъ шуба щайзе дица босараб?**
**Щайзе гIенеккарай дун гьудулалъухъ?**
**ГIарац щайзе кьураб гьаб шубаялъухъ?**

**ГIодоб гIазу чIараб хасел киб бугеб,**
**Хинаб куртка, пальто гIун букIинчIебищ?**
**ЛъагIелалъ гIодоб лъун, анкьица ретIун,**
**ГIадалаб гьаб мода щай къваригIараб?**

**Гьелъухъ кьурабщинаб гIарцуде дица**
**ГIагараб росдал нух щайзе къачIачIеб?**
**Щай тIахьал риччачIел, зикру бачинчIеб,**
**Унта-щокълъаразе щайзе бикьичIеб?**

**Щакърахун семула дидего дунго,**
**Щиб жо кколеб мода? ГIадаллъи, унго!**

ТIехьалда буго кIиго басняги: «Хъаравул», «ЧIухIараб барти». ТIоцебесеб баснялда бицунеб буго рокъоб къайи цIунун къайицадахъаз «цIакъго унтараб» гIанкI теялъул. «Хъаравул» цIогьоданила, «гIанкIазул кIудиялъ, такъсирги рагьун», гьеб къватIибе гъунила.

Баснялъул аслияб магIна, гьелъ кьолеб гIакълу ахирисел мухъазулъ букIуна. ЦIакъ магIнаяб ва пасихIаб буго гьеб баснялъул ахирги:

**ХIарамлъи, сихIирлъи – согIазул сухмахъ,**
**Дунялгун ахират чIвалеб мекъаб нух.**
**Бикъараб «рекъолеб» дагьабго лахIзат,**
**КIиябго рукъалъул уна гьелъ баркат.**

Гъваридаб философияб магIна буго «ЧIухIараб барти» баснялъул ахирисеб ункъо мухъилъ:

**Къисмат-къадар Къадирас**
**Рижилелдего хъвала.**
**Рижи, хвел, гIумрудул нух**
**Халикъасда лъикI лъала.**

МагIарул поэзиялъулъ лъилниги ботIролъе лъугьинчIеб, щивниги кантIичIеб цо цIияб жанрги ургъун буго нилъер халкъияй шагIиралъ, «Суалал–жавабал» абураб гIемерго гьелъие дандекколеб цIарги лъун. Гьезда гъорлъа лъабгояб босулеб буго мисалалъе.

**Гьале цIакъго пасихIаб:**
**– Кьурабалъа чвахулел**
**Гьал иццаз щиб гьабулеб?**
**– Гьез кьурула мугIрузе**
**ГIарцул берцинал гъалал.**

**Гьале цIакъго гIакъилаб:**
**– Дунялалъулго гIалам**
**Сунца бащад гьабулеб?**
**– Ракьалда вижанщинав**
**Ракьулъе ин – хвалица.**

**Гьале цоги «кIигIаркьелаб»:**
**– Бищунго гьаб ракьалда**
**ГIемераб щиб? – Лъим буго.**
**– Лъададаса гIемераб?**
**– Ракь сверухъ гьава буго.**

Дида ракIалде ккола магIарул поэзиялъе хасияталлъун лъугьарал «КIижугьаби», «Ункъжугьаби», «Анлъжугьаби», «Микьжугьаби» жидер шигIрабазул мажмугIазде росичIев цоники шагIир ватиларилан. Гьелъул пикру гьабун, гьаб тIехь цIалараб мехалъ, дида бихьана гьединал къокъал жанразул унго-унгояй устарлъун лъугьун йикIин Баху-Меседу Расулова.

Гьелъие нугIлъи гьабула «ШигIрияб ицц» тIехьалда «КIижугьаби» кIикъогоялдаса цIикIкIун гьумералда ратулел рукIиналъ. «Гьезда гьоркьоса гьанир мисалалъе кинал росилел, кинал кIвар кьечIого гьоркьор риччалел?» абурал суалаз рахIат толеб букIинчIо. Ахирги дица пикру гьабуна, чанго «КIижугьаги» хъван, гьелда къокълъизе тун лъикIилан.

Херлъи – талихIаб хIалхьи,

ХIалкIолес дур хIалбихьи.

* * *

**Ццидахин – ана, гьими – тIегь,**
**Сабру – иманалъул тIогь.**

* * *

**Рокьуй гьукъи рекъолищ,**
**Гьури пун цIа сунебищ.**
**Улбузул ияхI – чаран,**
**Чан хур лъугIараб чIаран.**

Халлъулеб буго шагIиралъ гьаниб щибаб кIиябго мухъилъ рифма цIунун бугеблъи. Нилъер поэзиялъулъ гIемерго тIибитIичIеб рифмаялдаса пайда босулеб букIиналъги бицунеб буго гьаб тIехьалъул авторалъул шигIрияб гьунар-махщел щвалде щун букIиналъул.

Гьанже ирга щвана «Ункъжугьабазде». Гьезги кIудияб бакI кколеб буго тIехьалда. КIикъогоялдасаги цIикIкIараб гьумералда щу-щу кечI лъун буго рекъезе гьабун.

Чанго гьумералдаса тIасаги бищун, щуго ункъжугьаялъулгун лъай-хъвай гьабила, гьезул хIакъалъулъги къокъго бицина.

**Намус бичун щвараб щибго кIваричIо,**
**КIичI рехулезда дун къуркьизе кIвечIо.**
**Къадирас гьукъараб зина кIваричIо,**
**Къадру холеб гали дица тIамичIо.**

* * *

**Халкъ дагьаб, гьава лъикIаб**
**Росулъ рекIей – эркенлъи.**
**ХIалкъараб, халкъалъ цIураб**
**Шагьаралда – янгъизлъи.**

* * *

**Гьаб тIолго гIаламалъе**
**Рекъел, лъикIлъи гьарула,**
**Гьеб гIаламгун цадахъ нилъ**
**Цо гамида ругелъул.**

* * *

**КIалалъ щиб бицаниги,**
**Ишалъулъ вихьула чи.**
**Чан гIасру свераниги,**
**сунаро лъикIал лъалкIал.**

* * *

**Радакь улбузул ургьир,**
**Къаси ракьалъур ургьир.**
**ГIумрудул ихдал – кини,**
**Хасалил сардилъ – мали.**

Гьаниб дица кIвар буссинабуна КIаратIаса шагIиралда кIолеб бугин магIна батIиял рагIабазул рифма гIуцIизегицин. Масала; кини – мали, эркенлъи – янгъизлъи.

Гьваридаб магIна лъун буго лъабабилеб ва ункъабилеб ункъжугьабазулъ, цоцазда релълъарал гьаркьикъал гьаркьал такрарлъизарун, гучаб аллитеррациялдалъун пасихIлъун буго тIоцебесеб ункъжугьаялъул ункъабго мухъ.

Анлъжугьа тIехьалда ункъо гурони гьечIо. Жаниб гъваридаб магIна бугеб цо анлъжугьаги мисалалъе босизе ккела:

**ЧIаголъун йикIана чIаго хварай дун,**
**ЧIагоялгун хварал рокьизе бокьун.**
**Рокьула квешалги дун рихаралги.**
**Рохел киназего! ТIубана ният!**
**ТIокIабги абизе рагIи батани,**
**РагIулебгIан мехалъ жакъаго абе.**

ЧI – чI, р – р, тI – тI гьаркьал такрарлъиялдалъун, тIехьалъул гьаб бутIаялда аллитерациялдалъун бищунго бечедаблъун лъугьун бугин ккола гьаниб мисалалъе босараб гьаб анлъжугьа.

БачIинахъего абизе ккола микьжугьабиги, цогидалго гIадин, гIемерал лъун ругин авторалъ гьаб тIехьалда. Гьел хъван руго магIарулазул халкъиял кучIдузул къануналги цIунун. Гьаб хIужаялъги бихьизабулеб буго Баху-Меседода магIарулазул халкъиял кIалзул гьунаразул асарал гъваридго лъалел рукIин

ТIубанго хIайранлъизавуна тIоцебесеб микьжугьаялъул жинда релълъун цогидаб шигIрияб асаралъулъ батилареб гIадаб пасихIлъиялъ ва гIажаибго гIуцIараб магIнаялъ.

**Моц1рол канлъуца лъалъан,**
**БецIхъахIилаб накIкIирохь.**
**ГъветI-хъарахъ шуруларо,**
**СихIкъотIи тIуркIуларо.**

**Зодихъе балагьараб**
**Гьаб тIабигIаталъул бер –**
**Гургинаб гьитIинаб хIор,**
**МоцIгин цIваби чвердолеб.**

Гьаб микьжугьаялъулъ лъун ругел «сихIкъотIи тIуркIуларо», «тIабигIаталъул бер» гIадинал шигIриял сипатазги сагьвиллъизе гьарула.

ТIадехун рехсаралдаго релълъун, шигIрияб пасихIлъиялъул тIогьлъун лъугьун бугин рикIкIине бегьула гьаб микьжугьаги:

**Гьороца гуро тIегь сорозабулеб,**
**Сири бала гьелда, тIелилан хIинкъун.**
**ТIогьода щуб гуро радал батулеб,**
**ТIелхазда хулула хвалилаб магIу.**

**Дие тIугьдул кьоге, берцинлъи чIваге,**
**ГIумру къокъал тIугьдул гIодизаруге.**
**Дун йохизе гIоло тIурал тIугьдузул**
**Зигардиялъ дир ракI бакъвазабуге.**

МагIна гъваридаб букIиналъ, мацI пасихIаб букIиналъ, мисалалъе босараб лъабабилеб микьжугьаги рехсон, лъугIизе тела «жугьабазулаб» бутIаялъул бицин.

**Бергьараб боцIуда рекIарав пакъир,**
**Къуватал гIоркьилаз цIунизе ккарав.**
**Къаси макьил хIалхьи, къад парахалъи**
**ГIарцуца бикъарав – буголъидул лагъ.**

**БацIцIадаб намусги рагьараб ракIги ,**
**Рагь-рагьун каваби, лъалареб хIинкъи –**
**ХIалкIолес щивасе кьураб гьеб рахIат**
**РухI бичун, бечелъун лъугIизабула.**

Гьанже ирга щвана рубагIиял жанралъул бицине. Гьеб бачIун буго XI–XII гIасрабазул персазулгун таджиказул машгьурав шагIир, математик, философ ГIумар Хайямица жиндирго философияб магIнаялъул ункъжугьабазда цIар лъезе хIалтIизабураб рубагIия абураб рагIиялдаса. Гьесул щибаб рубагIиялъулъ буго кIудияб къасидаялъулаблъун лъугьунеб магIна. Гьединлъидал гьеб тIибитIана бакъбаккул рахъалъул улкабазул поэзиялъулъ.

ГIумар Хайямил цо-цо рубагIиял магIарул мацIалдеги руссинарун руго. Дида жакъаги ракIалда буго кидаялиго цIалараб гьезул цояб:

**ГIакълуялъул чиллайдул чадир букъулев устар,**
**Тохлъукьего бецIлъулъе вортулевлъи лъай, ГIумар.**
**РакIалдаго гьечIого тIун ина тIеренаб кун,**
**Дур гIумруги лъугьина шагьидул багьаяблъун.**

Кутакаб махщалида ГIумар Хайямил цо рубагIия магIарул мацIалде буссинабун буго Дагъистаналъул халкъияв шагIир МухIамад ХIамзаевас. Гьале гьеб:

**Дида хвалил кьогIлъи кIоченабурай,**
**Ракьалда нилъ чIаго ругебгIан мехалъ**
**Дир риччарал берал ракъвазе гьаре,**
**Ва ракъварал кIутIби риччизе гьаре.**

Къоабилеб гIасруялда магIарул поэзиялъулъ тIибитIана гьеб жанр. ГIабасил МахIамадил шигIриял асаразул мажмугIазда гIемерал ратула рубагIиял.

Баху-Меседу Расуловалъ жиндирго гьаб тIехьалдеги босун буго къоло цо рубагIия.

Гьаниб мисалалъе босилин гьезда гьоркьоса лъабгояб:

**Хвел тIаса унаро, сагIат лъаларо,**
**Лъалев Аллагь вуго, гIадамал гуро.**
**Хвел кIочон, дунялалъ гуккизе чIоге,**
**Дагьаб дуниял бокьи – гIакъиллъи гуро.**

* * *

**ГIарцуй какал ралел кепказул лагъзал,**
**Аллагь кIочон ралел кIудиял рукъзал.**
**РекIелъ иман бугес даимаб ккола.**
**Доб дуниялалъул къачIала рукъзал.**

* * *

**ЦIалана, хъвадарана, Аллагь, мун тIаса лъугьа,**
**Сариназде гъапуллъун йикIана, тIаса лъугьа.**
**Къуръан тун, къалам ккурал дир гьал квеpазда гурхIа,**
**Дунял гIемер тирарал дир бохдул… ТIаса лъугьа.**

«ШигIрияб ицц» тIехьалде Баху-Меседу Расуловалъ босун буго батIи-батIиял бутIабазде бикьараб «Устарасул муридзаби» поэма. ЦIаралдасанго бичIчIулеб буго гьеб диналда хурхараб букIин. Гьелъие нугIлъи гьабула поэма байбихьулеб микьго мухъалъ.

**Устарасул муридзаби,**
**Мурад – нужер ракIал квегъи,**
**РекIел зикруялъул агьлу,**
**Анищги – нафс къезе гьаби.**

**Къула-рорхун какал разе,**
**Киназдаго кIолеблъидал,**
**КIудиясухъе нуж уна,**
**РакIги нафсги мутIигIлъизе.**

Хадубги чанго куплеталдаса ратула муридзабазул сипат гьабурал гьадинал мухъалги:

**Пуруц-рукьгун рекьарун,**
**Ракьалда гIумру арал,**
**ГIелму-диналда тIадчIун,**
**Дунял дагьаб гьабурал.**

**Дагьалда гIей гьабиялъ**
**Даимго гIорцIарал нуж,**
**Нафс квегъун, сужда гьабун,**
**Свакаларел муридал.**

Гъазаваталъул хIакъалъулъ бугеб «Имамасул муридал» абураб бутIаялда шагIиралъ хъвалеб буго «нафс квегъарал муридаз рухI бичун ракь цIунана» ва «бахIарчиял муридаз бессана нилъер тарих» абун.

Хадусеб «Устарзабазул квербакъи» бутIаялъул магIна халатаб ункъо мухъилъ загьирлъун буго:

**Муршидасул муридаз макьу тун гьабураб дин,**
**Имамасул муридаз биги тун цIунараб дин.**
**Дуниял хиралъичIел нафсгун къеркьон бергьуна,**
**Къеркьеялъе квербакъи устарзабаца кьола.**

Гьаб поэмаялъул анлъабилеб «РацIцIадал муъминзаби» бутIаялда шагIир жиндирго цIаралдасан хIелун кIалъалей йиго:

**АлхIамдулиллагьин хIелхIедула дун,**
**Х1алкIолес ракьалда кьунщинаб талихI.**
**ХIал рекъараб рокъой гIейги Дур сайгъат,**
**Сабру-иман тIокIал эбелгун эмен.**

**Авал-къоноялда лъачIо гьакълил махI,**
**МахIцараб хъалянги чорокаб сунтIги.**
**Сундулъго букIана гIадатлъи, гIадлу,**
**ГIадамал разияб недегьаб калам.**

«АлхIамдулиллагь» бутIа тIубанго кьела, дурцал рихаразе дарслъун букIине, вас гьечIел улбузе мисаллъунги лъугьине ва унго-унгояв магIаруласул гIамал-хасият гьелъулъ шагIиралъ лъун букIинги лъазе:

**АлхIамдулиллагьин абула дица,**
**Аллагьас дие дурц вас гIадав кьедал.**
**ВукIараваниги, вокьилаан вас.**
**ВукIине дурцасда гIамал релълъарав.**

**ГIелму-лъай цIикIкIарав, хъулухъ-иш лъикIав,**
**Хъаляналъ, гьакълица къуркьизе чIечIев.**
**Къуръан-хIадисалъул хIурмат гьабулев,**
**ХIакимлъи-гIарцуца иман чучичIев.**

**ГIарафа магIарде эбел ячарав,**
**Инсуй гIоло гIумра гьабизе арав.**
**ГIадлу цIакъав дада, лъадуй лъикIав рос,**
**Росдал гIадамазул адаб цIунарав.**

Гьанже тIадруссун бицани, гьаб тIехь бечедаб буго гьелда гьоркьоре унел батIи-батIиялл шигIриял асараздалъун. Дагьал гьечIо тIехьалда динул исламалъул бицунел кучIдул.

Цо кечIалда цIаргицин лъун буго шагIиралъ «Динияб дуниял гIун йикIина дун» абун.

**Байбихьи буго гьадинаб:**
**Дунявиябщинаб тарабин рехун,**
**Дунял бокьанщинал рукIа нуж рохун.**
**Ахират босила, халваталъуй чIун,**
**ЧIаго йигониги, йикIина дун «хун».**

Хадусеб «Халикъасе гIоло» кечIги гьебго темаялъул буго. Авараг рехсараб кIиго мухъ гьале:

**Щокърой рухI щведалги, умматин угьдун,**
**ИнчIищ нилъер ХIабиб ХIалкIолесухъе.**

Лъабабизе мисалалъе босараб кочIол байбихьуда бугеб микьго мухъалъулъ лъун буго шагIиралъ кIудияб магIна, муъминал яцазе ва вацазеги пасихIаб вагIза-насихIатлъун лъугьун буго гьеб:

**Цоги парахатаб сордо рогьана,**
**Рагъул гъугъай гьечIеб, ракъи-къеч гьечIеб.**
**Къадирасул сайгъат – къоги бачIана,**
**Сужда Досий гуреб гьабизе ккечIеб.**

**Гьеб гуребищ талихI, ХIалкIолес кьураб,**
**ХIелхIелчилъи гьечIеб, хIилла-рекIкI гьечIеб.**
**РекIел зикру, Къуръан, къеч буссинегIан,**
**Расуласе свалат, рекIелъ цо Аллагь.**

Нилъер магIарул поэзиялъе хасиятаблъун лъугьун буго машгьурал, хириял гIадамазе, лъале-хъвалезе, гьудул-гьалмагъзабазе сайгъат гьарурал кучIдул кагътиде росулеб гIадат. Гьаб тIехьалда Баху-Меседу Расуловалъ шигIриял асаразулъ рехсон руго магIарулазул машгьурал гIадамал: вацал Загьаловал, Халид Халидов, Багьадур ГIабасов, ХIабиб НурмухIамадов, ГIумархIажи Шахтаманов, Ибрагьим Ибрагьимов, Загьалав ГIабдулбеков, Ибрагьим ХIасанов, Машидат Гъайирбекова ва МухIаммад-хIажи ГIабдулгъапуров.

Чол хулжал цIуралгIанги гIемерал кучIдузулъа киназдедай кIвар кьела, киназулдай бицина? Ахирги пикру ккана цIалдолезда божун тезе, жидеего бокьараб асаралъе биччанте гьез кьезе кIвар.

ТIехьалда кьун бугоункъо баллада («Эмен», «Цебе тIамулеб буго», «Казань», «Суюн-бика») ва «Биценал», «Маргьаби» гIадинал гIисинал тIелазде рикьарал кучIдулги.

МагIарул поэзиялъулъ лъикIаланго кIудияб бакI ккола лъималазе хъварал кучIдуз. Хунзахъ районалъул ТIанусиса МухIамад Гъазиев вукIана гьитIичазе кучIдул хъвазе гьунар бугев шагIир.

**«Эбел кьижун йиго, гьей свакан йиго,**
**Дунги ясикIогун ясандиларо».**

Гьел мухъаздаса байбихьулеб гьесул кечI машгьурлъун букIана магIарул тIахьал цIалулезда гьоркьоб.

Гьебго районалъул Гиничукьа ХIасан ХIабибовасги хъвала лъималазе кучIдул. «ХIелеко» абураб гьесул тIехь бахъун букIана Дагъистананлъул цIалулгун педагогикияб издательствоялда.

Баху-Меседу Расуловалъги гьаб тIехьалде босун буго лъималазе хъвараб ункъо кечI: «Зодоб биунеб гIазу», «Дир катил гIадал берал», «Калил тарбия», «Камилил суалал».

Гьеб ункъалъулго лъабгояб шагIиралъ гIуцIун буго гIисинал лъималазул гIакълу «гIунтIарал» гIажаибал суалаздасан ва цIикIкIараз гьезие кьолел жавабаздасан.

«Калил тарбия» гьездаса батIияб бугелъул, гьеб кочIолъа босараб микьго мухъалдасанги бихьулеб буго лъималазул жеги камиллъичIеб гIакълу-пикруялде дандекколел шигIриял асарал ургъизеги Баху-Меседу Расуловалъул пагьму-гьунар щвалде щвараб бугеблъи.

**ГьитIинай Калица катитIинчIалъе**
**ТIадчIун кьолеб буго «лъикIаб» тарбия,**
**ЛъалкIал толел ругин чорокал квачIаз,**
**Чуруларел щайин кванда церецин.**

**НуцIил кIалтIа квачIал рацIцIине кколин,**
**МацIалъ чорокал гьел чуругейилан.**
**ЧанцIул малъаниги, малъ гIанаб тIинчIалъ,**
**Мимидун гурони, «жаваб» кьоларо.**

ГIажаибго бечедаблъун лъугьун буго гьаб тIехь таржамабаздалъун. БатIи-батIиял бакIаздаса машгьуралги ва нилъеда жеги рагIун вукIинчIевги къогоялдаса цIикIкIун шагIирасул лъебергоялдаса цIикIкIун кечI гIурус мацIалдаса буссинабун лъун буго гьаб тIехьалда Баху-Меседу Расуловалъ. Гьел ккола: Узбеказул шагIир Даврон Раджаб, гIурусазул машгьурав шагIир, таржамачи ва гIелмабазул доктор Владимир Полушин, кабардиязул цIар рагIарав шагIир АхIмал Созаев, ГIумар Хайям, Роберт Бернс ва цогидалги.

Гьал таржамабазги бицунеб буго шагIиралъул махщел камиллъун букIин. ТIаде цIикIкIинарун, цIияб тIехь бахъизе бегьила таржамабазул.

Къокъго абуни, Баху-Меседу Расуловалда кIвана магIарул адабияталда жаниб жиндирго хасаб нух батизе, ва гьеб нухккун гьей яхана шигIрияб борхалъуде.

Гьелъул асаразулъ буго хасаб гугьар, берцинлъи, гъварилъи, пасихIлъи. Баху-Меседу Расуловалъул шигIрияб иццбуго бацIцIадаб. Гьеб иццухъ магIарулазе жеги гIемер данделъизе хъван батаги Аллагьас!

## МагӀарулаз Надир-шагь щущахъ виххизавуралдаса 280 сон т1убаялде




**МухIамад АБАКАРОВ**

### ГIАНДАЛАЗУЛ КIКIАЛАБАХЪ КЪАЖАР БО ЩУЩАЗАБИ

*(тарихиял очеркал)*

***(Журналалда кьолел руго къокъ гьарун)***

*«Шагь гIадаллъун ватани, Дагъистаналъул халкъалда данде рагъ гьабизе виччан те!»*
**(АнцIила микьабилеб гIасруялда ираназул кици)**

Дуниял–гIаламго хIинкъулев Надир–шагь магIарул халкъалъ къезавураб куц

*Надирил талихIалъул цIва тIерхьана Дагъистаналъул мугIрузда.*
**(А. П. Навосельцев – гIурус-советияв тарихчи, СССРалъул ГIелмабазул Академиялъул член-корреспондент**

Лъалеб букIахъе, Дагъистан тIубанго квегъизе мурадалда, 1741 соналда, жиндие мукIурлъарал батIи - батIиял улкабаздаса бакIарараб кIудияб аскаргун Надир-шагь вагъарана Дагъистаналде.

Дагъистаналъул халкъалда гьоркьоб тIибитIараб цо биценалда Надир-шагьасул хIакъалъулъ гьадин абулеб буго: *«Гьес витIанила Гъази-Гъумекиса Сурхай-ханасухъе чапар ва гьесухъе кьунилаункъо жо: гъалбацIалъул квачIги, цIудул кваркьиги, дангъура цIураб салиги, гIарадаялъул гумпараги. Гьелги ханасухъе кьун, чапар вуцIцIун чIанила. Сурхай–хан гIемер ургъана гьелда тIад. Жиндихъе кьурал жалазул магIна бичIчIуларого вукIана гьев. Гьеб мехалда гьес гьеб масъала лъуна жиндирго гIакълучагIазда цебе. Гьез жидерго пикру загьир гьабуна: ракьалги квегъулев халкъалги асир гьарулев шагьас абулеб буго ракьалда салигIан гIемер аскарги бугин жиндир, гъалбацIгIан къуватав живгоги вугин, жиндир къуваталъул кваркьи, цIудулго гIадин, Дагъистаналъул мугIрузда тIад тIибитIизехъинги бугин жинца, ва жиндир бугин жеги дагъистаниязда*

*бихьичIеб къуватаб ярагъгиян. Гьединлъидал пайда гьечIин дагъистаниязул дандечIеялъулгиян.*

*Кинаб жавабдай кьелеб Надир-шагьасеян гIакълучагIи ургъулебгIан заманалъ, Сурхай-ханасул бихьизабиялда рекъон, чапарасе гьоболлъи гьабуна. Гьев кванан вахъараб мехалда гьесухъе кьуна гьитIинабго гъутухъ. Гьелда жанир рукIана: къадакоги, гIункIкIги, дангъура цIурабгIанасеб ракьги, ункъо гуллаги. Цин Надирида ракIалде ккана: гъутухъалда жаниб бугеб жоялъ нугIлъи гьабулеб бугин магIарулал жиндир рагъулаб къуваталъе мутIигIлъулел рукIин. Дагъистаниязул сайгъаталъул магIна гьесда гьадин бичIчIана: гьел хIадур руго Надирие кьезе жидерго ракьалги (гIункIкIазул рукIнал), жидерго зобги (къадако – зобалазул игIлан), жидерго чедги (щайгурелъул чед куна инсанасги, гIонкIкIоцаги, къадакоялъги), гуллби – гьеб ккола Надирил хIатIикье магIарулаз жидерго ярагъ рехулеблъи.*

*Амма шагьасул гIакълучияс бичIчIизабуна Сурхай-ханасул сайгъатазул магIна батIияб букIин. МагIарулаз абулеб буго: нуж, парсиял, хIанчIи гуро, зобалазде роржине, ва гIункIкIал гуро, ракьулъ рахчизе. Рекъелгун нуж гьаниса нахъе ани, гьабила лъикIаб гьоболлъи. Рагъгун ани, дунялалъул ункъабго рахъалдасан нужеде роржине ругел гуллбузул цIадукь нуж хвезе руго. Сурхайил сайгъатазе гьединаб баян кьурав гIакълучи вахIшиго чIвана ццин бахъарав Надирица ва, бугебщинаб къуватги бачун, гьес байбихьана магIарулазде тIаде гьужумалъ ине. Гьедин байбихьана рагъ…».*

Гьединаб, маргьабазулъ гIадаб бицен-тей халкъалда гьоркьоб тIибитIаниги, хIакъикъат тIубанго батIияб букIана. ХIакъикъаталда абуни, живго Сурхай-ханасул битIахъегояб гIайибалдалъунин, гьес жеги 1734 соналдаго шагьасул витIунчи-посол чIвайин (некIоялдасаго гIадатлъун билълъун букIараб хIужжа ккола посол чIвай – рагъ лъазабилъун рикIкIин) Надир-шагь Дагъистаналде тIаде тIоцеве рагъулаб сапаргун вачIиналъе гIиллалъунго ккараб!

ГIандалазул кIкIалахъ Ираналъул шагь Надирил аскар щущахъ биххизабураб рагъ ккана, лъабабилеб нухалъ Дагъистаналде аскаргун рагъулаб сапаралъги вачIун, гьес гьеб квегъизе байбихьараб ва гьелъие гIоло хIалуцарал рагъал унел рукIараб 1741 соналъул 22–28 сентябралда.

Амма, шагь Дагъистаналдеги вачIун, гьел рагъал гьариялъе ккараб гIиллаялъул бициналде, гьелда цебесеб хIакъикъат якъин гьабизелъун, нилъеца цин цебе чара гьечIого Дагъистаналъулгун гIурусазул, турказул ва Ираналъул пачалихъазулал гьоркьорлъабазда тIадчIей гьабизе ккола. Гьелдаго цадахъ къокъго бицен гьабичIого гIоларо нилъеца рехсей гьабулеб, Надирица Дагъистан квегъизелъун лъабабизеги гьабураб гьужумалда церехунги гьес кIицIулго Дагъистаналде гьарурал аскариял гьужумазул хIакъалъулъги.

Гурони гьаб асар цIалулесе Дагъистаналъул мугIрузде гьанжеялдаса 280 соналъ цебе шагьасул аскар бачIиналъе гIилла щиб ккараб, дагъистаниязул цадахъаб дандечIеялдалъун Надирил бергьун кIудияб, камилаб, рагъулаб хIалбихьи бугеб аскар щущахъ биххизабураб кьаби щвезабиялъе рес кинал шартIаз ва сунца кьурабин абурал суалазе жаваб батизе, гьеб бергьенлъиялъул букIараб ва гьанжеги бугеб, къимат хвечIеб ва хадуб киданиги хвезеги гьечIеб тарихияб кIвар гъваридго бичIчIизе расги бигьаго букIине гьечIо.

## XVI–XVII аб. гIасрабазда гIурусазул, иранназул, турказул ва дагъистаниязул рукIарал гьоркьорлъаби

XVI-абилеб гIасруялъул бакьулъ заманалдаса хадуб Ираналъул, Турциялъул ва Россиялъул пачалихъазда гьоркьоб Дагъистаналда тIад кверщел гьабизе ихтияралъе гIоло дагIба-къец цIикIкIине байбихьана. Кавказ кверщаликье босиялъе гIоло церегоялдаса къецалда ругел гьезул Дагъистаналда тIад ихтияралъе гIоло дагIба-къец хасго цIикIкIун хIалуцине байбихьана XVII аб. гIасруялъул ахиралдаса XVIII гIасруялъул авалалда гьоркьоб заманалда. Гьеб

бичIчIулеб жоги буго – Дагъистан бугелъулха цIакъго пайдаяб ва стратегияб кIвар бугеб бакIалда. Гъенисан ругелъул бакъбаккул улкабаздехун дармилал нухал! Гъединлъидалин цебегоялдаса сверухъ ругел пачалихъаз, кверщел гъабизе бокьун, гьелде гьарулел гъужумал къотIизе толел рукIинчIелги.

Аслияб къагIидаялда, Дагъистаналъе хIинкъи букIана Югалдасан ва хасго Ираналъул рахъалдасан. Цебего гIадин, Ираналъул шагьаз Дагъистан жидерго ракьлъун рикIкIунеб букIана ва гьелъул кьучIалда гьел Дагъистаналъул жанисел ишазде гьоркьоре лъугьунел рукIана. XVIII-аб. гIасруялъул байбихьуда Сефевидазул (1500-1736 аб. с. Ираналъул шагьзабазул) тухум Иран Дагъистаналъул халкъазе жал чияда рараллъун гьечIолъиялъе ва эркенлъиялъе хIинкъи цIикIкIараб кIудияб къуватлъун лъугьуна.

Гьединго, хIисабалде росичIого гIоларо Дагъистаналъул магIарулал суннитал рукIиналъ персазул-шигIитазул рахъалдасанги къварилъиялде кколел рукIиналъул хIужаби. Шагьазул рахъ ккевеялда мугъги чIван, шигIитазул иш тIибитIизабулез зулму гьабун билълъанхъизабулеб букIана югалъулаб Дагъистаналъул халкъазда гьоркьоб жидерго дин, рагьулел рукIана жидерго диниял мажгиталгун мадрасаби. Гьеб киналъго, гьайгьай, дагъистаниязда гьоркьоб разилъи гьечIолъи лъугьинабулеб букIана.

## Жидерго эркенлъиялъе гIоло Кавказалъул ва Дагъистаналъул халкъазул къеркьеял

XVIII-аб. гIасруялъул байбихьуда, 1707 соналъ Ираналъ кверщел гьабиялде тIоцере данде рахъана ЧIар-Беликан (Белокани) росабазул жамгIияб цолъиялъул аварал (гъолодисел). Гьелгун цолъана цахурал ва азербайджанал, хадурго гьеб багъа-бачари – восстаниялде гьоркьоре журана ва гьелъие бетIерлъи гьабуна феодалазулгун бакIалъулал диниял бутIрузул къокъаялъ. Гьеб къеркьей сверана къосарал шигIитазде данде суннитаз гьабулеб къеркьеялде. Шагьас восстание къинабизе витIана Кахетиялда вугев жиндирго сардар Имам-Кули-хан. Восстание къинабулаго, гьес бухIана ЧIар-Беликан росу, кIудиял зулмаби гьаруна гъолодисезул гIадамазе.

1710 соналъ феодалиял ва колониалиял зулмабазде данде восстание багъарана Хайдакъалдаги. ДандечIаразе хIалае вачIана уцуми АхIмадханги (хайдакъазул ихтияр кодосев чи – цевехъан). Гьесги Сурхай-ханасги – кIиясго рекъон Дагъистанги къажаразда данде багъаризабуна. Гьезул нухмалъиялда гьоркь дагъистанияз Шабран абулеб шагьар, тIадеги кIанцIун, тала гьабуна, гьенир рукIарал къажаралги чIван, шагьар чIунтизабуна.

1711 соналъ ираназул зулмучагIазде данде нахъеги рагъ байбихьана Белоканалъул цолъиялъул гIадамаз, гьединго лезгиязул жамагIатаз ва лаказ: «1712 соналъул ихдал – ХIажидавудил (Мюшкюр уездалъул Додели росулъа чи, лезгиязул цевехъан, уцумил ва Гъумекиса Чулахъ-Сурхайил бетIерлъиялда».

30-азаргогIан чи вугеб цолъизабураб аскаралъул боязул кумекалдалъун магIарулаз сверун ккуна Шамах ва гьужумалдалъун гьеб кодобе босана. Амма, 1719 соналъ, дагъистаниязул аслиял къуватал мугIрузде тIад руссиналдаса пайдаги босун, ираназ тIадецуй цIикIкIинабуна. Бугониги, ХIажидавудида ва Сурхай-ханасда кIвана нахъеги лъикIаланго къуватал данде гьаризе. 1721 соналъул 21 июлалда гьез цIидасан сверун ккуна Шамах. 25 къоялъул сверунккевеялдаса хадуб, Шамахалъул суннитазул кумекалдалъун шагьар квердеги босун, гьез Шамахалъул ханги, гьесул рагъулал хъулухъчагIиги ва шагьасул рахъ ккурав шагьаралъул тIаса вищарав 800 чиги (гьездаго гьоркьов 300 гIанасев гIурус даранчиги) чIвана. Шагьар талавур гьабуна ва чIунтизабуна. Гьенир балагьалде ккана, Шамахалда гIумру гьабулел иранал гурелги, гIурусазул базаргабиги. Гьезухъа бахъана миллион гъурщиде бацIцIадаб гIарцул (ялъуни 5 миллион персиялъул гIисинаб гIарцул) багьаяб къайи. Рехсарал рагъазулъ гIахьаллъи гьабулаан тIадмагIарухъа мухьдахъ ккурал рагъухъабазги. Масала, тумазул

гIалим Замир-ГIалида Къуръаналъул цо тIамчил тIарада батараб «Гуржихли» жамгIияб цолъиялъул (БацIада, ГIунтIиб, Куллаб ва Шуланиб росаби) росабазул гIадамаз Сурхай-ханасухъе битIараб гIараб мацIалъ хъвараб кагътида рекъон, «Гуржихлиялъул» гIадамаз Сурхай-ханасул боязда гъорлъ гIахьаллъи гьабулеб букIун буго гьев ханас тIоритIулел рагъазулъ.

Гьале гьел хъвай-хъвагIаязул таржама:

*«Къабул гьаре Гуржихлиялъул тIолалго жамагIатазул, гIалимзабазул ва жамгIиял церехъабазул рахъалъан жинда релълъарав цоги гьечIевгIан тIадегIанав ва къадруяв ханасде, гьесул васал МухIамадидегун МуртазагIалиде гIемерал саламал! Саламалда хадуб. Нижеца тIадегIанав духъе гьаб кагъат битIиялъул аслияб мурад гьадинаб буго. Дуца Дагьистаналъул халкъал гьа базе духъего ахIана.*

*Гьелгун цадахъ рукIана нижги. Нижецаги гьа бана ва кидаго рагъазулъ гIахьаллъулелги рукIана. Ниж кидаго хIадурал рукIине руго, цогидалго гIадин ва гьездаса нахъе цIикIкIунги, дуда цадахъ рагъазулъ гIахьаллъи гьабизе. Нижер ритIухълъиялъул ва гIаданлъиялъул нухдасан унеб жамагIат буго. Нижер кинабго захIматхалкъ къуркьичIого дур рахъ кквезе хIадурал руго ва даимго киданиги дуе хилиплъизеги гьечIо. Вассалам».*

Кавказалда кколел лъугьа-бахъиназ ва Сефевидазулаб пачалихъалда бугеб балагьаб ахIвал-хIалалъ Турциялъулги Россиялъулги политика хIаракатлъизабуна.

ГIусманилаб (1299-1922 аб. соназда турказул СултIаназул тухумалъул цIар; СултIанилаб Турция) империялъ хIукму гьабуна Кавказалда Турция щулалъизе. Петр-I-сесул (1672-1725 с.с.) планазулъ абуни букIана, Каспиялда аскIор ругел областалги цолъизарун, Россиялъул фабрикабазул капиталияб предприятиязул мануфактурияб промышленность хIажатаб сырьеялдалъун хьезабизе. Гьеб гуребги, гIурус пачаясе бокьун букIана Россия Европаялъулги Бакъбаккул рахъалъулги дармилал ишазул гьоркьохъанлъун лъугьинабизе.

1722 соналъул маялде рагIалде бахъана гьел мурадазда Кавказалде аскарияб сапар гьабиялде хIадурлъи. Шамахалъул лъугьа-бахъиназдаса пайдаги босун, Петр-I 46 азарго чиясдасан данде гьабураб аскаргун, ва хас гьабун гьеб сапаралъе гIоло гIуцIараб флотгун, Дагъистаналде вачIана (Замир-ГIалил баяназда рекъон, ракъдадасан Дагъистаналде 80 азарго солдат вачIун вуго, хутIарав 171 азарго чи ралъадасан рачIун руго).

Гьеб аскарияб сапаралъулъ гIурусаз росарал бергьенлъабаз гьезие рес кьуна, Дербент ва Гилян, Салиян, Мазандаран, Астрабад вилаяталгун цадахъ, Баку кодобе босизе. Турказухъе ана Ширван, Гуржистан, Эрменистан. Къажаразе щибниги хутIичIо.

Каспиялда аскIор ругел улкабазда Россия щулалъиялъ рачана Турциялъулги Россиялъулги гьоркьорлъаби хвеялде. Турказул аскарал Закавказьеялде гъункана ва Карталаялъул ханлъи хIажатаблъун ккана СултIанил тIадчилъиялъе мукIурлъизе. Амма, кин бугониги, 1724 соналъ Россиялда, Персиялда ва Турциялда рахъарал ракьал гьоркьор рикьулелъул, цIикIкIарасел Россиялъе ккана.

ЗулмучагIазул гьеб бикьа–къотIиялъ, гьайгьай, рази гьаричIо Дагъистаналъулги Закавказьеялъулги халкъал. Констанстинополалъул къотIиялда рекъон, Дагъистаналъул, Азербайджаналъул ракьал ва гьединго Грузиягун Армения Турциялъухъе ккун рукIана. Турказул кверщаликье ккарал халкъалги нахъеги рес къотIараб хIалалда рукIана, ва гьединлъидал цо нухалъ гуро гьел рахъарал хъатIикь ярагъгун жидерго ихтиярал цIунизе.

Амма ахIвал-хIалги хIалуцинабулаго, турказ хIаракат бахъана Кавказалдаса гIурус аскарал нахъе рачахъизе. Гьеб мурадалда тIибитIизабуна хIаракатаб рагъулабгун дипломатияб хIадурлъи, Ираналъул рахъалдасан квал-квал букIунгутIизелъун. Порта (Турция) ана 1725 соналда Персазул ханасул тахбакIида гIодов чIарав Мир-Ашрафгун ракълиде. 1727 соналъул 4 октябралда

хъвана Ираналдаги Турциялдаги гьоркьоб ракълил къотIи. Гьелъ квербакъана лъикIаланго ракьал Турциялъе щвеялъе ва гьеб заманалда Ашраф Россиялде данде чIезавиялъе.

Амма Россияги кьижун букIинчIо, гьелъ къабул гьабуна гьеб «хIай» ва, жидерго иргаялда, 1729 соналъул 3 февралалда тIадегIанаб бальгояб Советалъул хIукмуялда рекъон, генерал Левашовас Ашрафицагун цадахъ гъулбасана Россиялъул кверщаликь рукIарал ракьал, Аракс ва Кура цолъизегIан, гьесул кверщаликье кьезе бихьизабураб трактаталда (къотIи-къаялда).

XVIII гIасруялъул 30-абилел соназда Ираналъул хIакъикъияв бетIерлъунги вахъун, Надирица (1688-1747 с.с.) байбихьана цереккун Ираналъул рукIарал ракьазда тIасан Отоманалъул Порталъулгун къеркьей. Надир-шагь (гьесда абула гьединго Афшар, Тагьмаз-Кули-хан ва гь.ц. ХIакъикъияб цIар ккола Надир-Кули) вукIана туркменазул Афшар тухумалдаса гIакълу-тадбир бугев, цIакъго бахIарчияв, бергьарав бодул цевехъан. Ираназул пачалихъалъухъа гIурусазги турказги рахъарал киналго бакIал тIадруссинариялъе дагьал соназда хехал тадбиралги гьарун, кIалагьоркье буссун лъугIун унеб букIараб пачалихъ гьес, цIидасан гIуцIун, щула гьабизе байбихьана.

Гьел мурадазда Надир Ериваналде (Ереван) чабхъен гьабизе хIадурлъулелъул, хабар бачIана Хорасаналъул гIадамаз гьесул вац чIван вугилан. Надир ана гьениб багъарараб восстание гIодобе буссинабизе. Надир гьечIеб мехалда Ираналъул шагьас байбихьана рагъулал ишал, амма цо чанго къоялдаса хадув гьев хIажатавлъун ккана 1832 соналъул январалда Керманшахалда Ираналъе пайдаяб гуреб ракълилаб къотIи хъвазе.

Хамаданалдаса вуссун хадув Надирица Тагьмаз Лъабабилев шагьлъиялдаса нахъе рехана ва шагьлъун лъазавуна гьесул микьго моцI барав вас ГIабас. Живгоги лъугьана гьесул рэнтгенлъун (пачалихъалъе бетIерлъи гьабулев чилъун). Гьес хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна СултIанилгун Ашрафица хъвараб къотIи, цIи гьаруна цереккун Ираналъул рукIарал ракьал тIад руссинаризе гIоло Порталде данде рагъулал ишал. Амма гьеб хьинтIулеб букIана Россиялъул мурадаздаги. Каспиялда аскIор ругел ракьазе гIоло гьабулеб къеркьеялъ Россия бачине бегьулаан Ираналъулгун рагъде. Гьеб бокьичIеб ва Азовалъулгун ЧIегIер ралъдал рагIаллъиялъе гIоло Турциялъулгун рагъде хIадурлъулеб букIараб Россиялъ 1732 соналъул 21 январалда Решт шагьаралда Ираналъулгун ракълилаб къотIи хъвана. КъотIиялда, дармилал тIокIлъаби гурелги, Россиялъул рахъалдасан Ираналъе кIвар бугел территориалиял (авал-ракьалъулал) эркенлъаби рукIана. ТIадежоялъеги, гIурусаз рагIи кьолеб букIана, турказдаса улка хвасар гьабураб ва Надир ракIчIун Ираналъул бетIерлъуда щулалъараб мехалда, Ираналъухъе Баку ва Дербент тIад руссинаризеги.

Гьанже рагъулал лъугьа-бахъинал тIуранго Кавказалдехун гочана. Турциялъе щварал ракьал нахъ руссинаризе гIоло гьеб пачалихъалде тIаде кIанцIиялъе бищунго санагIатаблъун Ираналъ рикIкIунеб букIана Дагъистан. Гьединаб куцалда, гьел чияр ракьал рахъулел агрессоразул къеркьеялде гьоркьобе ккана Дагъистанги, гьединго росабазул эркенал жамгIиял цолъабазул гIадамалги.

Надирица босараб цо чанго бергьенлъиялдаса хадуб, туркал хIажаталлъун ккана рекъел гьаризе. 1733 соналъ хъвараб Багъдадалъулаб ракълил къотIиялда рекъон, Турциялъ тIаде босана церехун жидее щун рукIарал ракьал Ираналъе тезе. Турказ Ширваналда ханлъи гьабулев Сурхай-ханасухъеги хъвана Ширван Ираналъухъе кьеян тIалабгун кагъат. Надирицаги, «Хех гьабун Ширваналдасагун Шамахаялдаса нахъе а!» – абураб тIалабгун, гьесухъе чапар витIана.

Амма Сурхай ханас, Надирил чапар чIвазе буюрухъги кьун, гьес хъван бачIараб кагъатги бихъун рехун: «Дагъистаналъул цIиркъазул» (кутакалда бахIарчиял рагъухъаби абулеб магIна. -М.А.) кумекалдалъун кверщел гьабуна дица Ширваналда тIад ва лъилгIаги кинабниги ихтияр гьечIо дидехун гьадинал, дун къабихI гьавулел тIалабалгун хитIаб гьабизе…», – абун жаваб кьун буго. Турказул СултIанасда гьес лъазабун буго: «Турказул пачалихъалъул мурад

тIубазе гIоло гуреб, Дагъистаналъул бусурбабазул хвалчабазул кумекалдалъунин дица Ширван кверде босараб», – абун. Багъдадалъул бетIерасеги гьес: «Нижее Ширван, лъицаниги сайгъат гьабун гуреб, дагъистаниязул хвалчаца квегъун щун бугелъул, Багъдадалдаса АхIмадил яги лъил букIаниги цогидасул кинаб ихтияр бугеб гьелде гъорлъе журазе?!» – ян кьварун жаваб кьола.

Абула гьеб кканин Надирица Дагъистаналде данде рагъ байбихьиялде гIиллалъунгийилан.

### Дагъистаналде Надирил тIоцебесеб рагъулаб сапар

1734 соналъул риидал, кIудияб армиялъул бетIерлъуда, Надир вагъарана Ширваналде. Августалъул байбихьуда абуни, гьес бахъана Шамах ва буюрухъ кьуна тIубанго гьеб чIунтизабизе. Хадуб Деве-Батан абулеб бакIалда шагьасул аскараздаги магIарулаздаги гьоркьоб рагъ ккана. Гьенив Сурхай-хан къуна ва гьев Дагъистаналъул мугIруздехун нахъе къана. Гьесда хадув вачIунаго, Надир Дагъистаналъул жаниблъуде лъугьана.

Надирил гьеб тIоцебесеб рагъулаб сапаралдаса байбихьана Дагъистаналъул магIарулаз миллияб эркенлъиялъе гIоло Ираналде (персазде) данде гьабулеб къеркьей.

Гьеб сапаралъул хIакъалъулъ «XVIII гIасруялда ЧIар-Билканалда ккарал рагъазул хроникаялда» хъвалеб буго: «Сурхай-хан жиндирго аскаргун Шамахалде вачIунаго, Байтуналде щвелалде, Гардаман лъеда аскIоб, гъизылбашазулгун тунка-гIуси ккана. Гьенибги бергьенлъи босана гъизылбашаз… Сурхай-ханасухъе хабар щвана гъизылбашазул аскаразул бетIер Тагьмаз-кули (Надир-шагь – М.А.) Шамахалдасан Гъумухъалде (Гъумекиве) анила ва гьесул къасд ханасул хазинаги хъамизе хъизанги кверде босизе бугилан. Сурхай-хан гьениве гIедегIана ва Тагьмазидаса цевеги ккана. ХарбукIиб (ЩукIраб аскIоб – М.А.) Тагьмаз-Кулиханида ва Сурхай-ханасда гьоркьоб ккараб рагъ лъабго къоялъ халат бахъана. Амма бергьенлъи гьаб нухалдаги гъизылбашазул рахъалда хутIана… «Сурхайида хадув гIемераб аскаргун, ярагъгун, гIарадабигун вачIунаго, Надирица нухда ратанщинал росаби, гьездаго гьоркьор Чирах, Хосрех, Кули, Кая талавур гьаруна ва риххизаруна. ГIасиял зулмаби гьаруна, гIисинал-чIахIиял батIа гьаричIого, гIадамазе. ХIатта гIисинал лъималазда тIасан чуял тIамун («шагьасул лал тIами») гьел чIваялъул биценал руго.

Сурхай-хан, тIолалго жиндир кверщаликь рукIарал 150-ялде гIагарарал росабиги жалго тун, нахъе лъутана. Гьедин, 1734 соналъул ахиралда Надир-шагь Дагъистаналъул вилаяталде лъугьана ва рабигIул ахир моцIалъул байбихьуда, хамиз къоялъ (1734 соналъул 2-аб. сентябралда) гьес Гъумекиб кодобе босана. Руго баянал гьесул аскаразул цо–цо боял Шалиб росулъецин щванин абунги.

«…Дагъистанияздаса кумек щвечIев Сурхай-хан Кусурхиве, гьениса Ругъжаве, хадув ТIелекье ва ТIелекьаги Хьиндахъ росдада тIадехун бугеб Аликсиве лъутана. Гъумекдерида сверухъ ругел росабаз Тагьмаз-кулилгун рекъел лъазабуна. Тагьмазица гъумекдерил бетIерлъун тIамуна гIурусазухъ асирлъуда вугев Герей шамхалил вас Хасбулат. Сурхайил кIалгIаялда анкьги бан, 9 сентябралда чабхъадеги ун, гьес хадуб нахъеги цо чанго росу гьеб авалалда талавур гьабуна, гьезул 50-ялдасаги чи кверде восана, гьездаго гьорлъ Гъумекиса 10-ялде гIагарун чIужугIадан асирлъуде рачана, амма хадув, гьесдаса рахчарал, ялъуни жидерго хъизаналгун Гъуниб росулъе лъутун аразда хутIун, гьев цогидазда тIаса лъугьана» абун бихьизабулеб буго «Хроникаялда» … «Хасго кIудияб тамихI гьабуна гьес гъази-гъумекдерие. Надирица талавур гьабуна ханасул кIалгIаялъул ва бечедал гIадамазул къиматабщинаб къайи, лъугIизбуна аскIор ругел росабазул кIудияб къадар гIи-боцIи. Гьел лъугьа-бахъиназе нугIлъун вукIарав Сугъралъа гIалимчи Халилица 1743 аб. соналда гьарурал хъвай-хъвагIаязда гьелъул хIакъалъулъ абулеб буго: «…Гъази-Гъумекдерил малик (бетIер) Сурхайил рокъоса гьес (Надирица – М.А.) нахъе босун ана

гIемераб хазина – месед ва гIарац…» абун. Ираназул чуязул аскараз мерхьун хвезаруна гьединго гьенир кIуди-кIудиял авалазда рукIарал тIощел бекьарал хурзал. Гьелъул хIасилалда Гъумекдерил халкъалда шагьас бихьизабуна ракъи, гьезул минаби рухIун, магIишат хвезабун, хIехьезаруна чанги захIмалъаби. ГIицIго тIаде хасел щолеб букIиналъ Надир-шагьас хадусеб заманалде тIамун тана Чулахъ-Сурхайие гьабизесеб гIадлу.

Гьединаб куцалда, Дагъистаналде Надирил тIоцебесеб аскарияб сапар гIемер халат бахъичIо. Мурадалде щвечIеб сапаралда магIарулазул кутакалда дандечIей бихьарав шагь, гьебго рабигIул ахир моцIалъул лъабабилеб хамиз къоялъ (16 аб. сентябралда) Гъумекиса тIадвуссун ана. МугIруздаса тIадвуссун унаго гьес цадахъ рачун ун руго, жидеда бихьаразул рагIабазда рекъон, «лъукъа-къотIарал жидерго гIемерал гIадамалги».

Гьеб заманалде Ираналъе Каспи ралъдада аскIор ругел ракьал ва Северияб Кавказалъул цо бутIа тIадбуссинабиялъул хIакъалъулъ Россиялда ва Ираналда гьоркьор унел рукIарал гара-чIвариял рагIалде рахъунел рукIуна. Жеги Петр-I-сев хун тIоцересел соназдаго гIурус пачалихъалъ хIукму гьабун букIана Петрица кверщел гьабурал гьел ракьал Ираналъухъе тIадруссинаризе. Цебехун бихьизабухъе, Кура гIурудаса гIодобехунаб ракь гIурусаз Ираналъухъе нахъбуссинабун букIана жеги 1732 соналдаго. ХутIараб ракь нахъбуссинабиялъул хIакъалъулъ гара-чIвариял халат рахъиналъе гIилла букIана, бакътIерхьул рахъалда ругел улкабазул гIурусаздехун дандечIей цIикIкIунеб букIиналъ ва гьеб дандечIеялъ Турциягун Иранги гъорлъе рачине рукIинги бичIчIун, Россиялъ хутIарал ракьалги нахъе кьун, Иран жидедехунго буссинеги гьабун, гьеб Турциялде данде тIамизе ва гьединаб куцалъ жидее бугеб хIинкъи лъугIизабизе хIаракат бахъулеб букIиналъ.

1735-аб. соналъ Ганжа шагьаралда хъвана гьеб рахъалъ Россиялдаги Ираналдаги гьоркьоб къотIи-къай. Гьелда рекъон, Дагъистан, Шамхаласул, Уцумил ва цогидалги халкъал, жидерго тIолалго ракьалгун цадахъ, Ираналъул пачалихъалде гьоркьоре ине кколаан.

Хадуб Надирица ракълилаб къотIи гьабуна Турциялъулгун. Гьелда рекъон, СултIанас Ираналъе тезе кколаан Грузия, Бакъбаккул Армения ва Азербайджан. Гьанже Надир, цереккун Порта ва Россияго гIадин, Дагъистаналъул «тIуварав хважаинлъун» лъугьана.

Персия тIад буссинабиялъул нухалдалъун, Анна Ивановналъул (Петр-I-сесда хадуй йикIарай гIурус паччахI) пачалихъалда кIвана Ираналъулгун «даимаб рекъел» гьабизе. ГIурусазул гьеб политикаялъ Кавказалъул халкъалъулъ бижизабуна кIудияб разилъи гьечIолъи ва лъалеб зарал гьабуна гIурус пачалихъалъул къадруялъе. Гьаниб бихьизабизе ккола гьеб 1735 соналъул къотIи-къай (гьелде щвезегIан хъван рукIарал ва хадубккунисел къотIи-къаял басмаялда чанцIулго рахъаниги) Советияб заманалда басмаялда бахъичIолъи. Гьеб Россиялъул гIицIго лъикIаб рахъ бихьизабулел гурони, къотIи-къаял басмаялда рахъунгутIиялъ жакъа нилъер рес гьечIо, гьеб къотIи-къаялда тIадчIейги гьабун, якъинал хIужабаздалъун, Россиялъ Дагъистаналда аскIоб гьабураб гьеб хиянатаб ишалъул хIакъалъулъ дагьабги мухIканго бицине. Амма гьеб къотIи-къаялъул цIех-рех гьабурал ва гьелъул къокъаб магIна хъварал баяназдасангицин нилъее якъинго загьирлъула тIоцебе жидерго хIажалъабазе гIоло Дагъистанги квегъун, хадуб, 13 соналдаса хассал мурадазе гIоло Россиялъ гьеб хиянатаб куцалъ Надирил малакье реххун тун букIин. Гьеб хIужа нилъер гIалимзабаз, нечон ялъуни хIинкъун батилаха, бахчун тезе, гьеб Россиялда гIайиб гьечIого ккараб «мунагь» бугеб гIадин бихьизабизе хIаракат бахъула. Амма гьеб букIана Россиялъ, Надиридаса хIинкъун, жибго гьелдаса цIуни мурадалда гьабураб хиянатлъун. Ва, ахир-къадги, гьеб жидерго хиянатаб ишалъ Россиялда тIадбуссун жидедаго кьабгIун бачIине дагьаб хутIана. Гьанже баянлъулеб букIахъе, Ираналда ракIалдацин букIинчIо, Дагъистанги кверщаликье босун, тIатIала квералги лъун чIезе. ГIурусаз Надир-шагьасда цадахъ тун вукIарав

резидент И. П. Калушкинил рагІабазда рекъон, «Ираналъул пикру букІана Индиялъе гьабурабго Россиялъеги гьабизе» (ай, гьелдаги кверщел гьабизе. Гьеб мурадалъе гІолойин гьес 1741 соналъул июнь моцІалда цІияб рагъулаб сапар байбихьарабго).

### Дагъистаналде Надирил кІиабилеб рагъулаб сапар

Дагъистаналъул халкъал разилъичІо жал эркенлъиялдаса ва чияда рарал гьечІолъиялдаса махІрум гьариялда. Цин Россиялъ ва хадубго Турциялъги Дагъистаналъул хважаинлъун тарав Надир абуни 1735-аб. соналъ нахъеги Дагъистаналде аскарияб сапаралъ вахъана. Гьесие бокьун букІана тІолабго Дагъистаналда кверщел гьабизе нахъеги хІалбихьизе.

Гьеб мурадалда Надирица рахІму тІагІараб тамихІ гьабуна хайдакъазе, табасаранaзе, кюриялъулазе, белоканазе. Дагъистаналъул киналго ханзаби жиндиего мутІигІ гьаризе масъалаги цебе лъун, рагъде байбихьана шагьас. ЛъагІелалъ цебего гІадин, Надирица хІукму гьабуна, Кавказалда бищунго къуватав ва рагІи билълъарав Сурхай–ханасда кьабиги щвезабун, гьев асир гьавизе.

17 декабралда, Хасбулатгун цадахъ, иранaзул аскарал Гъази-Гъумекалде тІаде ана, ва лъабабилеб къоялде Гъази–Гъумекиб аскІоб бугеб Шаррат абулеб бакІалда Сурхай-хан рагъде жувана, амма гьенив гьев къуна ва гьесул аскар гъурана. Сурхай-хан Авариялде нахъе къана. Хадурккунисел чІвай-хъвеязе ахир лъезелъун гъази-гъумекдерил бегавулзабаз Надирие жидерго мукІурлъи лъазабуна.

Сурхай-ханасул хъала кодобе босаниги, гьанжесалалъги кІвечІо Надирида Авариялде лъугьине. РакІалдаго гьечІого тІаде кІанцІарал магІарулаз, хвалчабазул кумекалдалъун, иранaзул гІемерал чагІи гъурана. ТІад вуссун унаго нухда Надирица рихха-рикьизаруна гІахъущдерил къадиясул къокъаби, талавур гьаруна даргиязул гІемерал росаби, лъугьана Хайдакъалде ва мукІур гьавуна уцуми АхІмадхан.

«Гьелдаса хадуб дагъистаниязул цо бутІаялъ Надирие мутІигІлъи лъазабуна, гьесулгун рекъел гьабуна ва гІемерал сайгъатал кьуна. Ираназ, жидерго иргаялда, тІад руссинаруна асир гьарун рукІарал дагъистаниял», – абун бихьизабулеб буго «Хроникаялда»

Хайдакъалъул уцумияс абуни, жиндирго яс ПатІимат-Ханум, Бакъбаккуда бищунго берцинайлъун рикІкІарай гІадан, Надирие, гьев жинда тІаса лъугьинавизе гІоло, росасе кьун йиго.

(Цо-цо баяназда рекъон, Надирица гьей жиндаго цадахъ вукІарав Къубаялъул ханасе кьун йиго ва, ясалъул хІурмат гьабун, сверун ккурал уцумилал тІаса лъугьун тун руго).

Гъумухъ, Губден ва Башлыги кверде росун, лъикІаланго къуватал Дербенталдаги тун, 1736 соналъул марталъул байбихьуда Надир Мушъаналде тІад вуссана. Гьениб, жиндирго рагъулал бергьенлъабаздаса пайдаги босун, Шагь Тагьмазги туснахъалъув тІамун, ханзабазул наслуялъул чи жив гьечІониги, Надирица «хвалил хІинкъиялдалъун» (1736 соналъул 8 аб. марталда) живго Ираналъул шагьлъун вищизе тІамунилан хъвалеб буго цІикІкІарасел гІемерисел автораз. Амма цо-цо бакІазда, ва гьездаго цадахъ Замир-ГІалицаги (ГІ. Каяев) хъвалеб буго: «Шагьас, Мугъан авлахъалдеги ун, гьенир щибаб вилаяталъул гІалимзабиги кІудиял чагІиги ракІарун, гьезда абула: «ГьанжелъизегІан дун къеркьана нилъерго хвалде ккун букІараб пачалихъ бахъун чІезабиялда тІад, гьанже нужецаго ургъун маслихІат гьабун нужедаго тІад цо шагь вищизе гІамал гьабе, дунги хІалхьиялда те», – абун. Амма киназго Надирида жидее дудаса батІияв шагь хІажат гьечІин ва шагьлъи къабул гьабеян гьарана. Надирица абуна жинца шагьлъи къабул гьабилин, нуж киналго аварагасул, асхІабзабазул хІакъалъулъ чорокал харбал рицинчІого ва нагІанаби кьечІого, нужгоги (шигІитал

М.А.) суннителгун рекъон, гьудуллъиялда рукІани (Надирица шигІитазулгун суннитазулги дин цойиде бачиналъе хІалбихьун букІин – гьеб тарихияб хІужа буго. М.А.). Халкъалъ гьесул шартІал къабул гьарула, Надирицаги шагьлъи тІаде босула…»

Гьеб мехалдаса хадуб Дагъистаналъе бетІерлъи гьабизе жиндирго вацги тун, Надир-шагь бакъбаккул улкабазде рагъулаб сапар бухьине хІадурлъулев вукІана.

Амма, кин бугониги, гьелдаса хадубги къабул гьабичІо дагъистанияз эркенлъиялдаса ратІалъи. 1736-1737 соназда Ширваналда ва Дагъистаналда кІудиял рахІатхвеял ккана. Цевеккун Надирил рахъалда вукІарав Таркиялъул шамхал Хасбулатицацин байбихьана Ираналде данде къеркьеялъе хІадурлъизе. Кудали росдал гІадамазде хъвараб кагътида гьес бицунеб букІана Надирилгун хурхен тІезабиялъул ва жив Турциягун цолъиялъул. Гьес гьанже гьезда «Персазде данде рагъизе нужги кумекалъе рачІа, мадугьалихъ ругел КІогьориб, СалтІа ва МагІли росабазул гІадамаздаги лъазабе…», – ян гьарулеб букІана.

1738 соналъ восстание багъаризабуна ЧІар–Билеканалъул ва Белоканалъул росабазул жамгІияб цолъиялъул гІадамаз. Гьелгун цолъана Сурхай-ханасул вас МуртазагІали ва Цахуралда кверщел бугев чиясул вас МухІамад-бег. Бегие кумекалъе дагъистаниязги витІана 20 азарго чи. Гьениргo цере рахъана лезгинал, цахурал, лакал ва Дагъистаналдаги рекІана тІолабго халкъалъул дандечІеялъулаб восстаниялъул цІа. Эркенлъиялъе гІоло гьабулеб гьеб къеркьеялъул цебесеб кьерде вачІана Чулахъ-Сурхай. Гьелъул хІакъалъулъ баянал щварав бакъбаккул улкабазда рагъулаб сапаралъ вукІарав шагьас Дагъистаналде ритІулел кагътазда буюрулеб букІана, кквезеги ккун, Сурхайги гьесул вас МуртазагІалиги жиндихъе ритІеян. Шагьас лъазабулеб букІана, гьедин гьабичІони, хадув жив вачІине вугилан аваразулгун черкесазул гІорхъоде щвезегІанги ва гьезие гьабураб гІадлуялъул хІакъалъулъ бицен хутІизе бугила Эльбрусалъул мугІрузда канлъи къотІизегІан.

Гьебго заманалда данде рахъарал чагІи гІодоре руссинаризе хІаракат бахъулеб букІана Надирицаги Дагъистаналда тарав гьесул вац Ибрагьимицаги. Гьес хІалбихьана восстаниялъул бутІрул ричун росизе, амма магІарулал ричун росизе кІвечІолъиги бихьун, гьелда ракІги чІун, хІукму ккана зулму гьабун ЧІар-Билеканалъул жамагІатал кверде росизе. 1738 аб. соналъ 38 азарго чиясдаса гІуцІараб аскаргун гьев ЧІар-Билеканалъул ракьалде лъугьана. Байбихьуда ираназда кІвана магІарулал дагьал нахъегІан къазаризе. Амма хадуб Джаника мугІрузда аскІоб магІарулаз гьабураб гъоркьчІеялде тІаде ккарал Ираналъул аскарал захІматаб хІалалде ккана, ва гьениб гьезда кутакаб гъури лъуна. Рагъулъ чІвана Надирил вац Ибрагьим–ханги гьесул рагъулав цевехъан Ганжаялдаса Угурлу-ханги.

Кавказалъул халкъаз чияр ракьал рахъулел гъурулеб гьеб заманалда, Бакъбаккуда цІар рагІарал бергьенлъабиги росун, Надир-шагь тІадван рагъулал сапаразда вукІана.

1739-аб. соналъ Афгъанистанги мукІур гьабун, гьес мутІигІ гьабуна гьоркьохъел гІасрабазул чІахІиял пачалихъазул цояб Индиялъул Могол (хІаким) МухІамад-шагьасул армия, гьединго бахъана Делиги. Гьенир чияр ракьал рахъулев Надир-шагьасда кодобе цІакъго бечедаб давла щвана.

1737–1739 аб. соназ Надирица данде гьабуна хІалкІварабгІан бечелъи, ва цІияб рагъулаб сапар гьабизе хІадурлъи мурадалда, тІаса рищана лъикІа-лъикІал рагъухъаби. Вац чІваялъул ва Белоканалда жидер къадру хвеялъул хІакъалъулъ хабар щварав Надир-шагь гІедегІана Ираналде тІад вуссине. Гьесул пикру ккана, вахІщияб куцалда Кавказалъул халкъги жиндиего мутІигІ гьабун, Каспиялъул рагІаллъуда, хадусел рагъулал тІадекІанцІиялъулал хІажалъаби тІурай мурадалда, хасал хІадурлъиял гьаризе. Гьединаб куцалда шагь Надир хІадурлъизе байбихьана Дагъистаналде лъабабилеб нухалъги рагъулаб сапар бухьине.

Гьеб сапар гІицІго Дагъистаналде данде балагьизабураб букІинчІо, гьелъул ахирисеб мурадлъун Россиялъул цо-цо авалазда тІад кверщел гьаби букІана.

Гьеб нилъее баянлъула гьелда Надирица гьабун букIараб цIакъ камилаб, щвалде щвараб хIадурлъиялъги. Гьеб сапаралъ Надирица Дагъистаналде бачине данде гьабураб рагъулаб сурсат цебехун Бакъбаккул улкабазде гьужум гьабулаго хIадурлъун букIаралдаса гIемерго цIикIкIараб букIана. ГIицIго Дагъистаналда, хасго гIандалазул ракьалда, шагьасул аскаразда киданиги бихьичIебгIан кутакаб къаби щвезабиялъул хIасилалдайин Надирил рагъулал планал кIалагъоркье чIварал ва гьеб сапар гIицIго Дагъистаналъулаб хутIараб.

## Дагъистаналде Надирил лъабабилеб рагъулаб сапар ва ГIандаллъиялда гьев щущахъ виххизави

*«Гьев гьунар тIокIав бодул цевехъанасда 40 соналда жаниб бихьун букIинчIо дандияз живго гьедин (ГIандаллъиялда гIадин. –М. А.) къезавураб лъугьа-бахъин».*
**А. Т. Сардадвар.**
**(Ираналъул рагъулав тарихчи).**

### 1. Рагъулаб сапаралъул байбихьи ва Сурхай–ханасул тах лъураб бакI – Гъази-Гъумекиб кодобе боси.

Ираналъул бутIрузда лъикI лъалеб букIана, Севералъулгун Бакъбаккулаб Кавказ мукIур гьабичIого, Закавказье кверщаликь ккевезе жидедаго кIолареблъи.

Гьединлъидал, Гьоркьохъеб Азиялде гьабураб чабхьенги бергьенлъиялда лъугIизабун, Надир хIаракатго хIадурлъизе лъугьана Дагъистаналде цIияб, лъабабилеб рагъулаб сапар гьабизе.

Дагъистаналда ризлъулел ругел жинда данде чIарал рагъа-рачариял – восстанияз Надирида бихьизабуна гьеб ракьалда жидер ахIвал-хIал лъикI гьечIолъи. Амма гьесда бичIчIулеб букIана жинцаго гIуцIараб, жиндир кверщаликь бугеб пачалихъалъул щулалъи ва Закавказьеялда тIад тIубанго кверщел гьабун бажари, гьединго, бакътIерхьудагун севералда гьаризе ракIалда ругел рагъулал тадбирал гIумруялде рахъинаризе кIвезе ккани, чара гьечIого Дагъистаналда тIад ракIчIараб кверщел гьабизе, гьениб щулаго хIетIе лъезе хIажат букIин. Ва, шагь Россиялде тIаде кIанцIизе хIадурлъулеб гьеб заманалда, гьесул Дагъистаналда кверщел гьабиялъул аслияб мурадлъун букIана гьенисан Россиялде тIаде кIанцIизе бигьалъи, гьелъул гIумруялъе чара гьечIел ракьазде нухги гьенисан гIагарде кколеб букIин. Гьаб нухалда шагьасда ракIалда букIана Дагъистаналда кверщел гьабулаго, жидер бугеб тIолабго къуваталдаса ва яргъидаса пайдаги босун, гьеб ракьалъул халкъалда кинго жидее мукIурлъичIого жиндир кверщаликьа эркенлъизе рес гьечIеблъи бичIчIизабизе. Бакъбаккуда росарал бергьенлъабаз «бетIер сверизабурав» гьев цIакъго чIухIун лъугьун вукIана. «Дица цо мал хъвагIараб гIуна тIолабго Индия жиндирго гучав Моголасул тахгун цадахъ щущан иналъе, гьединлъидал дица кIиябго мал хьвагIани – тIолабго дунял рохъоялде сверизе буго», – ян абулеб букIана гьес. Гьединго абулеб букIана: «ТIолабго дунялалъул пачаби дир цIар абигун сородизе лъугьуна», – йилан ва «Зобалазда цохIо Аллагь вуго, дунги – дунялалда цохIо вугев пача ккола!» – йилан. Цо нухалда, афгъаназул цевехъангун кIалъалаго, гьев ахIдезе лъугьана: «Капурго хвараб Персия мустахIикъаб бугищ гьадинаб гучав пачалихъалъулав бетIер вукIине?!» – йилан. Ва хадуб абуна: «ГьабсагIаталда нилъеца Россиялде хеч буссинабуни, кIвезе буго бигьаго гьеб пачалихъ кверде босизе, амма нилъеца гьеб жибго толеб буго цохIо гIиллаялъе гIоло, гьенисан нилъее кинабгIаги давла щвезе гьечIо, щай абуни данде гьабулелдаса харж гьабулеб хазна цIикIкIараб буго гьениб. Гьеб дида мухIканго лъала. Гьединлъидал нилъее къваригIун буго цIикIкIун давла щолеб пачалихъ», – ан. Амма 1741 аб. соналда Дагъистаналде аскарияб сапар бухьунелъул

Надирида цадахъ вукIарав гIурусазул вакил И.П.Калушкиница Дагъистаналдаса Петербургалде лъазабулеб букIана: «Шагьасда тIолгодуниял квегъизе ракIалда буго… ТIоцебесеб иргаялда гьесул пикру буго ГIурус империя квегъизе… Гьесие бокьун буго Гьиндустаналъего гIадаб Россиялъеги гьабизе…», – абун. Шагьасул гьел тушманлъиялъулал пикрабазул хIакъалъулъ баянал пачаясе загьир гьариялда цадахъ Калушкиница лъикIаблъун рикIкIунеб букIана, шагь цо дагьавниги гIодове виччазавизелъун, Персиялъулгун даран гьаби гьоркьоб къотIизабизе. Хадувго Калушкинил бакIалде вачIарав В. Братищевас хъвалеб букIана: «Шагь цо дагьалъниги гIодов къазавизелъун, хIинкъизавизе ва гьесул тIалабал (жиндие кванил нигIматал, гуми кье абун. М.А.) дагьлъизаризе гIоло гьесул гIорхъоде аскIобегIан гIурус аскар цIазе ккола», – ян. Амма гьеб гIакълу Петербургалъ ва хасго бетIераб балъгояб Советалъул член А.И.Остерманица (Анна Ивановна пачалъуда йигеб заманалда гьес нухмалъи гьабулеб букIана Россиялъул тIолабго жанисеб ва къватIисеб политикаялъе) гIадахъ босичIо.

1741 аб. соналъул рагъулаб сапар гIурусазде данде балагьизабураблъун кколеб букIин бищунго якъинго нилъеда бихьула шагьасулгун турказул пачаясда гьоркьоб букIараб кагътазулаб бухьеналдасанги. Шагь Надирица ва гьесулгун иш цадахъаз Дагъистаналдаса Турциялъул СултIанасухъе ритIулел кагътазда жаниб рагьун хъвалеб букIана жидер нусиялда кIикъоялда анцIазарилаб армия Дагъистаналде данде гьабиялъул аслияб мурад капурал гIурусазде тIаде кIанцIи кколин ва хIаракат бахъулеб букIана СултIанги Россиялъулгун цадахъаб рагъде жувазавизе.

Россиялъулгун рагъде хIадурлъулаго, шагьас цин цебе щула гьабизе кколаан Дагъистаналда бугеб жидерго аскаралъул хIал, ай цин цебеккун гьенив живго ракIчIараб хIалалъ щулалъизе хIаракат бахъизе кколаан. Амма гьеб бигьаяб иш батичIолъиялъ шагьас хIукму гьабуна, цойги пири гIадин хехаб ва кутакаб тIадекIанцIиги гьабун, гьеб иш рагIалде бахъинабизе. Гьеб иш рагIалде бахъинаби мурадалда шагь хIадур вукIана дагъистаниял жидерго ватIаналдаса нахъе рачахъизе, ялъуни гьел Ираналде гочинаризе гуребги, хIатта гьел тIуранго лъугIизаризецин. Калушкинил рагIабазда рекъон, шагьасда ракIалда букIана жиндирго армиялде гьениса 20 азарго чиги вачун, хутIарал гIадамал тIуранго тIагIинаризе. Гьеб якъин гьабулеб буго гьеб заманалъул тарихчагIазги (П. Лерх ва гь.ц.). Гьадин абулеб буго гьелъул хIакъалъулъ тумазул халкъияб кочIолъ: «Кутакалда ццидаххун, бидул берал цIун лъугьун вуго шагь Надир ва гIадалаб гьве киниги ахIдолев вуго*: «МагIил лъаралъ гьанкъизарила дица нуж. Накабазда дида цере эхетизе гьарун, кIудияб зулму баччизабизе буго дица нужеда. КIицIулго вачIана дун Ираналдаса гьаниве – кIиябго нухалъги гIадада хвана дир захIмат. Амма гьанже цIакъго кIудияб къуватгун вачIун, дица кинабго гьениб малакь мерхьила…»*

Дагъистаналъул халкъал къватIисан кинабгIаги кумек гьечIого хутIиялдаса пайдаги босун, ва ракълилал тадбираздалъун гьел квегъизе кIолареблъиги бихьун, 1741 аб. соналъул май моцIалда жинцаго мукIур гьарурал Бакъбаккул халкъаздаса – афгъаназдаса, туркменаздаса, индусаздаса, узбеказдаса, курдаздаса, гуржияздаса данде гьабураб гучаб армиялъул бетIерлъуда Надир–шагь лъабабизеги Дагъистаналде рагъулаб гьужумалъ вачIана.

Надир-шагьил планазда рекъон, Дагъистаналда Ираналъул аскар кIийиде бикьизе кколаан. Жиндирго чIей Дербенталда бугеб гьесул аскаралъул тIоцебесеб руккелалъ байбихьуда Табасаран, Хайдакъ ва даргиязул жамгIиял цолъаби мукIур гьаризе, хадуб Надирица вичун восарав шамхал Хасбулатил рахъ ккваялда мугъчIвайги гьабун, Мехтулаялъулаб ханлъиги бахъун, ГIаймакисахун Авариялде гьужум гьабизе кколаан.

КIиабилеб: аслияб руккел къокъине кколаан Шагьдагъалде ва Хосрехалде, хадуб агулазул ракьалдасан ине кколаан Лакиялде – Гъази-Гъумухъалде ва Хунзахъе-аваразул ханлъиялъул тах лъураб бакIалде, гьениб кIиябго руккел данделъизе ва Дагъистан кверде боси рагIалде бахъинабизе кколила. Гьединаб

куцалда шагьасе, цебесеб кIиябго сапаралъул гъалатIалги такрар гьаричIого, бокьун букIана кIиго рахъалдасан дагъистаниял данде къазаризе ва, абухъего, цо кутакаб гьужумалъулаб кьабиги щвезабун, цебечIараб масъала тIубазабизе.

Шагьасул пикруялда рекъон, ГIандалазул жаниблъиялда гьабулеб гьужумалде данде ккезе ккола ан ГIаймаки кIкIалахъан рачIунел Люфт-ГIали-ханил, ХIайдарбекил ва Жадалбекил къокъабаз авариязда щвезабулеб кьаби. Хасбулатица абуни, Авариялда ругел дагъистаниязул къуваталги жиндехун машгъуллъизе тIамун, гьезул къуватал жиндаго тIаде цIазе, гьезул пикру жидедехунго буссинабизе кколаан.

Амма магIарулаз тIуранго хвезаруна шагьасул гьел планал. ГIаймакисезул кIкIалахъе тушманги виччан, дагъистаниял цинтIаго тушбабазде тIаде кIанцIана ва гъурана шагьасул къокъабазул цIикIкIараб бутIа. ГIицIго аскаразул цо-цо бутIрузда кIвана хутIарал рагъухъабигун, чIагого гьениса лъутун рорчIизе. Дагъистаниязда гьединго бергьенлъи босизе кIвана Атаханил, МухIамад-яр ханасул ва Жалил ханасул боязда тIадги.

Гьебго заманалда 50-60 азарго чиясдаса данде гьабураб доб тIоцебесеб руккелалъул аскаразул аслияб къуват, живго Надир-шагьил бетIерлъиялда гьоркь, цебе лъураб масъала тIубазелъун Самур гIор бахун цебехун ана. Гьениб лезгиязул обществабазул къуватаз ва Сурхай-ханасул аскараз хIалбихьана иранал нахъ чIвазе, амма хIасил ккечIо. Шагь, нухда ратанщинал дагъистаниязда гъуриги лъолаго, гьужумалъ цеве унев вукIана.

1741 аб. соналъул августалда шагьасул аскарал Гъази-Гъумекире гIагарлъана. Жиндирго боязул къадар тушманасулалдаса гIемерго дагьаб букIаниги, Сурхайица хIукму гьабуна тушманасде кIвараб дандечIей гьабизе. Гьес ахIи бана аскIор ругел «Эркенал жамгIиял цолъабазул» гIадамазде. ЧIахъадерил жамагIаталде гьабураб хитIабалда гьес хъвалеб букIана: «Кумек хIажатав Сурхай–ханасул рахъалдасан дир хириял вацазде, бищунго лъикIал гьудулзабазде, чIахъадерил гIалимзабазде, хIажизабазде, гIолохъабазде. Ле, гIадамал, рекIелъ цо дагьабниги иман бугевщинав чи къажаралгун вагъизе вахъа! Жакъасеб къо – гьеб ккола щивав бусурбанчи квешал зулмучагIигун рагъде вахъине хIажалъи ккараб къо», – ян. Гьединалго хитIабал гьаруна Сурхай-ханас цогидал росабазул жамагIатаздеги. Мадугьалихъ ругел росабалъе чапаралги ритIун, Сурхай-хан тушманасде данде вахъана. Кверде рачIайилан шагьас цебе лъураб ничаб тIалабги нахъ чIван, гьев тIоцеве живго кIанцIана тушманасде тIаде. Амма къуватал цIикIкIарал ираназул боязул тIадецуялда гьоркь нахъе къазе ккана. Рес къотIараб хIалалде ккарав Сурхай-хан, кIудиял камиялги ккун, къажаразул бодул цевехъан Гъули–ханасул гьоркьохъанлъиялъул кумекалдалъун, Гъумекдерил бегавулалгун 9 августалда шагьасухъе ана ва гьесие мукIурлъи лъазабуна. Сурхайханил васал Авариялде нахъеги къан, кумек гьарун, Хунзахъе уна.

14 августалъ Гъази-Гъумекги кверде босун, Авариялде гьужум гьабилелде цебе, Надирица мукIур гьавуна уцуми АхIмадхан, Шамхал Хасбулат–хан ва гIахъушдерил къади гьединго Надирихъе рачIана.

ГIицIго аваразул ракьалда ругел «эркенаб жамагIаталъул халкъал мутIигIлъичIо шагьасе. Гьезул рахъалда рукIана Сурхай-ханасул васал МухIамад-бег ва хан МуртазагIали. Узухъда, Ираналде данде чIараб багъа-бачариялъе нухмалъи гьабулел рукIарал гьел кIиялго гIадамал шагьасул кверде иналъ квешаб асар гьабуна эркенлъиялъе гIоло къеркьолел дагъистаниязе. Къажаразул абуни гьелъ гьира базабуна цIи-цIиял «бергьенлъабазде». Гьелда хурхун Калушкиница хъвана: «Сурхай ва Уцуми жиндир кверде рачIин бихьарав Надир щибаб сагIаталдаса сагIаталде бицун бажаруларeб куцалъ чIухIун, гIамал кIодого лъугьун вуго. Гьесие бокьун буго тIолабго Дагъистаналдаса гIадамал жидее хъулухъ гьабизе Персиялде ритIизе» – абун.

МоцI гIанасеб заманалъ Гъази-Гъумекивги вукIун, жиндирго гьанжелъагIан хIасил кьечIел гьел (тIадехун рехсарал) къасдал гIумруялде рахъинаризе хIалбихьана Надирица. Амма Надирица жеги Аваристан квегъун гьечIолъи

бихьарал, гьес квегъарал халкъал шагьасде данде чIезе байбихьана. Гьел ираназул бутIрузде мутIигIлъичIолъи кватIичIого рагьараб восстаниялде сверизе байбихьана. Цебе лъураб масъала гьаб нухалдаги тIубачIого хутIизе бегьулеблъиялда Надирил букIараб хIинкъи якъинлъулеб букIана.

Англиялъул тарихчи Л.Локкатица бихьизабухъе, «Авария чияда бараблъун гьечIолъи бугебгIан заманаялъ Дагъистаналъул кIулал Надирихъе щолареб рикIкIалъиялда рукIана». Гьелъул (Дагъисталда тIад тIубанго кверщел гьабиялъул) абуни, кIудияб кIвар букIана, щай абуни, гьениб битI ккани, Надирида кIолаан, гIицIго Дагъистан гуребги, Чачанлъи, Ингушетия, Кабарда, Крым, Кубаналъул область ва Астраханалде щвезегIан гIурусазул ракьал кодоре росизе.

Гьел, Кавказалъул халкъалде данде руссарал, шагьасул хъамалчилъиялъулал планазул хIаракатго рахъ кколеб букIана Англиялъ ва Франциялъ.

## 2. Авариялде Надирил рагъулаб сапар ва чияр ракьал рахъулезе жаваб кьезе магIарулаз гьабулеб букIараб хIадурлъи.

*«ЗахIматаб замана тIаде бачIани,*
*Нусгоясде данде цоги вахъинев».*
**(Дагъистаналъул рагъухъабазул кечIалдаса рагIаби).**

БакътIерхьул пачалихъазул рахъкквеялдаса пайдаги босун, жеги тIадеги цIиял къуваталги ракIарун, рикIкIен гIемерал боялгун, Надир-шагьас байбихьана Авариялде рагъулаб сапар. Гьелъул хIакъалъулъ аваразул машгьураб «Надир-шагь щущахъ виххизави» халкъияб кочIолъ буго:

**«Багъарана къажар ГIандаллъиялде,**
**ГIандалазул улка бухIизе абун.**
**МохIоб-чIалда гьоркьор чадиралги чIван,**
**ГIабхъадерил магъилъ чуялги риччан,**
**Бухтиргимо-Шитлир цIаялги ракун,**
**ЩIун буго ГIандаллъи гьал къажаразул».**

Абула гьениб тIолабго жаниблъиялда чадирал чIван рукIанила ва бакьулъ живго шагьасул чиллайдул чадирги гьелда тIад парпадулеб байрахъги бихьулаанилан:

**«ТIугьдузул бакIалда, ДурчIи-Дагъ мегIер**
**Къажар чадираца хъахIлъун бихьула…»**

Гьаниб щаклъизе бачIуна Надирица гьеб сапаралъ цадахъ бачун бачIараб бергьун кIудияб аскар, гьеб ракь гIезегIанго гIатIидаб букIаниги, гIицIго ДурчIи магIардайищха рещтIун букIараб абун. Рагъулал гIиллабаздалъунги цого бакIалда руккел гьабун тIолабго аскар рещтIин цIодораб ишлъун кколаро. Надир абуни, нилъеца цебехун бихьизабухъего, вукIана гIакъилав бодул цевехъан. Гьединлъидал гьес тах лъураб бакI, гьев цIунулеб аскар ва аслияб къуват (тIаса бищараб аскар-гвардия) гьеб магIарда рещтIун чIун букIун батаниги, хутIараб бо – аскар букIун батизе ккола гьенир аскIор ругел росабазда гIагарлъухъги цоги рорхалъабаздаги.

Гьаниб абизе ккола, ГIандаллъиялде рагъулаб сапар гьабилелде цебехунги Авариялда, гьелдаго гьоркьоб гIандалаздаги, шагьасул хIакъалъулъ лъалеб букIанилан. Щай абуни, тIоцебесеб кIиго нухалъ гьес Дагъисталде гьужум гьабураб ва Гьази-Гъумекиб кверде босараб мехалда, Сурхай-хан заманаялъ Авариялда вахчун вукIана. Гьединго руго гьел рагъазулъ Сурхай-ханасе

Авариялъ кумек гьабиялъул ва цо-цо аскаразда гъорлъ гIандалалги рагъулел рукIиналъул бицунел баянал.

Цо баяназда рекъон, Гъази-Гъумекиб тушманас кодоб босилелде цебе, цIар рагIарав гIалимчи ва халкъалда гьоркьоб цIикIкIараб къадру-къимат бугев чи ГIаймакиса Абубакар-хIажи (1711-1797 с.с.), магIарулазул вакил хIисабалда, Надиргун дандчIвазе ун вукIун вуго. Гьидалъа машгьурав гIалим Ибрагьим-хIажияс шагьасухъе кагъат хъван буго. Амма гьелъги хIасил кьун гьечIо.

Гьелдаса хадур данделъарал Дагъистаналъул гIалимзабаз ва жамагIатазул вакилзабаз хIукму гьабун буго Надириде данде таваккалаб къеркьей гьабизе. Бищунго машгьурал гIалимзабазул цояв Ибну-Салман-Кудалисес (1674–?) «Надир ва гьесул къавм хIакъикъияб исламалдаса рикIкIалъарал, чияр ракьал рахъизе къасдалда ругел квешал чагIи рукIин чIезабулеб» хIукму-фатва хъвана. Гьелъ лъикIаб квербакъи гьабуна дагъистаниял цолъизариялъе ва суннитазул тушбаби-Ираназул шигIитазе мустахIикъаб жаваб кьезелъун хIадурлъиялъе магIарулал ахIизе.

ТIадехун абухъе, тушманас Гъази-Гъумекиб бахъилелдего, Сурхайил вас МуртазагIали, рекIаразул аскаргун, Авариялде нахъе къана. Гьесда цадахъ вукIана кIудияв вац МухIамад-бекги. Гьел рачIана Сугъралъе ва гIандалазул къадиясе хIакъикъияб ахIвал-хIал загьир гьабуна. Хадур гьел щвана Хунзахъе ва Гьидалъе, гIуцIана гьенирги боял.

Гьединаб куцалда, абизе бегьула тIолабго Авария, гьелдаго цадахъ гIандалалги, шагьасул аскаразулгун рагъде бажарараб куцалда хIадурлъулеб букIанилан. Узухъда, гьезда бичIчIулеб букIана гьеб къеркьей цIакъго захIматаб ва къуваталъул рахъалъ бащалъи гьечIеб ккезе букIин.

Доб заманалда гIандалал рикIкIунел рукIана Дагъистаналъул бищунго гIадамазул цIикIкIараб къадар бугел ва лебалал жамгIиял цолъабаздасан цояблъун. Гьелъул бетIерлъуда вукIана сугъулдерил къади. ГIандалазул жамгIияб цолъиялде гъоркье унаан ЧIохъ, Сугъралъ, Ругъжаб гIадал чIахIиял ва гьединго Гъамсукь, Къорода, СалтIа, КIогьориб, ХIотIочI, Хьиндахъ, Гъуниб, МохIоб, ГIобохъ, Кудалиб (Дарада-Мурада кулалгун цадахъ) росаби. Гьеб аслияб 13 росу гуребги, батIи-батIияб заманаялъ гьенире гъорлъе унел рукIун ругин абула: Бухтиб, Шангъода, гьединго КIуяда, Гьонода ва, жидеда «гуржихлъи» абулеб букIараб ункъо (Шуланиб, ГIунтIиб, БацIада, Куллаб) росу.

Гьединлъидал ракIчIун абизе бегьула 12 сентябралда, ай ГIандаллъиялде Надирил аскарал рачIунел рукIиналъул хабар щведал, «Эркенаб жамагIаталъ» рагъулаб Совет ахIиялъул ва тушманасе мустахIикъаб жаваб кьезе хIадурлъиялъул суал цебе лъун букIиналъул хIакъалъулъ.

ХIакъикъаталдаги Совет данделъараблъи бихьулеб буго батIи-батIиял биценаздаса ва хъвай-хъвагIаяздаса. Советалда гьоркьор лъуна тушман нахъчIваялда хурхарал тIолалго суалал: нухмалъиялъул, рагъулаб дандечIеялъул, аслияб рагъ гьабизе бакI тIаса бищиялъул ва гь.ц. БакI тIаса бищулелъул халкъиябгун эркен гьариялъулаб багъа-бачариялъул нухмалъулез хIисабалде росана тушманасул къуватал ва загIипал рахъал. Мисалалъе, Надир-шагьасул тIокIлъи букIана яргъил сурсатазул ва рекIараб аскаралъул рахъалъ. Живго шагьасул кIудиял хьулал рукIана рекIарал аскаразде. Гьединлъидал магIарулазда цере чIарал аслиял масъалабазул цояблъун букIана тушманасул гьеб аскаралъул рагъулал ишазе бищунго тохаб бакI тIаса бищи. Харабазул ва Советалъул гIахьалчагIазул пикруялда рекъон, гьединаблъун букIине кколаан ХицIиб абулеб, басрияб Сугъралъ росдадаса лъараца батIа гьабураб, гIемерал магълъал ругеб, мугIрузул жаниблъиялда бугеб мегъ. Гьениб рекIаразул аскаралдаса тIубан пайда босизе тушманасе рес букIинчIо ва гьединаб куцалда жибго тIабигIаталъ квербакъи гьабизе кколаан Надирил аскарал гIисинал къокъабазде рикь-рикьизаризе ва чIахIиял къуваталгун рагъизе бугеб тIокIлъиялдаса гьел махIрум гьаризе. Гьелъул магIна кколаан рагъул ахираб хIасил, аскаразул къадаралда

гуреб, рагъухъабазул хасаб бахIарчилъиялда бараб букIин. Гъеб рахъалъ абуни, дагъистаниял къажар рагъухъабаздаса бетIералъ тIокIал рукIана.

ЖамгIияб цолъиялъул Советалъул данделъиялда хIукму ккана щибаб ракьалдаса бо бачун рачIарал чагIаз жидецаго гъеб бодуе цебехъанлъи гьабизе. Надирида данде рагъулел боязе гIаммаб нухмалъи гьабизе тIаде босана живго ГIандалазул къадияс (гьеб авал ракьалъул хаслъаби, тIадекIанцIиял ва гъоркьчIеял гьаризе санагIатал бакIал – гьеб кинабго гьесдагIан лъикI лъидаха лъазеги букIараб) – Сугъралъа ПирмухIамадица.

Рагъ байбихьилелде цебе, къаси мехалъ магIарулал, доб цебеккун гьабун букIараб планалда рекъон, ираназул рекIараб аскаралде тIаде кIанцIана. Кинабго гьабуна тохлъукьего, хехго ва сас гьечIого. Цин илхъаби цIунарал чагIи гъурана, хадур чуялги нахъе хъамуна. Гьебго заманалда магIарулазул цогидаб къокъа МохIоб росдада аскIоб цо гохIда бугеб тушманасул лагералде тIаде кIанцIана. ТIадекIанцIулез цебеккунго къотIи гьабун букIана бецIлъукь цоцаца жалго лъукъи-чIваялъул хIужа ккечIого букIинелъун, зама–заманалдаса «Тунке, Сурхай, бокIе, Сурхай!» – абун ахIизе.

Рагъ ккарабго сверухълъи жаназабаз бахчана, лъукъаразул гьаракь зваргъигун жубана. Гьеб бахIарчияб гьужумалъул хIасилалда магIарулазда кIвана къадаралъул рахъалъ гIемерго кIудияб къажаразул аскаралъул цо къокъа гъуризе. ГIандалазул гIалимчиясул (гьесул цIар жеги лъазе кIун гьечIо) тIехьалда гьес гIараб мацIалъ гьарун ратарал хъвай-хъвагIаяз абулеб буго гьеб рагъда тушманасул аскаралъул 3000 азарго чи чIванилан. Гьелдаса хадуб гьеб гохIалда цIар лъуна «Къажар гъурараб гохI» – абун.

Биценалда рекъон рагъулал ишал байбихьилалде цебе Надир-шагьица Сугъралъе ритIун руго жиндирго чапарал ва буюрун буго сугъулдерил къадиясухъе мочол цIураб таргьа щвезабизе. Гьелъул магIна кколаан шагьасул аскарал гьеб таргьиниб бугеб мугьгIанги гIемерал ругин ва дандечIей гIададисеб кколин абураб. Сугъулдерил къадияс мочол таргьа тIадбуссинабуна ва гьелдаго цадахъ чапарзабазухъе кьуна хIул-хIурараб, хIалакъаб хIелеко. Виххун хутIарав «дунялалъул бетIерасда» цебе, кIутIун, тIубан лъугIизабуна гьелъ таргьиниб букIарабщинаб муч. Гьелъул магIна букIана гьаб хIалакъаб хIелкица мучго гIадин, дагъистанияз ираназул рикIкIен гIемераб боги тIагIинабизе бугилан абураб.

Шагьасул чапарзабаз абурабила: хъахIилаб зодихъ цIвабигIан гIемер аскарги, ралъдалъ ччугIагIан, малъун лъугIуларебгIан гIунги тIокIаб къадар гулла-хер бугин жидер. Нужер дангъур цIезегIан гьечIеб аскаралда Надирил къуваталда данде чIезе кIоларин, нуж кверде рачIайин. РачIинчIони, чанго къоялдаса нуж тIагIинаризе ругилан. Гьелъие жавабалъе гIандалаз гIарабги лъарагIги жубараб мацIалъ кочIол ункъо мухъ хъван арабила:

> **«Инна фи салавати юльдузатун гунну чихса батаругьи,**
> **Вапиль бахIри балугъатун адамгорса гачаругьа.**
> **Ва пил сукъи акъмишатун ахча горса сатаругьа,**
> **Ва пилларзи сагIла батун калба горса гьара бугьа…»** – абун.

Гьелъул магIна:

> **«Зобалазда цIваби, бакъ баккани, шинкIулеб,**
> **Ралъдалъ ругел ччугIби, гIадан вихьун, лъутулел,**
> **КъватIазда бичулеб ххам, гIарац бугони, лъугIулеб,**
> **Ракьалда бугеб цер, хъахIлъи бихьун, тIагIунеб!..»**

Ай, гIандалаз къажаразе жаваб кьола: «Нуж кигIан гIемер ратаниги, ниж битIараб нухда руго, ва Аллагьги нижер рахъалда вуго, гьединлъидал бергьенлъиги нижер рахъалда букIине буго», – абун.

…Сентябрь моцIалъул хIеренаб, гьебго заманалда дагьабго цIороraб гьороца шагьасул чIухIараб чадиралда тIад чIвараб гIурччинаб чиллайдул байрахъ парпадизабулеб букIана, меседил куналъ сверун букъараб байрахъалда тIад бихьулаан шагьасул гуч-кутак бихьизабулеб гIаламат, бахъун хвалчен кодоб ккураб гъалбацIалъул сурат. Чанги улкабазда гьарурал рагъазул хIасилалда гIодоре тIурал бияца мехтизарурал ва цIи-цIиял рагъазулъ чияр бечелъи талавур гьабизе гIашикъал шагьасул боял хIадур рукIана, Надирил цо битIараб килищалда рекъон, гIандалазда тIаде гьужумалъ ине. Гьезул ракIчIун букIана гьеб гьужум халат бахъизе гьечIеблъиялда. Щай гурелъул, магIарулал махсароде ккун, шагьас абулеб букIиндалха *«ТIолабго Аварияльдаса тIаса-масаго яргъидалъун хьезавурав щивав рагъухъанасда данде жиндир яргъидалъун хьезавурав ва рагъулаб хIалбихьи щварав, тIаса вищарав нусго рагъухъан вуго»,* – ян.

АхIвал-хIал хIалуцараб гьеб заманалда тIолабго Аваристаналда тIадбан унеб букIана чияр ракьал рахъулел шагьасул аскаразде данде рагъ гьабизе боял хIадур гьариялъул иш. Гьеб рахъалъ хасго кIудияб хIалтIи гьабулеб букIана магIарулазул диниял хIаракатчагIаз ва гIалимзабаз. Гьез Къуръаналъул аятазул кьучIалда халкъалда бичIчIизабулеб букIана чияр ракьал рахъулев тушманасде данде, гьев щиб масъалаялъул ва кинаб къуваталъул бетIергьан ватаниги, рухIалда барахщичIого къеркьезе щивав бусурманчиясда тIадаб букIин. Гьединал гIемерал хIаракатчагIаздаса цояллъун кколаан Гьидалъа гIалимчи СагIид-Ибрагьим-хIажи, Кудалиса ибну-Салман, Сугъралъа ПирмухIамад-къади ва гь.ц. Гьез, авар халкъалда гьоркьоб жидерго кIудияб къадру-къимат букIиналдаса пайдаги босун, зулмуяв шагьасда данде рагьизе гьел ахIарал, кIудияб асар гьабулел хитIабал гьарулел рукIана Дагъистаналъул тIолабго халкъалдехун.

Къажаразде данде халкъ бахъинабиялъе кIудияб хIалтIи гьабуна гьединго гIандалазул къади ПирмухIамадица ва гьединго Аваристаналъул щибаб авал-мухъалъул, щибаб росдал дибирзабаз, къадизабаз, гIалимзабаз ва гь.ц. жидеда хадуб халкъ билълъунел гIадамаз. Гьеб нилъее хIакълъула «Гьидерил къадиязухъе, гIалимзабазухъе, харабазухъе ва гIолилазухъе гIандалазул къадиязул, гIалимзабазул ва харабазул рисалат» кагъат – документалдасанги. Гьениб хъвалеб буго:

*«Жив хIаталдаса ун гIакъилав ва тIолго кверщел кодосев Аллагьас жидее цIакъ гIатIидал ихтиярал, кIудияб сахаватлъи ва камилаб бихьинчилъигун багьадурлъи кьурал гьидерил къадиязде, гIалимзабазде, харабазде ва гIолилазде гIандалазул къадиязул, гIалимзабазул ва харабазул унго–унгояб салам, цIунайги ТIадегIанав Аллагьас гьелги нилъги квешлъи ургъулезул балагьалдаса! Амин.*

*Хадубги. ЗулмучагIи-рафигIиязул (рафидитал, ай «шигIитал» абулеб магIна. –М.А.) нижеда тIаде кIанцIизе, нижер минаби чIунтизаризе, руччаби ва лъимал асир гьаризе, нижер бихьинал чIвазе пикру букIин баянлъигун, нижеца, гьеб балагь-зулму нахъчIвазелъун, гьезда данде рахъин гIуцIи мурадалда гIакълу дандбазелъун мушавара гьабизе чара гьечIого хIажатаблъун бугин рикIкIуна. Ва гьеб лъикIаб ишлъун нужеда бихьулеб батани, нуж цадахъаб ташавуралде гIакълу дандбазе рачIа ва, ТIадегIанав Аллагьасе бокьани, букIина «Аллагьасдасан кумек хехаб, ва ракIчIараб бергьенлъи» (Къуръан: Сура-61, Аят-13). Унго-унголъунги ислам сундасаго тIадегIанаб буго ва сундаго кIоларо гьелдаса тIадегIанлъизе. Амма нуж гьеб ишалдаса нахъекъан чIанани ва кIвахIаллъани, гьелъул хIакъалъулъ нижеда цебеккунго лъазабе. Ва, Аллагьас хъван батани, (нижее гьеб рагъулъ) бергьенлъи щвела ялъуни хвел насиблъила! Аммаха, огь исламалъул миллат (ай, «бусурбаби» абураб магIнаялда. –М.А.), нужеда лъан букIаха, гьеб чара гьечIого нилъеца милат–агъаз гьабизе тIадаблъун кколеб, кIвар цIикIкIараб ишлъун кколеблъи. Гьединлъидал, нуж гьелда тIад ургъе ва гьелъул мунпагIаталъул хал гьабун бихье. Ва гьечIо гуч ва къуват (лъикIаб гьабизе ва квешаб тезе), гIицIго цохIо Аллагьасул гурони! Гьединго нилъер дандчIваялде нуж рачIинесеб заманлъун нижеца хамиз къо чIезабуна, дандчIвалеб бакIлъун – мегIер (гьеб*

*букIине бегьула Ругъжаб росдада аскIоб бугеб ГIанада майдан (некIо гIандалазул жамагIат данделъулеб букIараб бакI. –М.А.). Ва хутIаги нуж кидаго ракълида!»*

Киса-кибего унеб букIана къажараздe данде рагъуде хIадурлъи – харабаз цоцада гIакълу дандбалеб, киб-щиб гьабулебали ургъулел, аскIор ругел росабалъе ВатIан, гIагараб ракь цIунизе ракьцоял ахIун, киса-кирего чапарал ритIулел рукIана. ТIолабго Авариялдаса гIадамал – гьидерил, къаралазул, чIамалазул, багвалазул, гъойсубулиязул чодулал аскарал хIадурлъулел рукIана къажар боязде данде рахъине. Тушманасул мугъзада нахъасан гьужум гьабизе хIадурлъулел рукIана тумал, даргинал, кубачиял, лезгиял, лъарагIал, кайтагъал ва, хIатта, дагьаб цебегIан шагьас гIассияб гъури лъураб ЧIар-Билеканалъул (ЧIар) аварал – гъолодиселгицин. Шагьасда данде рахъине хIадур рукIана Сурхай-ханасул васал МуртазагIалицагун МухIамад-бекица цебехъанлъи гьабулеб тумазул (лаказул) низамияб аскаралъе кумекалъе, жидеего бокьун данделъарал бодулалги (ополчение). МагIарулал таваккалаб куцалъ хIадурлъулел рукIана, гъизилбашазул аскаразда кьаби щвезабизе ва тушман нилъер ракьалдаса нахъе вачахъизе гIоло, рухIалда барахщи гьечIеб куцалда, рагъ гьабизе.

### 3. ГIандалазул жаниблъиялда къажаразулгун ккараб рагъ ва Дагъистаналъул магIарулаз Надирил аскарал щущахъ риххизари

*«Жакъа чучарасул чилъи бухIаги,*
*Чучун вагъарасул лъадул цIар ккаги!*
*Вай, гьа гIолохъаби, гьа, гIолохъаби!».*
**(Надир–шагьасулгун рагъулъ сугъулдерил ахIи).**

1741 аб. соналъул 12 сентябралда Надир гIандалазул ракъалде лъугьана ва, ДурчIи мегIералъул габурлъухъеги вачIун, шагьас ЧIалда магIарда рещтIен гьабуна. Гьелъул хIакъалъулъ гьадин абулеб буго лаказул (тумазул) тарихияб кочIолъ:

**«…ДурчIи магIарда тIад Надир рещтIана,**
**Разиго дурнабаз балагьулаго,**
**Абуна Дагъистан тIолабго гьанже**
**Жиндир кверщаликье кканилан абун».**

(Гьаниб ва хадубккун гьеб кечI кьолеб буго нижецаго гIурусалдаса буссинабун).

Къо бакъаниде гIагарлъана. Амма, накабаздаги чIун, рахIму-цIоб гьаризе гIандалал рачIинилан букIараб тушманасул хьул ритIухълъичIо, ай Надир балагьун чIун рукIарал, рекъел гьабизе чагIи раккичIо.

ГIандалазул къади ПирмухIамадица, тушман тIаде щвеялъул хабар рагIарабго, тIолалго росабазул вакилзаби данде ракIарана.

Гьениб хIукму ккана тушманасулгун рагъ лъазабизе ва тIолалго росабазде ругьел битIана чияр ракьал рахъулезде данде къеркьезе рахьаян. 22 сентябралъул радал, жидерго илхъабазул ва бетIераб къокъаялъул къисмат лъарав ва гьелъ ццидаххинавурав Надир-шагь магIарулазулгун рагъде къачIадана. МагIарулалги кьижун рукIинчIо, бакъ баккилелде, тушман вугеб рахъалде гIагарлъана гьел.

Гьале тумазул (лаказул) халкъияб кочIолъа гьелъул хIакъалъулъ бицунел мухъал:

**«…Рогьалил бакъул чIор баккигун цадахъ**
**Рагъде байбихьана ГIандаллъиялда,**
**Сасарал мугIрузда зоб-ракь кьвагьулеб**
**Гьаракь багъарана, къажар гъурулеб».**

Амма жеги кумек тIаде щун букIинчIелъул, гIандалаз битIараб хIукму гьабуна – тушманасде дандечIейги гьабулаго, дагь-дагьккун нахъе къазе.

23 сентябралъул къасиялде магIарулазда кIвана жидерго аслияб мурад тIубазабизе, ай тIаде рачIунел ираназул бетIерал аскарал сугъулдерил ХицIиб абулеб, рагъуе санагIатаб бакIалде цIазе.

Бицен буго, ЧIалда магIардасан рагъда хадуб хал ккун вукIарав шагъас абунила гьаниб цо хIилла бугин ва, гьужумги гьоркьоб къотIизе тун, магIарулазулгун гара-чIвариял гьаризе бокьун букIин загьир гьабунила. Амма гьелъул мурад, рекъел гьаби гуреб, ахIвал-хIал ва магIарулазда ракIалда бугеб жо лъазаби букIана.

Гара-чIвариязде битIараб магIарулазул къукъа, божуда рекIкIги гьабун, тушманас гъурана. Гьелъул хIакъалъулъ хабар щведал къадияс абуна: «Гьанже нижеда гьоркьоб киданиги рекъел букIине гьечIо. Рагъизе руго ахирисеб хIухьел къотIизегIан ва гъуризе вуго тIаде кIанцIарав тушман».

Биценалда рекъон, ХицIиб жаниблъиялда рагъ байбихьана кIиябго рахъалдаса цо-цо рагъухъанасул цевевахъиналдалъун. «Циндаго, – ян абулеб буго магIарул биценалда, – къажаразул руккалилъа ватIалъана хъахIаб чодул цо рекIарав ва гIагарлъизе лъугьана, шагьасул аскаралдаги магIарулаздаги гьоркьоб гIорхъилъун букIараб, сугъулдерил лъарахъе. Гьеб букIана ираназул билълъанхъараб гIадат – рагъ байбихьилелде цебеккун гьез хIалбихьиялъе витIулаан борхатаб, къуватаб чодаги рекIинавун, жидерго бищунго къуватав рагъухъан. Гьесде данде вахъана гIандалазул рагъухъабазул цояв, Сугъралъа МухIамад-гъази.

Гьев вукIана берцинаб ва гIемер кIудияб гьечIеб, амма кутакаб лага-черхалъул чи. Гьесда гъоркь бугеб чуги гьединабго букIана. Жиндирго лебаллъиялдалъун гьесул цIар тIолабго ГIандаллъиялдаго машгьураб букIана. Багьадурасул эбел ГIайшатица васасе гьари-рахьи гьабуна рагъулаб заманалда ВатIанги эбелги кIочонгеян ва гьесие сайгъат гьабуна тушман чIвазе инсул ханжарги, чIварав гьесул ракI бахъизе жиндирго рахъалдаса нусги.

«Гьеб мехалда, – ян абуна ГIайшатица, аваразул биценалда рекъон, – нилъер бергьенлъиялда щаклъи гьабизе бакI букIинаро». Къадияс ва рагъулал церехъабаз бахIарчиясе икъбал гьарана.

Цоцадаса лъеберго галул манзилалъ рикIкIад чIана кIиявго багьадур. Жиндаго ракIчIарав иранас гIамал кIодого ва гьаракь борхун нилъер рагъухъанасде ахIана: «Ле, гIандалав! Нагагь дур эбел, лъади ва лъимал ратани, жакъа эбел гIодизе йиго, лъади къороллъизе ва лъимал бесдаллъизе руго», – ян. ГIандалас сабурго ва къадруялда къажарасул рагIабазде жавабги гьабун, рагIи кьуна гьеб куцалда иранав чIухIун вугеб гьесул хвалчен жиндирго рагъулав цевехъанасе сайгъат гьабизе бугилан ва хадув цIум гIадин иранасде тIаде кIанцIана.

Хехаб ва гIужилаб хвалчадул хьвагIиялдалъун МухIамад-гъазица дандияв чодаса вортизавуна ва, керенги ссун, гьесул ракI бахъана, киназдаго бихьизелъун борхатгоги ккун, гIурулъе реххана. Биялъ багIар гьабуна лъим. Тушманасул чугун ва хвалченгун жиндирго аскаралде тIад вуссана гIандалазул бахIарчи. (ГьабсагIаталда гьеб хвалчен цIунун буго Сугъралъ школалъул музеялда).

КIиго рагъухъанасул гьаб къеркьеялдаса хадуб «ХицIиб» магъилъ цIа боркьараб кутакаб рагъ ккана:

**«ХицIибе» магъилъе рагъ тIибитIана,**
**Сугъулдерил къади рагъде лъугьана,**
**Къол гIакIа ахIула сугъулдерица:**
**Жакъа чучарасул чилъи бухIаги,**
**Чучун вагъарасул лъадул цIар ккайги!**
**Вай, гьа, гIолохъаби, гьа, гIолохъаби!**
**«Агиласул хуриб» къаргъа гIагилу,**
**ХIебул рагIаллъуда болчIор гIагилу.**
**Жакъа чучаравги дир чукъа гуро,**
**Чучун вагъаравги – дир гьалмагъ гуро!**

**Кьабе, гIолохъаби, чарамул хвалчен,**
**Хвалчадул балада би бетизегIан!**
**Кьвагье, гIолохъаби, дурусал хъирмал,**
**Хъирмазул кIалазда кIкIуй бетизегIан!**
**Кьабезе рекIана кIалкъолал васал,**

Гулла речIчIаралъуб чIортоги бугIун…», – абун ахIула нилъее машгъураб кьалул кочIолъ гьеб бащалъи гьечIеб рагъул хIакъалъулъ.

Амма, Авариялъул рикIкIадал жамгIиял цолъабаздаса жеги кумек тIаде щвечIолъиялъ, гIандалал захIматаб хIалалде ккана.

Херав, гIакъилав гIандалазул къадияс магIарулазул къуват ва сурсатал дагьлъулел рукIинги бихьун, Кьенсерухъа аслияб кумек тIаде щвезегIан, руччабазе ва лъималазе буюрана, гьитIинал къокъаби гьарун, мугIрузул гъулдуздаса гъорлъе лъугьине ва, рихьуларедухъ цоги нухдасан тIад руссунги рачIун, нахъеги гьебго сапар такрар гьабизе… Щибаб къокъаялъ цере къотIун рачунел рукIана рохьдол цIурал чIепал тIад лъурал хIамул. Гьоркьоб-цебе рахъу гIодобеги балеб букIана. Гьелъул мурад букIана магIарулазе кумекалъе гьоркьоса къотIичIого чол рекIаразул отрядал щолел ругилан тушманасда ккей. Гьеб кинабго бихьарав Надир-шагьица рагъде ритIулел рукIана цIия-цIиял рекIаразул къокъаби. ХицIибалъул мегъал чуял цере ине санагIат гьечIел рукIиналъ ираназул къуватал цого бакIалде ракIарулел ва гьез цоцазе квал-квал гьабулеб букIана. Жидерго бакIазул хIал лъикIго лъалел магIарулаз абуни, цоялда хадуб цо кьаби щвезабулеб букIана тушманасда. Ва гьеб параялъго нахъеги къалел рукIана. Гьединаб куцалда гьезда кIвана тIадмагIарухъан аслиял къуватал тIаде щвезегIан тушманасда данде чIезе. Гьеб ахIвал-хIал, жиндир аскаралде данде чIезе магIарулазул гIураб къуват гьечIолъи ва букIарабги гьеб дагьлъулеб букIин бихьигун, рагъуда хадув ГIобохъ–МохIоб тIад бугеб «ЧIалда» магIардасан хал ккун чIарав Надир гIамал кIодого лъугьана. Гьесул ракIчIараб къагIида гьаб нухалда жиндир пикраби гIумруялде рахъинаризе кIвезехъин ругилан. МагIарул халкъияб кочIолъ гьелъул бицунеб бакIалда абулеб буго:

**«… ЦIа рекIараб рагьда рагъулеб мехалъ,**
**АхIдезе рекIана чIваяв Надир-шагь;**
**Балагье, балагье квергьечIев Сурхай,**
**Я гьал дур боязухъ, дир аскаразухъ;**
**Хал гьабун валагье, магIарул Сурхай**
**Дурал гIункIкIазухъги, дир кутузухъги»,** – ян.

ЗахIматаб хIалалде ккарал магIарулаз байбихьана тIолго Авариялде ахIи базе:

**«Гьанже ГIандаллъиялъ ахIи тIамуна**
**Диналъул вацазде-магIарулазде:**
**Гьидгиму-къаралал, къелгиму-тIекьал,**
**Багвалал, чIамалал, кIкIаралал, тIиндал,**
**Анкьракьал, хьиндалал, тIолго НахъбакIал,**
**Аман-мададилан, тIаде щвайилан!»**

Гьедин ахIуд рахъун тIадмагIарухъа тIаде щвара-щвараб бо бачIинахъего рагъде жубалеб букIана.

ГIандалазул ракьалда кIудияб гъури лъуна къажаразул аскаразе.

Аваристаналъул халкъалъул боязулгун шагьасул аскаразул букIараб рагъул хIакъалъулъ гьадин хъвалеб буго халкъияб кочIолъ:

**«…Гьелщинал бахIарзаз ярагъ балелде,**
**Рагъде байбихьана кьешдул бахIарзаз,**
**БахьингIи гъурулеб гъалбацI киниги,**
**Гьерезе рекIана Мурухъа ГIантав.**
**Цо гьаракь бахъана хъахIил зодисан:**
**Доб къаралазул бо цебе лъугьаян.**
**ЦIалдезе кквербана Сохъа Анкькилищ:**
**Ярагъ чарамав чи чоде вахъаян.**
**АхIдезе рекIана дов МухIамад-Нур:**
**Чу лъикIав, чу лъикIав цеве лъугьаян.**
**НакIкIукьан пирхулеб пири киниги,**
**Пирилаго щвана мукракьгун кьенсер.**
**Кидаго кьалуда гIумру тIамурал,**
**Вай, дол кIуядерил хвалчадул чапи.**
**Махх къотIулеб чаран Гьочоса ГIамир,**
**КъотIаризе вана дов ХIажимуса.**
**Къаралазул боде къурбанин абун,**
**Къилба сверун чIана ГIисал Ибрагьим.**
**Кьолол махIтIи къана Къаралазул бод…»**

Аслияб рагъ бугеб ва шагьасулгун рагъул хIасил ккезе кколеб бакI ХицIиб майдан кколеб букIаниги, рагъал унел рукIана гьединго гьенир аскIор ва сверухъ ругел ЧIохъ, ГIобохъ, МохIоб, Шитлиб, Бухтиб росабазда сверухъги.

Гьел рагъазулъ тушманасул гIемерал къокъаби гъурана магIарулаз. Авар халкъалъул кIалзул асаразулъ ругел баяназда рекъон, бищунго цIикIкIарал камиял шагьасе ккун руго ГIобохъ росдада аскIор:

**«…ЦIадал чучай щвечIеб гIабхъадерил кIкIал,**
**Бидул гIор биччараб гъазизабаца».**

Гьел, ГIандаллъиялда цIакъго хIалуцарал рагъал унел рукIараб заманалда магIарулаз гьоркьор къотIизе толел рукIинчIо шагьас тах лъураб авалалдегицин гьарулел чабхъенал. Щибаб гамачI-кьуру бугеб бакIалда, лабаллъи-гохI ккарал бакIазда нахъа мугIрузул гъулдуздаса гьоркье батулаан къажаразул рагъухъабазда хвел. Би гIодобе тIурал, гIасиял рагъазулъ магIарулаз кутакаб гъури лъолеб букIана шагьасул аскаразе. Амма шагьас, рагъде цIи-цIиял къуваталги ритIун, гьужумал къотIизе толел рукIинчIо. Гьесие кинго магIарулазда тIад кверщел гьабизе букIараб жиндирго пикруялдаса инкар гьабизе бокьун букIинчIо.

### 4. «Шагь гIадаллъун ватани, виччанте Дагъистаналде!»

Дагъистаналде шагьас лъабабизеги гьабураб рагъулаб сапаралъул къисмат тIубалеб рагъ ккана 25-26-27 сентябралда, Сугъралъ росдада аскIоб бугеб ХицIиб майданалда. Гьеб, гIемер биял тIураб, кIудияб рагъда гIахьаллъана Дагъистаналъул тIолгоязде гIунтIун ракьаздаса магIарулал ва жидеего бокьун рачIарал чачаназул, азербайджаназул ва гуржиязул нилъергун гIорхъода ругел районаздаса гIадамалги.

Шагьасул бетIерал къуватал ХицIиб майданалде данделъарабго, халкъиябгун эркен гьариялъул къуватаз тIолалго рахъаздаса гьезда тIаде цадахъаб гьужум гьабуна. Гьеб, кутакаб чIвай-хъвей ккараб рагъул хIакъалъулъ доб мехалда Россиялда вукIарав Франциялъул посол Маркиз де-ла Шетардица хъвалеб буго: «МагIарулаз Кули-хан (Надир-шагь – М.А.), гуккун, гьесие жидецаго гъураб къориниве кIкIалахъе вачана ва гьенир кIиябго рахъалъ рахъун чIун рукIарал гьезул бояз гьесул цIикIкIарасеб аскаралда тIад жеги цебе-нахъ киданиги гьесда бихьичIебгIан гIасияб куцалъ квешаб гъури лъуна», – абун.

Гьебго заманалда ДурчIи мегIералъул рахъалдасан шагьасул аскаразде кьаби щвезабуна гъазигъумекдерицагун сверухъ ругел росабазул гIадамазги.

Надир-шагьасе бокьун букIана щиб гьабунги Авария мукIур гьабизе. Гьединлъидал, жиндир аскаразда ккарал кIудиял камиязухъги балагьичIого, цIи-цIиял къуватал рагъде рехулел букIана шагьас. ГIицIго магIарулазул бахIарчияб къеркьеялъ ва къо хIехьеялъ квалквал гьабуна тушманасул хьулал гIумруялде рахъиналъе.

Гьелъул хIакъалъулъ магIарулазул доб машгьураб халкъияб кочIолъ абулеб буго:

**«…ХIанчIил би тIинкIичIеб ХицIиб магъилъе**
**Къажаразул бица хъитIал рахъана…»**, – абун.

Цо сордоялъ магIарулазул рекIаразул къокъаялъ Надир-шагьасул хъаравуллъиялъул гIадамалги, аскаразул бищунго рагьуе ярагьунеб ва шагьасул ракIчIараб къокъаги гъурана. Бицен буго гьелдаса хадув шагь гIакълу бихharав гIадин лъугьанилан ва, зодоре квералги ритIун, жив балагьалдаса хвасар гьавеян Аллагьасда гьардезе жуванилан.

Амма, пайда щиб, Надирица ритIулел цIи-цIиял аскаразда данде къадаралъ дагьал магIарулал, гьабизе жо тIагIун, ахирисеб къуваталъ гъазават гьабун, хвезе рагъулел рукIана.

Бищунго хIалуцараб, къажар боялъ цIакъго тIадецуй цIикIкIинабураб мехалда, гIандалаз къажаразе гьабун буго цогиги гьадинаб сихIру: «Росдал гIурухъе щварал гьезул аскаразул бищунго цевесев, гьеб гIорги бахъун цеве щварав цо рагъухъан гIандалаз чIвала. Гьевги вуссун, бакьалги гIурулъе риччан, гьебги бида босизабун, хъантIараб куцалъ тIадеги ракIарун чIварасул гьан кваналеб ххвел гьабула. Гьеб бихьарал гIурул доб рахъалда рукIарал къажаразул аскаралъул рагъухъабазул цебесеб къокъаялда гьоркьоб, кинабали лъалареб рихха-хочи ккола ва гьел жидерго бутIрузухъе гIадамасул гьан кунезул бицине гIедегIула. МагIарулазул сихIру, нахъгIунтIи хъамалчагIазул аскаразе хIинкъи ккеялъе цо сабаблъунги кканин абула. Гьеб хIинкъараб ва цIакъго захIматаб ахIвал-хIал бихьараб заманалда бихьиназе кумекалъе ахIуд рахъун щвана гьеб рагъда хадуб халккун чIун рукIарал сверухъ ругел гIандалазул ва аскIоб бугеб Лак районалъул: ЧIохъ, Сугъралъ, МохIоб, ГIобохъ, Бухтиб, ДурчIи, Уриб, Уллучара, Мукъар ва цоги росабалъа, гьединго киса-кирего аскIор ругел кулабахъа руччаби. Кодоб ярагъгун бихьиназе кумекалъе руччаби тIаде щвейгун, къажаразулгун рагъул цIа цIидасан боркьизе ва гьезда кьаби щвезабизе байбихьана. Гьеб нилъеда бихьула гьаб халкъияб кечIалдасанги:

**…ХIакъаб бергьенлъи бугин гIандалазда тIад щолеб,**
**ЛъугIун бугин гьазул гуч, киса гьазий кумекин,**
**Шагь вихьула разиго, балагьилин гьазухъан –**
**Жинда данде чIарал гьал чIинтIизе гьарулеб куц!**
**Амма цинтIаго Надир виххун, хIинкъун лъугьана,**
**ВахI, гьаб якъинаб жойищ, ялъуни гьаб макьуйищ?**
**ГIандалазул дагьлъарал рагъухъабазе хIалай**
**Сверухъ кулабаздаса кумек буго бачIунеб.**
**Ва амма гьитIингого, кинида гьел рукIаго,**
**Тушманасулгун кьалуй лъикI куцан хIадурарал,**
**Гьелъий къуват бергьарал бодулъа чи гьел гуро –**
**ГIандаллъиялъул ясал – руччабиги, лъудбиги,**
**Гьел руго кьоролзаби, яцал, улбул – тIолалго:**
**Бида рецIцIун рухI арал жидер эмен-вацазе,**
**Россабазе хIалае ахIуд тIаде рачIарал,**
**Бихьиназда цадахъго тIа-тIа хвезе хIадурал.**

**Амма гъов тушманасе руччабазул хвел жакъа**
**ЦIакъ хираго чIолеблъи – гьебги цIакъ баянаб иш…**
**Цо дагьал церегIанги байрамалъул къоязда,**
**ГIицIго жергъен гурони, кодоб кквечIел квераца**
**Жакъа кодоб босараб ярагъ буго паркъелеб.**
**Гьанже гьале, кечI гуреб, кьварараб кьалул ахIи**
**АхIулеб буго рагъулъ гьазул хIайранал кIутIбуз.**
**Къуват кисан бачIараб, щал гьел кколел лъаларо:**
**Гьел хваразул рухIалищ, алжаналъул ясалищ,**
**Аллагьас жакъа гьазий хIалай ритIун рачIарал? –**
**Кинго лъалеб гьечIоан гьеб гIажаибаб хIикмат**
**ХIинкъун, бихххун лъугьараб гьаб къажар аскаралда…**
**Гьел рихьараб къажар бо бетIер сверун лъугьана,**
**Чорхолъ къуватги лъугIун, хIинкъун, рихххун гьел ккана.**
**Кутакаб хIинкъи ккараб боцIул рехьед гIадинан,**
**ГIандалазул кIкIалахъа нахъе къазе журана.**
**ТIуризе рекIана гьеб Надир-шагьасул аскар, –**
**Маххул ретIел ретIарал афгъаназул солдатал,**
**Дол азербайджаналгун тIолго къажар аскар – бо:**
**Курдалгимо дол лазал ва гьадал туркмениял –**
**ТIолалго гьел тIурана тIокIал нахъ ралагьичIо,**
**ЧIезаризе кинго гьел гьанже кIолеб хIал гьечIо,**
**Живго шагь ахIданиги, дол гьанже руссунаро.**
**Гьезда хадур ралагьун гIандалазул ясазул,**
**Разиял руччабазул рагIуларищ релъи-хъуй!**
**Гьеле, гьедин рогьояб, ничаб, къабихIаб хIалалъ**
**Вуссине ккана Надир ГIандалазул ракьги тун.**
**Гьединан руччабазул хIал загIипал квераца**
**Минатахъ ахIун ана хIал цIикIкIараб къажар бо.**
**«Дуниялго хIинкъулев» Иразазул шагь Надир**
**Живго хIинкъизавуна ГIандалазул руччабаз…**

Гьебго заманалда гIандалазе хIалае тIаде щола Хунзахъа ва цогиги тIадмагIарухълъиялъул рикIкIадал авар-ракьаздаса боял. МагIарулазул халкъияб кочIолъ бицунеб буго гьединго гьеб рагъда ГIандаллъиялде Хунзахъа кумекалъе рачIарал бояз бихьизабураб бахIарчилъиялъул хIакъалъулъги.

**«…Гьеб кагътил мухIканлъи жидехъе щведал,**
**КъачIазе рекIана Хунзахъ Дайтилал,**
**Истампулал хъирмал хъатикьеги ккун,**
**Росун тапанчаби рачлихъги рахъун,**
**Чугун чи къотIулел хвалчаби рухьун,**
**ХъващтIан чода рекIун нухде рахъана.**
**Гьединаб хIалалда ГIандаллъи букIун,**
**ЩIа тIамураб рагъулъ гьел рагъулаго,**
**КIанцIун тIаде щвана Хунзахъ Дайтилал…»**
**…Агъалдасеб чакма бидул цIезегIан,**
**Черхалдасеб ярагъ цIед биинегIан,**
**ЧIвадарун свакачIо дол Огъузилал…».**

Гьедин тIаде щварал боязулги руччабазулги гьел тIаде щвезегIан гьенир къеркьолел рукIаразулгун цадахъ гьабураб кутакаб гьужумалъул хIасилалда шагьасул аскаралда хIаталдаса ун кутакаб кьаби лъуна ва къажарал нахъе къазе байбихьана. Гьадин абулеб буго гьеб рагъул хIакъалъулъ халкъияб кочIолъ:

**«…Цо кьвагьи бахъана истампул хъирмил,**
**Цоги кьаби буго макъулаб хвалчал.**
**Гьеб истампул хъирмил гьаракь рагIидал,**
**Кьер босун сорона вачIарав Тагьмаз.**
**Хунзахъ Дайтилазул рагъи бихьидал,**
**Мугъалде буссана къажаразул бо.**
**Гьеб маххулаб хвалчал чапи бихьидал,**
**АхIдезе лъугьана хваяв Надир-шагь».**

МагIарулазул бояз нахъаса ричIичIого гьарулел рукIарал хIалуцарал гьужумазул хIасилалда шагьасул аскар, ХицIиб магъилъа нахъе къалаго, махIадерил росдал авалалде гIагарлъана. Амма гIандалазде жалго рачIараб ДурчIи-дагъалъул габурлъиялда унеб нух ккун чIун ратана гьезда Хунзахъа ва цоги авалаздаса кумекалъе щварал бояз ва Уриса, Мукъариса ва цоги тумазул росабалъа шагьасда гъункараб дандечIей гьабизе, гьесул кверщаликьа эркенлъизе гIоло рагъ гьабизе къватIире рахъарал лаказул боял. Къажаразда бичIчIана жал тIуранго сверун ккун рукIин.

Гьениб, 1741 аб. соналъул 28 аб. сентябралда, МохIоб аскIоб бугеб «Мах1ела-к1анах1ури» абулеб бакIалда къажаразулгун ккана кутакаб, шагь тIуванго ГIандаллъиялдаса нахъе лъутизавураб, ахирисеб рагъ. Гьеб рагъулъ къажаразул кIудиял камиял ккун рукIиналъе нугIлъи гьабула аваразул тарихияб кочIол гьадинал мухъазги:

**«…Рикьи хьалеб хурив къогоявги чIван,**
**Къали хьалеб хурив нус-нусго чIвана,**
**Ракул хIама щвечIеб махIадерил мегъ**
**Къажаразул иххид гьогьго гьабуна…».**

Гьедин рогьояб куцалда къей лъарав Надир 1741 соналъул 28 аб. сентябралда (29 аб. сентябралда), хутIараб аскаргун цадахъ ГIандаллъиялдаса тIуванго нахъе лъутана.

ТIоцеве Гъумекиве ва гьенисаги Дербенталде щвезегIан аскаралгун цадахъ шагь нахъе къазе чара гьечIевлъун ккана. ТIокIав гьев тIадвуссун Дагъистаналде ва ГIандаллъиялде вачIине бегьунгутIиги рес гьечIолъиги бихьизабулаго жидеего хасиятаб куцалда шагьасул къей махсароде ккураб куцалда бихьизабун буго магIарулаз шагьасул гьеб нахъекъай «Надир-шагь щущахъ вихххизави» абураб нилъер халкъалъул машгьураб кочIолъги:

**«…Гьениса лъутараб къажаразул бо**
**Хвалчаца бацIана гIолохъабаца.**
**ЦIоралъул коралда керен цузегIан,**
**Хъамуна Надир-шагь магIарулаца.**
**Гьаб рачIараб сапар харбийги тела,**
**ТIадруссун рачIани, гIияхъе хъвехъла,**
**МохIоб кIалтIуниса кIатIараб хвалчад**
**ЦIоралъул кавуда цIар хъван рагIула».**

Халкъалъул кIалзул асаразулъ, биценазулъ, тарихиял кучIдузулъ рехсон руго ГIандалазул ракьалда къажаразул аскаразулгун букIараб гьеб рагъулъ бахIарчилъи ва къуркьи гьечIолъи, бихьинчилъи ва къо хIехьей бихьизабурал ва жидерго рухIалда барахщичIого рагъарал тIадмагIарухъа: КIкIаралаздаса (КIаратIа, ГIарчо, Маштада, ТIасияб ва Гъоркьияб Инхело, Рацилъ, Рачабулда, ТукIитIа, Сивухъ ва гь.ц. росаби). КIуядаса (Гъуниб районалъул КIуяда), ТIиндалаздаса (ТIинди, Акнада, Ангъида, ТIисси ва гь.ц. росаби), Анкьракьалдаса (ЛъаратIа

район ва БежтIа участкаялъул росаби), Хьиндалаздаса (Унсоколо районалъул тIолалго ва Хьаргаби районалъул цо-цо росаби), НахъбакIалдаса (гьанже: Салатау-Гумбет, Казбек районалъул росаби), Кьенсерухъа, Мукракьалдасагун Къарахъа (гьанже ЧIарада районалъул Гьочоб, ЦIулда, Кьорошиб ва гь.ц. гIемерал росаби), Хунзахъа (гьанже Хунзахъ районалъул росаби), Гьидалъа (ГIурада, МачIада, ГьентIаб, Лъахъ, ХIотода, НакIилъ, ТIидиб ва гь.ц. росаби), Къелеса (Ругъельда ва гь.ц. росаби), ТIелекьа (гьанже Шамил районалъул росаби), Багъвалиса (Хуштада, Кьондода, КIванада, Гьимерсо, Кьисси, Кьибишо ва гь.ц. росаби), ЧIамалазухъа (ТIасияб ва Гъоркьияб Гьаквариб, Гьигьалъ, Гъадири, Агъвали, Ричаганих), ТIиндалазухъа (гьанже ЦIумада район), КIкIаралазухъа (гьанже ГIахьвахъ район), ГIандиса (гьанже Болъихъ район ва гь.ц. росаби), тумазул ракьалдаса ва гьел гурел цогидалги бакIаздасагун вилатаяздаса гIандалазе хIалае рачIарал боязул ва гьел боязе нухмалъигун цебехъанлъи гьабурал, жалгоги бахIарчилъиялда рагъарал бодул церехъабигун хIинкъи-къай гьечIел рагъухъаби: Чупаласул (МегIеркIичI), Хвеласул, Къачан-Давудил ва гIандалазул гьунар тIокIав рагъухъан МухIамад-Гъазил, Сугъралъа АхIмадилгун ГIайшатил, ГIандалазда боязе гIаммаб нухмалъи гьабурав Сугъралъа Пир-МухIамад-къадил, ЧIохъа Мадиласул, Будайил, МохIоса Дамаданил, Ругъжаса Амирасулгун Гунащил, БацIадаса ГIандалазул бодул цевехъан Галасул, Ругъжаса ГIамирасуласул, ГIобохъа ШагIбанил, Гьонодаса Запир-Замирил (ХIедумегIер); Къарахъ вилаяталдаса НурмухIамадил, ХIажи-Мусал, МухIамад-Нурил, ГIисал Ибрагьимил, Мурухъа ГIантасул, Гьочоса ГIамирил ва Муллал, Рилъаса ГIисал, НахъбакIалдаса Тахтал, Гьидалъа Денгал, Хунзахъа Нуцал Давуд-бегил, Дайтилазул, Огъузилазул, гьенисаго бодул церехъаби Анцухъа Гелегалгун Денгал, ЧIаралдаса МухIаммад Халилил, Ибрагьим Диванил, ХIажи-ГIалил ва ХIажи-Муртузил, Унсоколоса Малачил (Маладжа), Гъумекиса Сурхай-ханасул васал Хан-МуртазагIалил ва МухIамад-бегил, Табахлуялдаса ГIабдуразакъил, Кулиялдаса Чупанил, Къуркълиса Къурбанил, Къелеса ГIали-Апандил, Ругъжаса ГIамирасуласул, Сохъа Анкькилищил, Хосрехалдаса АхIмадил, Къалухъа Мирзал (Табасараналдаса шагIир), Хучниялдаса СултIанбегил, магIарухъа гIалимзаби ва гIакълучагIи: ГIаймакиса Абубакарил, Гьидалъа Ибрагьим-ХIажил, Кудалиса Ибну Салманил, МачIадаса ХIажи-Апандил ва гь.ц. (нилъеда лъачIого хутIарал) бакIаздаса боязул ва гьезул (нилъеда жакъа цIарал лъаларел) церехъабазулгун рагъухъабазул цIарал. Цинги, киналго цолъарал боял тIаделъун, босана ахирисеб гIадан божулареб гIадинаб, шагьасул аскарал лъутизарулеб бергьенлъи, Дербенталде щвезегIан хадур унги гъурана нилъер бахIарчиял бодулаз гьел ахIичIого рачIарал гьалбал.

Октябралъул байбихьуда (1741 с.) гъурун нахъе хутIараб армиягун Надир тIад вуссингун, гьес данде росана Дагъистаналде гьабураб битIккечIеб чабхъеналъул хIасилал. ХIасилазул бицунаго, гьеб сапаралда шагьасда цадахъ вукIарав Ираналда вугев Россиялъул резидент–жасусиял мурадазда халтIулев Россия пачалихъалъул Иран шагьасда аскIов вукIарав дипломатияв вакил И.И. Калушкиница хIисаб гьабухъе, «шагьасул министерзабаз ва бодул церехъабаз, Надирил ццин бахъиналдаса хIинкъун, гIемераб жо бахчана ва жидерго камиязул хIакъалъулъги кIванагIан дагь бицана». Гьединаб куцалда гьарурал хIасилазда рекъонцин, Авариялдаса тIадвуссунаго шагьасе камуна, чIваралги, лъукъаралги, кверде росаралги малъун, 11345 рагъухъан. Дагъистаналде гьабураб чабхъадул хIасилалда ккарал камиял абуни, ращалъана 42278 чиясда. Амма ираназул хIакъикъиял камиял рехсарал тарихаздаса гIемерго цIикIкIарал рукIана: Калушкинил баяназда рекъон, 100 азарилаб армиялъул нахъе хутIана рагъуе ярагьунев 25-27 азарго чи. Гьелде тIадеги, тушманасе камуна 33280 варани, гIорцIен ва чу, гьитIинабги кIудиябги 79 гIарада, цIикIкIарасеб бутIа рагъулал сурсатазул.

Гьелде тIадеги, дагъистаниязе щвана меседилги гIарцулги гIемерал алаталги гIарацги. Гьедин, тушманасдаса бахъунги магIарулазе щун буго гьединго Надир-

шагьасухъ букIараб Тимурил хвалченги, чол меседилаб кьилиги, гьесул байрахъ ва шагьасул живго бетIергьанаб тажги – коронаги (хадуб гьеб Имам Шамилихъе щола, амма 1859 соналда магIарулаз гьесул кира тIутIураб мехалда гьезул хазинаялда цадахъ букIараб гьебги тала гьабун ун буго) ва гь.ц.

Гьеб киналдасаго хадуб шагь гIодове виччазавизе кIоларого рукIана гьесул бодул церехъаби. Гьанже тIокIаб рес къотIарав гьес хIалбихьана магIарулазул церехъаби ричун росизе, гьезда лъикIаб бицун, гьел жиндир пачалихъалде гъорлъе рачIинаризе. Амма гьелъ хIасил кьечIо. ТIадежоялъеги гьез жив махсароде ккун рачIарал кагътаз ццин гьалаг гьабулеб букIана гьесул.

Ццидаца гьалаглъун гIодулев ва Аллагьасде хьандолев вукIарав шагьасул ццин жегиги гьалаглъана, жив къабихIги гIад–хочIги гьавулеб, хундерил ханасул кагъат бачIараб мехалда. Гьедин, хундерил ханас Надирихъе битIун буго гьаб магIнаялъул кагъат:

*«Дуца дида гIайиб чIвалеб буго дун духъе икрам гьабизе вачIинчIогойилан, – абун хъвалеб буго гьелда. – Дун гьедин вачIинчIого чIана, щай гурелъул дун, дуе магIарулазул гIадаталда рекъон дандчIвайги гьабизе ва мун нухдаги тIовитIизе, дихъе мун вачIиналъухъ валагьун чIун вукIиндал. Дида рагIана нижер гIухьбуздаги гьоркьоб кьабгIей ккун букIанилан (ГIандалазда ккараб рагъ абулеб магIна. – М.А.). Божа мун, дир лъикIал рагъухъабаз гьениб гIахьаллъи гьабичIо ва дида гьел гьелде риччазеги кIвезе рукIинчIо, щайгурелъул вехьасул васгун рагъизе цохIого гIухьбузда гурони рекъон букIунарелъулха. (Надирил риж гIодобегIанаб тухумалъул букIиналде гьабулеб ишара, цо-цо баяназда рекъон, гьесул эмен вехь вукIун вугин абула, амма гьеб жеги мухIканго чIезабун гьечIо. –М.А.). Гьеле, гьеб гIиллаялъе гIоло, нижер гIухьбузда кодоб цIикIкIараб къадар асир гьарурал персиялъул руччабазул, варанабазул, гIурцIмазул, чуязул ва гIарац-меседалъул бихьидал дир лъикIал рагъухъабаз дида гIайиб гьабуна жидее гьелъул щибгIаги щвечIогойилан (цо-цо баяназда рекъон, бечелъиялда цадахъго, Дагъистаналда гъоркь хутIун руго Надирил хIарамалдаса (гарем –М.А.) цо-цо руччабиги. Щай мун нижехъе магIарухъе вачIарав ва гьаниб гьабгощинаб бечелъи гъоркь тараб? Нижергун гурелъулха дур вацасулги иш букIараб (Надирил вац Ибрагьим-хан. –М.А.), гьев чIвана ЧIар-Билеканалъулаз (чIараз). Довги вукIана мунго гIадин тIури щварав ва гьанив мугIрузда лъугьана довги бетIер биххун. Дица дуе гIакълу кьолеб буго – мун хехго Ираналде нахъ вусса ва тIокIав нижехъеги вачIунге, гурони нижеца жужахIалъуве витIизе вуго дова дуда дурго вац ватизе вукIине (1738 соналде ЧIар-Билеканазда вацго гIадин, нижеца мунги чIвазе вугин абулеб магIна. – М.А.). БитIун абуни, нижеда рагIун рукIана дур чIахIиял ишазул хIакъалъулъ ва байбихьуда дудаса хIинкъунги рукIана. Амма дур машгьураб заман ана. Гьанже дудаго бихьулеб буго: дулъ бажаруларевгIан кутакав ва хIинкъи цIикIкIарав чи мун гуревлъи» (кьуна цо дагьабго къокъги гьабун).*

Гьединабго магIнаялъул кагътал шагьасухъе ритIун руго Аваристаналъул цо-цо цогидалги бутIрузги, Сурхай–ханасул вас МухIамад-бегицаги, Мехтулиялъул ханасги, Хайтакъалъул уцумиясги.

Надир-шагьасул аскаразе ГIандалазда ккарал кIудиял камиязул хIакъалъулъ ГIандалазул росабалъ цIунун хутIун буго гьадинаб бицен. Сапаралъ къватIире рахъунаго шагьас буюрухъ кьурабила жиндирго аскаразул щивав рагъухъанасе, жидерго хьитазда жанибеги бан, цадахъ ракь босизе. ГIандаллъиялдеги щун рагъ гьабилалде цебе гьез цо бакIалда хьитазда жанисан ракь гIодобе бан хадуб гьениб тIубараб мегIергIан кIудияб, 100 сажень (I сажень – 3 гIарщин ялъуни 2 метрагун 13 сантиметр) борхалъи бугеб гохI лъугьанила – гьедигIан цIикIкIараб къуватгун вачIун вукIанила шагь ГIандаллъиялде. Рагъдаса хадур Надирил чIаго хутIарал рагъухъаби ГIандаллъиялдаса нахъе унаго гьезул щивас жидецаго гьенибе гохI ккараб бакIалде бан букIараб ракь нахъе босигун, гохIда цо гьитIинабго гъварилъи гурони ккечIила. Гьелъгицин бицунеб буго ГIандаллъиялда ккараб рагъулъ шагьасул аскаралъул цIакъ гIемерав чиясда гьениб гIажал батун букIиналъул. Гьелъул хIакъалъулъ халкъияб кочIолъ абун буго:

**«Рикьи хьалеб хурив къогоявги чIван,**
**Къали хьалеб хурив нус–нусго чIвана…»** – абун.

ГьедигIан гIемер чи гъуранила ГIандаллъиялда гьеб рагъулъ къажаразул.

Гьайгьай, цIакъго кIудиял камиял ккана гьеб рагъулъ дагъистаниязеги. Масала, Сугъралъ бугеб биценалда рекъон, рагъда гIахьаллъарав щивав лъабабилев гIолохъанчи хун вуго гьеб рагъда. Гьединлъидал росулъ анкьго соналъ тIатIала бертаби рукIун гьечIо – гьел гьаризе гIолилал чIаго хутIичIелъул!

## Чияр ракьал рахъизе рукIарал Надирил къасдал Дагъистаналда кIалагъоркье чIвазари

*«Дагъистаналда гъури лъуна Надирица Индиялда, Афгъанистаналда, Гьоркьохъеб Азиялда, Закавказьеялда тIад кверщел гьабун щвараб сурсат–бечелъиялъул кумекалдалъун гIуцIараб ираназул тIаса рищарал аскаразда тIад».*
**Н. А. Сотавов,**
**Дагъистаналъул тарихчи-профессор.**

ГIандалазул жаниблъиялда цебе–нахъ бихьичIеб куцалда жиндир аскар щущахъ биххизеги гьабун, дагъистанияз Надир хутIарал боялгун Дербенталде щвезегIан нахъе къазе тIамуниги, Дагъистан квегъизе рукIарал жиндирго пикрабаздаса шагьас инкар гьабичIо. Гьев гьанже хIадурлъизе жувана халатккурал рагъазде. Гьелъие гIоло Дербенталда тIадехун гьес бана (хадуб жинда «Иран-хараб» – «Ираналъул чIунтел» – абун цIар лъураб) щула гьабураб, чадралги чIван рещтIине бакI – лагерь. Гьениса гьес Табасараналде, Хайтакъалде, Авариялде даргиязул, лезгиязул, лъарагIазул жамагIатазде, гьезие гIадлу–тамихI гьабизе, къокъаби ритIизе байбихьана. Амма гьелъулги хIасил ккоЛареблъи бихьарав шагьас 1742-абилеб соналъул октябрь моцIалда, Дагъистаналъул мугIрузулал халкъазде тIаде гьарулел рагъулал гьужумалги тIадекIанцIиялги тIуранго къотIизеги тун, байбихьана Дагъистаналъул жамагIаталъул бутIрулгун хIакимзаби ричун росизелъун гьезие сайгъат-саламал ритIизе ва гьединаб куцалда гьел жидерго рахъалдехун цIазе. Амма гьелъги кинабгIаги хIасил ккечIо.

Дагъистаниязулгун гьабураб рагъалъ шагьасул къадруяли кин гуреб борхилеб, гьелъул гIаксалда, гьеб рагъулъ рогьояб куцалда гьев къеялъ къойидаса къойиде Надирил къадру хвезе ва гьелъул хIасилалда Ираналъул политикиябгун экономикияб ахIвал-хIал квешлъизе, пачалихъ загIиплъиялъе кутакалда квешаб асар гьабизе байбихьулеб букIана. Гьединлъидал 1743 соналъул февраль моцIалда шагь хIажатавлъун ккана Дагъистаналдаса жиндирго аскаралъул аслияб къуват нахъе бачине.

Ираналъулгун-Турциялъул рагъул заманалда байбихьана Ширваналда ва Дагъистаналда хутIарал боязда данде чIарал халкъазул церерахъинал. Гьеб багъа-бачаригун цолъана Сурхай-ханасул вас МухIамад-бег (МухIамад-хан). Гьес гьеб багъа-бачариялде гIахьал гьаруна эркенал жамагIатазул цолъабазул церехъаби ва гьединго гъази-гъумекдерилгун Табасараналъул халкъал. Гьеб багъа-бачари гIодоб къазабизе ХIайдар-ханасул нухмалъиялда гьоркь Надирица битIун бачIараб Персиялъул аскар дагъистанияз щущахъ биххизабуна. Персиялъул армиялъул гIадатиял рагъухъабаз чIвана живго ХIайдар-ханги.

1745 соналда Хайтакъалъул уцуми АхIмад-ханасул бетIерлъиялда къажаразде данде чIун рагъулел рукIарал дагъистанияз щущазабуна Гъани-ханил аскар ва кверде босана чияр ракьал рахъулезул Дагъистаналда букIараб ахирисеб щулалъи – гьез мугъчIвай гьабулеб букIараб сангар – Дербент. Гьеб мехалъ Дагъистаналде вачIана живго Надир-шагь. Амма гьеб ахирисеб нухалъги гьесие битI ккечIо.

1747 соналъул риидал жиндирго иш цадахъаз, сиясияб, ай, политикиял мурадазе гIоло, гъоркьан рекъон гьабураб балъгояб къотIиялъул хIасилалда ХIабушаналда (Иран) 20 аб. июналъул къаси сардилъ Надир-шагь чIвала (гьесда тIаде кIанцIаразул кIигояв гьес жинцаго живго цIунун, чIван вуго, лъабабилев – СалихI-бекица Надир чIван вуго). Надирица кверщел гьабурал халкъаздаса ва къавмаздаса жуба-гъубан гIуцIун букIараб пачалихъ биххана. Ва гьелъие тIоцебе байбихьи-кьучI лъураб шартIлъун ккана жеги 6 лъагIелалъ цебе – 1741 соналда Дагъистаналде гьабураб рагъулаб сапаралда жинцаго цебе лъураб масъала тIубазабизе Дагъистаналъул халкъаз Надир виччангутIи ва, тIадежоялъеги, ГIандалазул ракьалда гьесие тIокIаб рукIалиде ккезабизе кIоларебгIан кIудияб ками ккун букIин.

Надир-шагьасул бергьун кIудияб армиялда тIад Дагъистаналда бергьенлъи босизе кIвеялъе кIудияб кIвар букIана дагъистаниязда жал цадахъ лъугьун, рекъон къеркьезе хIажат букIин бичIчIиялъул, гьезул тIабигIияб хIинкъи гьечIолъиялъулгун бахIарчилъиялъул ва гьезда жидерго ракьалъул тIабигIиял шартIаздасагун цоги гьечIеб хасаб рагъулаб сихIруялдаса щвалде щун пайдаги босун, жалго цIуниялъе гьеб кинабго рагIа-ракьанде щун хIалтIизабизе лъай-бажариялъул. Гьеб бергьенлъи щвеялъе хасго кIудияб шартIлъун ккана дагъистаниязе жидерго эркенлъи рухIгIан хирияб букIин, ВатIаналде гьезул щулияб рокьи букIин ва гьезда жидер къеркьей битIараб букIин гъваридго бичIчIи. Гьеб бичIчIи гьезул ракIазулъ бижиялъе кIудияб квербакъи гьабуна ираназулгун ва цоги чияр ракьал рахъулезулгун цереккунги халатккун Дагъистаналда унел рукIарал рагъаз. Гьеб киналъгойин ресги кьураб, Дагъистанги квегъун, гьелъул гIадамазул ва рагъухъабазул кумекалдалъун (персаз дагъистаниял рикIкIунаан бахIарчиял рагъухъабилъун) тIолабго Кавказалъул халкъ квегъизе букIараб шагь Надирил пикру кIалагъоркье чIвазабиялъе.

ТIадежоялъеги, дагъистаниязул бахIарчияб къеркьеялъ Надирил рагъулал къасдал кIалагъоркье чIвай гуребги, гьелъ хехлъизабуна гьес квегъарал, нилъер мадугьалихъ ругел халкъаз, жалго эркен гьариялъе гIоло, кодоб ярагъгун шагьасде данде чIараб багъа-бачари байбихьиялъги. Гьеб киналъго, ахир-къадги, рачана шагь Надирица жинцаго квегъарал халкъаздаса гIуцIараб гучаб пачалихъ (империя) биххиялде.

Гьеле гьелдаса хадубин Россиялъ нахъойги байбихьараб Дагъистаналъул халкъалда тIад кверщел гьабизе. Шагь чIваялъул хIакъалъулъ мухIканал баянал жидехъего щун хадуб, Россиялъ байбихьана жидерго кваркьиялда гъоркье Дагъистаналъул халкъалъул вакилзаби рачине, гьезие хириял сайигъатал ритIизе. Шагьасулгун дагъистаниязул битIун хIалуцарал рагъал унел рукIараб заманалда, 1735 соналъул къотIи-къаялда рекъон, жидеца нужее кумек гьабизе бегьуларилан тIирун чIарал гьезие (гIурусазухъе кумек гьарун магIарулал иналъул гIемер хIужаби руго) гьанже, шагь чIван хадуб, гьеб къотIи-къаялъ (гьеб жеги хвезабун букIинчIониги) щибго квал-квал гьабичIо гIурусазе нахъойги Дагъистаналда тIад кверщел гьабизе байбихьизе.

Ва гьанже Россия жиндаса хIинкъулев шагь хун хадуб гIурусаз байбихьана, гIурусгун советияв гIалимчи А.П.Новосельцевас абухъего, Кавказалъул ва гьединго Дагъистаналъул ракьалда жидерго хIакимлъи билълъанхъизабизе – хIакъикъаталдаги хIаллица Кавказалъул халкъал ва Дагъистан Россиялде гъоркье бачине. Амма гIицIго гIемер соназдаса хадуб, 1813 аб. соналъул 24 октябралда рагIалде бахъана Россиялдагун Ираналда гьоркьоб хIакъикъаталдаги Дагъистан ва Кавказалъул цо-цо цогидалги ракьал Ираналдаса Россиялъул къайимлъиялде кьеялъул хIакъалъулъ хIакъикъияб къотIи-къаялъулал хъвай-хъвагIаял («Гюлистаналъулаб къотIи-къай»). Ва жакъаялде щвезегIан (ва хIатта жакъагицин) гьеб талихI къосараб къо, советияв тарихчи В.Б.Виноградовас абухъего, чIун хутIиялъулаб заманалъул гьалипалъ куц лъовухъе, Кавказалъул халкъал (ва гьелдаго гьоркьоб Дагъистанги) «жидеего бокьун» (?!) Россиялде гъорлъе араб заманлъун рикIкIунеб буго.

## 1741 аб. соналда ГӀандаллъиялда Надирил аскар щущахъ биххизабиялъул кӀвар

*«Шагьас Дагъистаналда байбихьараб рагъдаса хадуб Персия пачалихъалъул багъарараб угьди жеги гьоркьоб къотӀулеб гьечӀо…».*

**И. П. Калушкин, Надир-шагьасда цадахъ вукӀарав гӀурус пачалихъияв вакил.**

1741 соналда ГӀандаллъиялда ккараб рагъулъ шагь Надирил аскар щущахъ биххизабиялъул кӀудияб кӀвар букӀана, гӀицӀго Дагъистаналъе гуребги, тӀолабго Кавказалъе, ва хӀатта гьелъул кӀвар букӀана нилъер улка тун къватӀирехун ругел пачалихъазегицин.

Лъалеб букӀахъе, 1741-43 аб. соназда Дагъистаналда Надирил рагъулаб кампания рогьояб куцалда кӀалагъоркье чӀвана. Гьесда кӀвечӀо жинцаго цебе лъун букӀараб масъала гӀумруялде бахъинабизе. Ва гьеб киналъего аслу лъуна ГӀандалазда ккараб рагъалъ. Гьенир гьесул аскарал щущахъ риххизариялъ рес кьечӀо гьесие тӀубанго Северияб Кавказалда тӀад кверщел гьабизе ва гьелъ байбихьи лъуна гьес гӀуцӀараб гучаб пачалихъ (империя) биххиялъе.

Гьедин, Надирида, Дагъистанги квегьун, гьениб щулаго хӀетӀе лъезе киб гурин кӀолеб, гьелъул гӀаксалда, гьеб рагъул хӀасилалда гьесул армия биххизе байбихьана. Гьединаб ахӀвал-хӀал бугебгӀан заманалда рес букӀинчӀо шагьас Россиялде тӀадекӀанцӀи гьабиялъул хабар бицинецин. Гьеб киналъго шагьасул рагъулаб Совет хӀажатаблъун ккана «Дагъистаналъулазда тӀад кверщел босичӀебгӀан заманаялъ гӀурус пачалихъалде гьужум гьабичӀого чӀезе» абун хӀукму гьабизе.

Гьеб гуребги, Дагъистаналъул халкъазул кутакаб дандечӀеялъ загӀип гьабуна шагьасул пачалихъ, дагь гьабуна гьелъул рагъулаб сурсат, квербакъана шагьас тӀад кверщел гьабурал улкабазул халкъазул дандечӀей цӀикӀкӀиналъе ва гьелъ гьезие гьеб гӀемерго бигьа гьабуна. Дагъистаналъул халкъаз шагьас кверщел гьабурал улкабазул халкъазда бихьизабуна «дуниялго жиндаса хӀинкъулев» Надирида тӀад бергьенлъи босизе кӀолеб букӀин. МагӀарулаз шагьасда тӀад бергьенлъи босаралдаса хадуб гьес кверщел гьабурал ракьазда – Грузиялда, Хорезмалда (Гьоркьохъеб Азия), Туркмениялда, Азербайджаналда, Форсалда ва цоги вилаятазда Надирида дандечӀараб багъа–бачариял – восстаниял цӀикӀкӀиналъ бицуна гьел халкъал, дагъистаниялдаса мисал босун, чияр ракьал рахъулев шагьасда данде хӀинкъичӀого рахъине байбихьун букӀиналъе.

Дагъистанияз шагьасде данде гьабулеб къеркьеялда хадуб хӀалуцун хал кколеб букӀана Петербургалдагун Константинополалда (Стамбул). Гьелде кӀудияб кӀвар кьолеб букӀана гьединго Стокгольмалда (Швеция), Парижалда ва Лондоналда.

Гьеб киналдасаго нилъеда бихьула Дагъистаналъул халкъаз шагьасде данде гьабулеб букӀараб рагъул кӀудияб, халкъазда гьоркьосеб даражаялъул кӀвар букӀин.

Аби буго Надир-шагьас Дагъистаналде гьабураб сапаралдаса хадуб Ираналда гьадинаб кици бижанин: «Шагь гӀадаллъун ватани, виччанте гьев Дагъистаналде!» – ян абураб. Узухьда, гьелъул буго кӀудияб ва цӀакъго гъваридаб магӀна.

Гьаниб бакӀ ккун букӀаго, бокьун буго битӀахъего гьелда хурхараб, гьанжелъизегӀан борхичӀеб, амма щивав тарих ва гӀагараб Дагъистан бокьулес пикру гьабулеб кӀвар цӀикӀкӀараб суал борхизе. ТӀадехун бихьизабухъе, ГӀандаллъиялъул ва тӀолгодагъистаналъул халкъазул бергьенлъиялде данде кквезе гӀолареб, бакӀ гьечӀеб букӀаниги, 1240 аб. соналда шведазулгун букӀараб рагъда бергьенлъи босиялъе гӀоло Александр Ярославичасе кьун буго рагъ

букIараб бакIалъул хIурматалда «Невский» (Неваялъулав) абураб цIар. Ва чIезабун буго гьеб нилъеца бицараб 1242 соналда Чудское хIорихъ щвараб бергьенлъиялъе гIоло гьесул цIаралъул орден. Амма Дагъистаналъул мугIрузда магIарулаз босараб бергьенлъиялъе квербакъарал церехъабазул цIаралцин (!) жеги мухIканго лъазарун гьечIо. Гьеб лъил гIайиб? ТарихчагIазул гуребищ? Щай, масала, «Сурхай-ханасул» орден букIине бегьулареб? Щай Мамаев Курганалда, Бородиноялда, Куликовалъул рагъул майданалда, Полтавалда кIуди-кIудиял памятникал рараб мехалда, гьединабго къеркьей букIараб ва магIарулаз бергьенлъи босараб ХицIиб мегъалъул цIар, гIицIго халкъияб кочIолъ гурони, хъван батулареб, магIарул рагъухъабаз бихьизабураб бахIарчилъиялъул рахъалъ гьел рагъаздаса бергьарал ва кIвар дагьаб гьечIел Надир-шагь щущахъ виххизавиялъул ва гьединго Даргъоб, Даргиназулаб экспедициялда гIурус пачаясул аскаразе кьаби щвезарурал рагъазул бицине цо заманалъ гьукъунцин букIараб? ТIадежоялъеги, щай адабияталда гьеб рахъалъ гIурусазе ккараб зарал бахчизе, дагъистаниял гIасиял, гIалхулал гIадамал рихьизаризе яхI бахъулеб букIараб?

Кинаб къиматха цIигьабун гIуцIиялъе кьезе кколеб халкъалъул тарих жакъаги гьезул жидерго бераздаса архивазда бахчун тун бугеб ва гьезул церехъаби кIочон тезарун, гьезда табу лъун бугеб мехалда? Шамилил цIарни кинниги кIиабизеги (гьеб цебехунги 1956 с. гьабун букIана) ритIухъ гьабизе кIвана, амма гьелда цебесеб нилъер тарих кибха бугеб? Гьеб абуни нилъер лъидасаго бечедаб ва бахIарчияб буго. ГIурусгун советияв хъвадарухъан П. Павленкол рагIабаздалъун абуни: «…Рим, Бородиноялъул авлахъ, Перекопго гIадин, Дагъистанги ккола кIудияб таварихалъул бетIергьанлъун…» («Дагъистаналъул хIакъалъулъ рагIи» тIехьалъул 13 гьумер). Кидаха нилъеца Надир-шагьасулгун букIараб къеркьеялъе битIараб ва мустахIикъаб къимат кьезе бугеб?

Таварих хисуларо. Хисула гьелъие къимат кьолезул пикраби, хисула гIадамал, хисула заман. Хасго нилъер тарихчагIазул ва нилъер улкаялда. ГьанжелъизегIан нилъер тарих чанцIулго батIи-батIияб рахъалдехун хис-хисизабуна. Гьеб киналъго цIакъ квешаб асар гьабуна нилъер адабияталъе, тарихиял асаразе – гьел рухIана, нахъе рахъун ана, гьеб лъалезда «халкъалъул тушбабазул» дангъваги чIван, гьезие Сибир къотIана.

Гьанжениги заман щун гьечIищ, гьеб киналъего битIараб къиматги кьун, гIицIго цо-цо заманалъе ва гьелъул церехъабазе гуребги, тIолабго нилъер таварих битIун хъвазе байбихьизе?!

Кида нилъер таваккал гIезе бугеб Сталиницагун Ежовас, Ягодацагун Берияца хабалъ букъараб нилъер хIакъикъияб таварих гьениса къватIибе бахъизе?!

ТIадехун рехсараб кинабгоги хIисабалде босун, гьелъул кьучIалда жакъа къоялда (нижер пикруялда) гьаризе байбихьизе чара гьечIеллъун кколел хIалтIабазул хIакъалъулъ гьаниб ахиралда загьир гьабизе мустахIикъаблъун бихьула хадуб рехсараб хIасилалъул пикру:

НекIого заман щун буго Надирида данде Дагъистаналъул халкъалъ гьабураб хасго ГIандаллъиялда ккараб рагъул хIакъалъулъ, хасаб, щвалде щвараб ва камилаб хIалтIи хъвазе. Гьелъие тIолалго улкаялъул архиваздаса, ва гьединго Бакъбаккул улкабаздаса, ва цоги бакIаздаса кинабго хIажатал баянал ракIариялде цохIониги къо нахъбахъичIого тIаделъизе. МустахIикъаблъун бихьула гьединго магIарулазул цадахъаб къуваталдалъун шагь Надирил аскаразе аслияб кьаби щвезабураб бакI хIисабалда, ГIандалазул кIкIалахъ, гьеб рагъ ккараб бакI ХицIиб майданалда бараб мемориалияб комплекс-музеялде унеб нухбикьуда «Ле нухлулав! Лъалхъе ва цIале гьаб: 280 соналъ цебе 1741 аб. соналъул сентябрь моцIалда гьанив щущахъ виххизавуна къей гьечIев рагъул цевехъан Иран–шагь Надир Афшарги гьесул бергьун кIудияб аскар. ЦIале гьаб ва наслабазего нахъе цIунун те!» – абун тIад хъвараб игIлан лъезе.

Индиялъул пачалихъиявгун сиясияв хIаракатчи Джавахарлал Неруца (1889-1964 сс.) абун буго: «Араб кидаго нилъгун хутIула ва нилъгун букIуна.

Гьеб бичIчIунгутIи ккола жакъасеб хIакъикъат бичIчIунгутIилъун», – абун. Гьесго абун буго: «…нилъер гIоларел рахъазул аслияблъун ккола, щибниги иш гьабиялдаса цIикIкIун, нилъее гьелъул бицун чIезе бокьулеб букIин». ТIадехун рехсараб киналъулгоги гьебго къисмат ккечIого букIинелъун, лъикI букIинаан гьаниб гъоркьехун кьолеб, нилъеца гьаризе мустахIикъаллъун дида рихьулел тадбиразул сияхI цо бутIаниги гIумруялде бахъинабизе бугебани:

1. ХицIиб майданалда бараб «ВатIан» мемориалияб комплекс-музеялъул халтIи чIаголъизаби мурадалда, 2006 соналъул 13 январалда Дагъистан Республикаялъул ХIукуматалъ къабул гьабураб № 2-аб. хIукмуялъул тIалабалда рекъон, гьенире рихьизарун рукIарал штатал тIадруссинаризе (гьенибе бихьизабун букIараб микьго/!/ штаталъул бакIалда, гьабсагаталда гьениб гIицIго хъаравуласул кIиго штатги тун, щуго/!/ штат нахъе иналъ, музей халтIулеб гьечIо) ва, 1741 соналда Надир-шагьасул аскараздаги Дагъистаналъул мугIрузул халкъазул цолъарал бояздаги гьоркьоб ккараб рагъулги гьениб нилъеца босараб бергьенлъиялъулги хIакъалъулъ хъварал асарал рахъизелъун, «ВатIан» абун цIар лъураб хасаб газета, журнал, ялъуни Интернетсайт рагьизе тадбирал гьаризе.

2. ГIелмиялгун педагогикияб жамагIатазе ва журналистазе Дагъистаналъул мугIрузул халкъазул цолъарал бояз 1741 соналда босараб бергьенлъиялъул хIакъалъулъ материалал цIикIкIун хъвазе лъикIаблъун бихьизабизе. Гьелъие гIоло щибаб соналъ бищунго лъикIал литературиялгун художествиял ва музыкалиял асаразе гIоло Дагъистаналъул журналистазул, хъвадарухъабазул ва художниказулгун композиторазул Союзазул цадахъаб конкурс лъазабизе.

3. МахIачхъала – Гъуниб – ЧIохъ – ХицIиб – МохIоб – Гъумекиб – МахIачхъала ва Дербент – Гъумекиб – ХицIиб – ГIаймакиб ва гь.ц. турмаршрутал рагьизе ва туристазегун экскурсантазе гьеб маршруталъул, гьел авал-ракьазул тарихалъул хIакъалъулъ мухIканго бицараб тIехь-путеводитель къватIибе биччазе.

4. ЛъикIаблъун рикIкIине Дагъистаналъул гIелмияб централъ (ДНЦ РАН) республикаялъул гIалимзабазда гьоркьоб конкурс лъазабизе:

а. Дагъистаналъул халкъал къажаразда данде къеркьеялъул хIакъалъулъ бищунго лъикIаб монографиялъе;

б. Гьеб темаялда хурхараб Дагъистаналъул халкъазул фольклоралъул цIехрех гьабиялъе;

в. Гьебго темаялда хурхарал кьучIал, гIаммал ва хасал хIалтIаби хъваялъе.

5. Дагъистаналъул гIалимзабазе лъикIаблъун бихьизабизе 1741 соналда Надир-шагьасул аскараздаги Дагъистаналъул мугIрузул халкъазул цолъарал бояздаги гьоркьоб ккараб рагъулги, гьениб нилъее щвараб бергьенлъиялъул хIакъалъулъги хъвалел хIалтIаби къадаралъул ва гъварилъиялъул рахъалъ цIикIкIинаризе.

6. КъватIисел мацIазда хъварал хIалтIабазул хIакъалъулъ хасаб тIехь биччазелъун, 1741 соналда Надир-шагьас Дагъистаналъул мугIрузде гьабураб рагъулаб сапаралъул хIакъалъулъ къватIисел пачалихъазул архивазда цIехрехал гьари цIикIкIинабизе.

7. Дагъистаналъул гIелмияб централъул (ДНЦ РАН) Востоковедениялъулаб отделалъе лъикIаблъун рикIкIине Надир-шагьасул заманалъул гIадамал ва гьесул мирзаби: МухIаммада-Казимил, Мирза МухIаммад Мехти-хан Астрабадил, МухIаммад Аль Хазинил, Джонс Ханвейил ва гь.ц хIалтIабазул таржамаби гьаризе ва басмаялда рахъизе.

8. Дагъистаналда Надир-шагь щущахъ виххизавуралдаса 250 сон тIубаялда хурхун 1991 соналъул 20 сентябралда МахIачхъалаялда тIобитIараб регионалияб гIелмияб конференциялъул материалал басмаялда рахъи тIалаб гьабизе.

9. ЛъикIаблъун рикIкIине 1741 соналда Надир-шагьас Дагъистаналъул мугIрузде гьабураб рагъулаб сапаралъулги гьениб ккараб рагъулги хIакъалъулъ

Дагъистаналъул гIалимзабаз хъварал макъалаби «Россиялъул кIудияб» ва «Россиялъул тарихияб» энциклопедиязда, цогиги энциклопедиял-басмабазда рахъизе тIалаб гьаби.

10. Республикаялъул ва улкаялъул басмаханабаз рахъизе, гьанже цIакъго къанагIаталлъун ккарал цо-цо тарихиял тIахьал («Хроника войн Джара в XVIII столетии», М. Р. Аруновалъул ва К. З. Ашрафянил «Государство Надир-шаха Афшара» монография, гьединго А. И. Тамайил, Н. А. Сотавовасул, В.Г.ХIажиевасул тIахьал, Надир-шагьида цадахъ рукIарал гIурус резидентал: В. Братищевасул ва Н. И. Калушкинил кагътал, М. Хуршиловасул «ГIандалал» пьеса ва къиса, Н.К. Наримановасул (1870-1925) «Надир-шагь» тарихияб трагедия ва гь.ц.).

11. Дагъистаналъул Культураялъул министерствоялъе лъикIаблъун рикIкIине М. Хуршиловасул «ГIандалал» пьеса республикаялъул миллиял театразда цIидасан бихьизабизе ва щибаб соналъул сентябралда ВатIан бокьиялъулгун халкъиял кьалул кучIдул ахIиялъул рахъалъ конкурсал тIоритIизе.

12. Республикаялъул киналго райгазетазда щибаб сонил сентябралда, 1741 соналда Надир-шагьасул аскараздаги Дагъистаналъул мугIрузул халкъазул цолъарал бояздаги гьоркьоб ккараб рагъулги гьениб нилъеца босараб бергьенлъиялъулги хIакъалъулъ хъварал асарал хасал гьурмазда рахъизе.

13. Дагъистаналъул росабазулгун районазул администрациязе лъикIаблъун бихьизабизе 1741 соналда Надир-шагьасул аскараздаги Дагъистаналъул мугIрузул халкъазул цолъарал бояздаги гьоркьоб ккараб рагъул цIарлъалел гIахьалчагIи: Чупаласул (МегIеркIичI), Хвеласул, Къачан-Давудил ва ГIандалазул гьунар тIокIав рагъухъан МухIамад-Гъазил, Сугъралъа АхIмадилгун ГIайшатил, ГIандалазда боязе гIаммаб нухмалъи гьабурав Сугъралъа Пир-МухIамад-къадил, ЧIохъа Мадиласул, Будайил, МохIоса Дамаданил, Ругъжаса Амирасулгун Гунашил, БацIадаса ГIандалазул бодул цевехъан Галасул, Ругъжаса ГIамирасуласул, ГIобохъаса ШагIбанил, Гьонодаса Запир-Замирил (ХIедумегIер), Къарахъ вилаяталдаса НурмухIамадил, ХIажи-Мусал, МухIамад-Нурил, ГIисал Ибрагьимил, Мурухъа ГIантасул, Гьочоса ГIамирил ва Муллал, Рилъаса ГIисал, НахъбакIалдаса Тахтал, Гьидалъа Денгал, Хунзахъа Нуцал Давуд-бегил, Дайтилазул, Огъузилазул, гьенисаго бодул церехъаби Анцухъа Гелегалгун Денгал, ЧIаралдаса МухIаммад Халилил, Ибрагьим Диванэл, ХIажи-ГIалил ва ХIажи – Муртузил, Унсоколоса Малачил (Маладжа), Гъумекиса Сурхай-ханасул васал, хан-МуртазагIалил, МухIамад-бегил, Табахлуялдаса ГIабдуразакъил, Кулиялдаса Чупанил, Къуркълиса Къурбанил, Къелеса ГIали-Апандил, Ругъжаса ГIамирасуласул, Сохъа Анкькилищил, Хосрехалдаса АхIмадил, Къалухъа Мирзал, Хучиялдаса СултIанбегил, магIарухъа гIалимзаби ва гIакълучагIи: ГIаймакиса Абубакарил, Гьидалъа Ибрагьим-ХIажил, Кудалиса Ибну Салманил, МачIадаса ХIажи-Апандил ва гь.ц. рагъухъабазул ва рагъулал церехъабазул портретазул галерея гIуцIиялъе тадбир ва гIарцулаб квербакъи букIинабизе.

14. ЛъикIаблъун рикIкIине 1741 соналда Надир-шагьасда тIад Дагъистаналъул халкъаз босараб бергьенлъиялъул хIурматалда хасаб медаль къватIибе биччазе.

15. Дагъистаналъул бусурбабазул Духовнияб управлениялда гьаризе къажаразулгун аслиял рагъал ккарал бакIал (Дербент, Гъумекиб, ГIаймакиб, ХицIиб, МохIоб ва гь.ц.), зияраталъ бусурбаби хьвадизе мустахIикъал бакIаллъунги рихьизарун, щибаб сонил сентябрь моцIалъул ахиралда гьел бакIазде зияратал тIоритIизе мустахIикъал байрамкъоялльун лъазареян.

* * *

Нилъее жакъа, хIакъикъаталдаги, заман щун буго, киналъего битIараб къиматги кьун, нилъер бахIарчияб таварихалъул меседилаб гьумер цIи гьабизе ва гьелъул хIакъалъулъ битIарал, щвалде щварал асарал хъваялде тIаделъизе.






ВОРОТА
ШАМИЛЕВСКІЯ

Индекс годовой - 63333
Индекс полугодовой - ПМ962

# Гьудуллъи

*БацӀцӀадаб магӀарул мацӀ,*
*МагӀнаяб адабият,*
*Арабги, гьанжесебги –*
*Гьале дуе **«Гьудуллъи».***

*Нилъерго гӀадат, гӀамал,*
*Кици, бицен, махсаро;*
*Хабар гьуинаб гьобол –*
*Гьудуллъун ккве **«Гьудуллъи».***

